**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIM BERIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

*Qol jazba huqi’qi’nda*

UDK: 894.375:8-1

**MAMUTOVA NARGIZA XOJANIYAZOVNA**

(Magistrantti’n’ familiyasi’, ismi, sha’ripi)

# XIX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’nda Ahmet Yassawiy da’stu’rleri

( Magistrlik dissertaciya temasi’ )

**5A 120101 – A’debiyattani’w ( qaraqalpaq a’debiyati’ )**

( qa’nigeliktin’ shifri’, ati’ )

Magistr akademiyali’q da’rejesin ali’w ushi’n jazi’lg’an dissertaciya

MAK da jaqlawg’a ruxsat

Magistratura bo’limi basli’g’i’

________ doc. Gulimiv A

Kafedra basli’g’i’ _______f.i.k. Nizamatdinov J

Ilimiy basshi’ ________ f.i.d. Ja’rimbetov Q

No’kis – 2014

# Tema: XIX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’nda Ahmet Yassawiy da’stu’rleri

## Mazmuni’

Kirisiw……………………………………………………………………3-6

Tiykarg’i’ bo’lim

**I BAP.** Tasawwif ta’limati’ ha’m Xoja Ahmet Yassawiy

1.1. Tasawwif ta’limati’ni’n’ qa’liplesiw basqi’shlari’ ha’m rawajlani’w tariyxi’……………………………………………………………………..7-16

1.2.Xoja Ahmet Yassawiy hikmetlerinin’ ideya - tematikali’q mazmuni’..16-21

**II BAP.** XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’nda shi’g’i’s poeziyasi’ da’stu’rleri

2.1. Ku’nxoja lirikasi’na Yassawiy ta’limati’ ta’siri ……………………….25-33

2.2. Berdaq poeziyasi’nda Yassawiy ta’limati’ni’n’ sa’wleleniwi ………..33-59

**III BAP.** A’jiniyaz lirikasi’nda Ahmet Yassawiy da’stu’rleri

3.1. A’jiniyazdi’n’ suwfiylik poeziyasi’……………………………………..63-66

3.2. A’jiniyaz lirikasi’nda Yassawiydin’ poetikali’q obraz

jasaw da’stu’rleri ………………………………………………………..67-82

Juwmaq……………………………………………………………………..83-84

Paydalani’lg’an a’debiyatlar……………………………………………….85-88

# Kirisiw

“ Ulli’ babalari’mi’zdi’n’ ruwxi’na, sonday - aq tariyxi’ ha’m ma’deniyati’ g’a’ziynesine u’lken u’les qosqan ulli’ ata – babalari’mi’zg’a, wolar qaldi’rg’an u’lken miyrasqa mu’na’sip boli’w ja’miyetimizdin’ ag’zalari’ arasi’nda ken’ jayi’li’wi’, ha’r bir puqarani’n’ sanasi’nda bekkem wori’n ali’wi’ - bul da jan’a zamanni’n’ a’hmiyetli qa’siyeti ,”- dep atap ko’rsetken yedi prezidentimiz I.A.Karimov.[1]

Haqi’yqati’nda da, tariyxi’mi’zdi’, ruwxi’y qa’diriyatlari’mi’z ha’m miyraslari’mi’zdi’ qayta qarap, wolardi’ tiklew, jan’a ideologiyalar ruwxi’nda u’yrenip shi’g’i’p, keyingi a’wladlarg’a qaldi’ri’w a’hmiyetli ma’selelerden biri boli’p tabi’ladi’. Wo’ytkeni, “ wo’z tariyxi’n bilmeytug’i’n, keshegi ku’nin umi’tqan millettin’ keleshegi joq”.

Jazba a’debiyati’mi’zdi’n’ da’slepki basqi’shlari’ bolg’an XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’n a’debiy miyras bag’dari’nda ha’r qi’yli’ aspektlerde izertlenip shi’g’i’ldi’ ha’m u’yrenilmekte. Atap aytqanda, a’sirimizdin’ 20-30-ji’llari’nda wolardi’n’ qol jazba nusqalari’n ji’ynaw, wolardi’ bir sistemag’a tu’sirip, kitap yetip baspadan shi’g’ari’w si’yaqli’ bir qatar tekstologiyali’q jumi’slar a’melge asi’ri’ldi’. Soni’n’ menen bir qatarda, a’debiy baylani’slar ha’m ta’sirler boyi’nsha da ko’p g’ana miynetler ju’zege keldi. Bunda a’debiyat izertlewshileri N.Da’wqaraev[2], I.Sagitov[3], B.Ismaylov[4], Q.Ayi’mbetov[5], A.Murtazaev[6], K.Ma’mbetov, H.Hamidov, Q.Bayniyazov, B.Qa’limbetov, B.Qurbanbaev, A’.Paxratdinov ha’m basqalardi’n’ ilimiy

---

1 Каримов И.А. Истиқлол ва маънавият. Тошкент. 1994. Б. 19-20

2 Дә□қараев Н. Революцияға дейинги қарақалпақ әдебияты тарийхы очерки. Нөкис. « Қарақалпақстан», 1979

3 Сагитов И. Сахра булбули. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1974

4 Исмайлов Б. Кунхожаның өмири ҳәм творчествосы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1961

5 Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988

6 Муртазаев А. Шайырдың муҳаббаты. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988

izertlew jumi'slari'nda klassik shayi'rlari'mi'zdi'n' shi'g'armalari' tu'rli bag'darda izertlengenligin ko'remiz. A'sirese, a'debiyati'mi'zdi'n' jetekshi janri' yesaplang'an poeziyada xali'q awi'zeki a'debiyati' da'stu'rleri menen bir qatarda shi'g'i's tillerindegi jazba da'reklerdin' ta'sirin u'yreniw ma'selesi azi' – kem bolsa da qolg'a ali'ndi'. Bul bag'darda da'slepkilerden boli'p professor K.Ma'mbetovti'n' "Revolyuciyag'a deyingi qaraqalpaq poeziyasi'ndag'i' shi'g'i's da'stu'rleri" miyneti uli'wmali'q sholi'w bag'dari'ndag'i' miynet bolsa, H.Hamidovti'n' "Shi'g'i's tillerindegi jazba da'rekler ha'm XIX a'sirdegi qaraqalpaq shayi'rlari'" miyneti awi'zeki a'debiyat ha'm shi'g'i's a'debiyati' da'stu'rlerinin' qaraqalpaq lirikasi'ndag'i' sintezleniwi ma'selesine arnalg'an. Wonda Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq ha'm Wo'tesh shi'g'armalari'nda folklorli'q da'stu'rler menen bir qatarda Ahmad Yassawiy, Ma'shreb ha'm basqa da shayi'rlardi'n' do'retiwshilik ta'siri ko'rkem mi'sallar ja'rdeminde analizlenedi.

**Temani'n' aktualli'g'i':** XIX a'sir qaraqalpaq poeziyasi' awi'zeki a'debiyat ha'm Shi'g'i's a'debiyati'ni'n' ta'siri na'tiyjesinde rawajlang'anli'g'i' ba'rshemizge belgili. Klassik shayi'rlari'mi'z shi'g'i's poeziyasi' da'stu'rlerin ,soni'n' ishinde tasawwif iliminin' usi'llari'nan da paydalang'an. Bu'gingi rawajlang'an ja'miyetimizde XIX a'sir qaraqalpaq a'debiyati'na sufizm ag'i'mi' ta'sirin ha'm Yassawiy ta'limati' da'stu'rlerinin' qollani'li'wi'n jan'asha bag'darda ha'm jan'asha ko'z qarasta u'yreniw yen' aktual ma'selelerden boli'p tabi'ladi'.

**Jumi'sti'n' maqset ha'm wazi'ypalari':** Jumi'si'mi'zda Yassawiy hikmetleri menen XIX a'sir klassikleri shi'g'armalari'ni'n' wo'z ara baylani'si'n , ideyali'q uqsasli'g'i'n sali'sti'rmali' tu'rde analizlep shi'g'i'wdi', shayi'rlar shi'g'armalari'nda Yassawiy hikmetlerine ta'n do'retiwshilik da'stu'rlerdin' qollani'li'wi'n u'yreniwdi maqset yetip belgilep aldi'q. Usi' maqsetti a'melge asi'ri'w ushi'n to'mendegidey bir qatar wazi'ypalar a'melge asi'ri'ladi':

- Yassawiy shi’g’armalari’ menen ken’ tu’rde tani’si’p shi’g’i’w;
- hikmetleri tilin, ideya - tematikasi’n belgilew;
- obrazlar sistemasi’, motivlerdin’, ko’rkemlik usi’llardi’n’ XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’nda qollani’li’wi’n u’yreniw;
- XIX a’sir qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’s ta’rizi menen tani’si’p shi’g’i’w;
- usi’ da’wir lirikasi’ni’n’ ideyali’q bag’darlari’n ani’qlaw;
- suwfiylik poeziyasi’ni’n’ basli’ sha’rtleri ha’m woni’n’ XIX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’na ta’sirin ani’qlaw.

**Izertlew jumi’sti’n’ obiekti ha’m predmeti:** Izertlew jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ u’yrenetug’i’n obiekti XIX a’sir qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’ni’n’ wa’killeri Ku’nxoja, A’jiniyaz , Berdaq shayi’rlari’n’ do’retiwshiligi boli’p, woni’n’ izertlew predmeti Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq shayi’rlardi’n’ lirikali’q shi’g’armalari’nda suwfiylik ag’i’mi’, Ahmet Yassawiy da’stu’rlerinin’ qollani’li’wi’ boli’p yesaplanadi’.

**Temani’n’ izertleniw da’rejesi:** Usi’ da’wirge deyingi ilimiy monografiyalarda, baspa so’z materiallari’nda XIX a’sir qaralpaq poeziyasi’na tasawwif ta’limati’ ta’siri, Ahmet Yassawiy da’stu’rlerinin’ qollani’li’wi’ jeterli da’rejede wo’z aldi’na u’yrenilip shi’g’i’lmadi’. Tek g’ana ilimpazlar H.Hamidov, Q.Ja’rimbetovlardi’n’ ilimiy miynetlerinde belgili da’rejede so’z yetiledi.

**Izertlew jumi’si’ni’n’ ilimiy – teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyeti:** Jumi’s bakalavr ha’m magistratura bo’limin pitiriwshi studentlerdin’ pitkeriw qa’nigelik jumi’slari’n jazi’wda ilimiy - teoriyali’q ta’jriybe ha’m a’meliy qollanba si’pati’nda xi’zmet yetedi.

**Izertlew jumi’si’ni’n’ metodologiyali’q tiykari’:** Izertlew jumi’si’mi’zdi’ jazi’w bari’si’nda president miynetleri, wo’zbek a’debiyatshi’lari’ Ibrahi’m Haqqulovti’n’, U.Toyshiev,N.Komilovti’n’,

B.Nazarov ha’m basqalardi’n’ ilimiy - teoriyali’q , monografiyali’q miynetleri metodologiyali’q tiykar boli’p xi’zmet atqaradi’.

**Izertlewdin’ ilimiy jan’ali’g’i’ :** XIX a’sirdegi qaraqalpaq lirikasi’nda Ahmet Yassawiy suwfiylik poeziyasi’ da’stu’rlerinin’ qollani’li’wi’ birinshi ma’rte sistemag’a tu’sirildi ha’m ha’r ta’repleme u’yrenildi.

**Izertlew jumi’si’ni’n’ ilimiy problemasi’:** XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’nda Ahmad Yassawiy ta’limati’ ha’m poeziyasi’ da’stu’rleri, usi’llari’ni’n’ XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda qollani’li’wi’n ha’r ta’repleme u’yrenip shi’g’i’w bu’gingi a’debiyattani’w ilimi aldi’nda turg’an aktual ma’selelerden boli’p tabi’ladi’ .

**Izertlew jumi’si’ni’n’ quri’li’si’:** Izertlew jumi’si’ kirisiw ha’m u’sh baptan ibarat, ha’r bap wo’z ishinde bir neshe bo’limlerge aji’rati’lg’an. Jumi’sti’n’ uli’wmali’q ko’lemi 80 betti quraydi’. Soni’n’ menen birge jumi’sta juwmaqlaw bo’limi ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi berilgen.

# I BAP. Tasawwif ta’limati’ ha’m Xoja Ahmet Yassawiy

## 1.1. Tasawwif ta’limati’ni’n’ qa’liplesiw basqi’shlari’ ha’m rawajlani’w tariyxi’

Tasawwif ta’limati’ wo’zinin’ rawajlani’w tariyxi’na iye boli’p, islam tariyxi’nda VIII a’sir wortalari’nda ju’zege kelgen. Woni’n’ pa’n si’pati’nda qa’liplesiwinde Imam G’azzaliy, Najmiddin Kubra, Faridatdin Attar, Jalalatdin Rumiy si’yaqli’ bir qatar ulamalardi’n’ tiykarlari’ ilimiy da’rek boli’p xi’zmet qi’lg’an. Tasawwiftin’ u’sh g’a’rezsiz jo’nelisi - kubraviya, yassawwiya ha’m hojagan - naqshbandiya bizde payda bolg’an ha’m usi’ jerden islam a’lemine ken’ tarqalg’an. Yassawiya ha’m naqshbandiya ta’limatlari Buxarada Yusup Hamadaniy pirliginde payda bolg’an. Tasawwif ilimi haqqi’nda da’slepki izertlewler Yevropa ali’mlari’ ha’m teoretikleri ta’repinen XVI a’sirde ali’p bari’lg’an boli’p, a’sirese, XX a’sir baslari’nda A.Mec,Aleksandr Kremmeskiy, Artur Arberri, Richard Nikolsin si’yaqli’ bir qatar ilimpazlar bul pa’n boyi’nsha arnawli’ shug’i’llang’an. Rus ali’mlari’ V.M.Bartold, Ye.Yedvardovich, F.Abdumushkin, Ye.Ye.Bertels, wo’zbek ali’mlari’nan V.Zahidov, A.Hayti’metov, N.Komilov, I.Haqqulov, O.Usmonov, H.Baltabaev, S.Ali’mov, H.Hamidiy, B.Nazarov, U.Tuychiev, al qaraqalpaq a’debiyati’nda bolsa M.Ataniyazova, R.Ibragimova ha’m H.Hamidov,Q.Ja’rimbetov ha’m M.Ataniyazova, R.Ibragimovalar bir qatar ilimiy izertlew jumi’slari’n ali’p barg’an.[7]

Tasawwif yen’ da’slep Iranda, XI a’sirge kelip Tu’rkstan, keyinshelik Jaqi’n ha’m Worta shi’g’i’s, Arqa Hindstan, Indoneziya, arqa – bati’s

[7] Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсир қарақалпақ шайырлары . Нөкис. Билим.1991., Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасыны жанрлық қәсийетлери ҳәм ра ажланы тарийхы. Нөкис. Билим. 2004., Жәримбетов Қ. Ашық Зий ар. Нөкис. « Билим», 1998., Атаниязова М, Ибрагимова Р. Тасаввуф ва мумтоз поэтика асослари. Нукус. « Қорақалпоқстон», 2013,

Qi’tayg’a tarqalg’an. Tasawwif ta’limati’ni’n’ wa’killeri a’dep - ikramli’li’q qag’i’ydalari’n tariyxatlar dep ju’ritip, usi’ni’n’ menen birge insanlardi’ ka’millikke iytermelegen. Wo’z tariyxi’y rawajlani’w bari’si’nda 20 g’a jaqi’n tariyxatlar qa’liplesken. Bular:

1. Suxravardiya – 1037-1234 – ji’lg’a shekem
2. Qodiriy – 1077-1166
3. Rifoiya – 1106 – 1182
4. Yassawiya- 1041-1166
5. Kubraviya- 1145- 1221
6. Shozuliya – 1196 – 1258
7. Badawiya- 1199 – 1276
8. Dasunniya – 1246 - 1288
9. Chishtiyya – 1207- 1273
10. Mavlaviyya – 1207- 127
11. Naqshbandiya- 1049 -1272

Solardi’n’ ishinde yen’ ko’zge ko’ringen wa’killeri Xoja Ahmad Yassawiy ( 1041- 1166), Xoja Abduxoliq G’ijdiwaniy ( 1103- 1179) ha’m Bahawatdin Naqshbandiy ( 1318- 1389) lar yesaplanadi’. A’sirese, Ahmet Yassawiy suwfiylik poeziyasi’ni’n’ rawajlani’wi’nda wo’z u’lesin qosqan. Biz woni’n’ ta’limati’ haqqi’nda ayti’p wo’tpesten aldi’n tasawwif, yag’ni’y sufizm so’zinin’ tu’p ma’nisin bilip alayi’q.

Bu’gingi ku’nge shekem tasawwif so’zinin’ tu’p ma’nisi boyi’nsha tu’rli ko’z qaraslar ayti’li’p kelinbekte. Suwfiylik ilimin arnawli’ izertlewshi ali’m Abduhakim Shariy Juzjaniydin’ pikirinshe, tasawwif so’zi “ suf” yag’ni’y ju’n kiyimdi kiyiw, suwpi’ boli’p haq joli’nan ju’riw ha’m da’rwishler tariyxasi’ ma’nisinde qollani’ladi’.[8]

[8] Абдулҳаким Шаръий Ж□зжоний. Тасаввуф ва инсон. Тошкент. « Адолат»,2001. Б.11

Bunnan aldi'n da'slepki ret tasawwif so'zinin' wo'zegi, mag'anasi' tuwrali' da'slepki pikir ha'm gumandi' bildirgen Ibn Haldun boldi' ha'm woni'n' pikiri haqi'yqatli'qqa jaqi'n dep ko'rsetiledi. Wol " Muxaddima" shi'g'armasi'nda: "Tasawwif " suf" - " ju'n" , " posti'n" so'zinen ali'ng'an boli'wi' kerek. Wo'ytkeni, a'yyemnen ta'rkidu'nya qi'lg'an zahidler ju'nnen toqi'lg'an kiyim ya'ki posti'n kiyip ju'riwdi a'det qi'lg'an," - dep wo'z ko'z qaraslari'n bildiredi.[9] Bul ag'i'm da'slebinde zahidlik dep ju'ritilgen, son' woni'n' worni'na suwfiy so'zi IX a'sirde jasag'an Abu Hashim Suwfiy ta'repinen yengizilgen ha'm qollani'la baslag'an. Yevropali' ali'mlari' tasawwifti haq penen tuwri'dan – tuwri' baylani'si'wdi' maqset qi'lg'an insang'a imkan beriwshi islami'y ta'limatlar ji'yi'ndi'si' dep qaraydi'. Tasawwif sonday bir ta'limat, wonda ha'r bir bende sabi'r – qanaatli' boli'p, na'psin ti'yi'p, quday joli'nda wo'zliginen ayri'li'w halati'na yerisedi'. Belgili suwfiy shayi'r Baba Tahir tasawwifti " wo'limi joq wo'mir ha'm wo'miri bolmag'an wo'lim , yag'ni'y na'psi, haywani'yli'q qa'siyet bar wo'mirde wo'lmek ha'm insani'y wo'mirde jasaw,"- dep baha beredi. Woni'n' ideyalari' Quran ha'm payg'ambar ha'dislerine tiykarlang'an. Tasawwif ideyalari' worta a'sirlerde ja'miyettin' barli'q qatlamlari'na wo'z ta'sirin tiygizgen ha'm wolardi'n' du'nyaqarasi'ni'n' ken'eyiwine ali'p kelgen. Sol da'wirde jasag'an ko'p g'ana shayi'rlardi'n' shi'g'armalari' tasawwif ta'limati' menen suwg'ari'lg'an. Sufizm ta'limati'ni'n' bas ideyasi'- ruwxi'y ha'm jismani'y tazalani'w, pa'kleniw arqali' , ruwh penen deneni bir - birine sa'ykeslendiriw arqali' ka'mil insan da'rejesine ko'teriliw ha'm Allataalani'n' diydari'n ko'rmekke mu'na'sip bolmaq boli'p tabi'ladi'.[10] Yag'ni'y, suwfiylar bul du'nya ra'ha'tinen pu'tkilley waz keshiwdi ha'm wo'zin quda joli'na bag'i'shlap, tek g'ana jaqsi' isler qi'li'wg'a, sha'riyat ni'zamlari'na boysi'ni'wg'a, na'psini ti'yi'wg'a shaqi'radi'. Uli'wma alg'anda, tasawwif ruwxi'y pa'kleniw boli'p, woni'n' teoriyali'q ha'm a'meliy

---

[9] □збекистон миллий энциклопедияси. 8 - жилд.Тошкент . «□збекистон миллий энциклопедияси» Давлат илмий нашриёти,2004.Б. 288

[10] Жәримбетов Қ. Ашық Зий□ар. Нөкис. « Билим», 1998, Б.7

ta’repleri bar. Tasawwiftin’ teoriyali’q ta’repi ta’rkidu’nyashi’li’q, yag’ni’y asketizm, misticiz ha’m panteizmnen ibarat. Al a’meliy ta’repi da’rwishtin’ a’dep – ikramli’li’q qag’i’ydalari’na a’mel qi’li’wi’nda, yen’ a’wele Allag’a sadi’q boli’wi’nda, hesh kimge jamanli’qti’ rawa ko’rmeslikte , miynet yetiw arqasi’nda ku’n keshiriw, wo’zgelerge ja’rdem beriwinde,saqi’y ha’m sabi’r – qanaatli’ boli’wi’nda, tasawwiftin’ qag’i’ydalari’n shi’n kewilden wori’nlawi’nda ju’zege keledi.[11] Bul ta’limat xali’q ishinde wo’z - wo’zinen payda bolmag’an. Sebebi, payg’ambar Muhammad Mustafa wo’liminen keyin musi’lmanlar topari’ arasi’nda bo’liniw ju’z berdi. Atap aytqanda , xalifa Usman da’wirinde bayli’qqa kewil bo’liw, qi’mbat bahali’ si’yli’qlar menen ag’ayin – tuwi’sqanlardi’, doslardi’ si’ylaw a’detke aylandi’. Ummaviya da’wirine kelip saraydi’n’ da’bdebeli bezewleri, alti’n – gu’miske beriliw, bayli’q toplawg’a qi’zi’g’i’wshi’li’q arti’p bardi’. Yag’ni’y, dinge, qudayg’a si’yi’ni’wshi’lar worni’n du’nyawiy isler,mal - du’nya ji’ynawg’a qi’zi’g’i’wshi’li’q iyeley basladi’. Bul jag’day dininiy islerdi, si’yi’ni’wdi’ ha’r qanday bayli’qlardan u’stin qoyg’an suwfiylardi’n’ narazi’li’g’i’na sebep boldi’. Wolardi’n’ wo’zleri de diniy ha’reketlerine ko’re yeki toparg’a bo’linedi. Bulardi’n’ bir bo’legi dindi qorg’ap ashi’q gu’reske atlang’an bolsa, yekinshi bo’legi qanaat ha’m zahidti tiykarg’i’ maqsetleri qi’li’p ali’p, saray ja’ma’a’ti, baylardi’n’ ha’reketlerine qarsi’ narazi’li’q belgisi si’pati’nda ta’rkidu’nyashi’li’q ideyasi’n ilgeri su’rip, socialli’q iskerlikten pu’tkilley waz keshken, tek g’ana ibadat qi’li’w, si’yi’ni’w menen shug’i’llang’an. Mine, usi’nday sebeplerge bola tasawwif ta’limati’ xali’q ishinde bayli’q quwg’anlarg’a qarsi’ ha’reket si’pati’nda ju’zege keldi. Ko’pshilik ilimpazlardi’n’ ko’rsetiwinshe, tasawwif ta’limati’ni’n’ qa’liplesiwinde grek filosofiyasi’, zardushtiylik dini, hind filosofiyali’q ko’z qaraslari’ ayri’qsha wori’n iyelegen. Al Iran ali’mlari’, atap aytqanda, “Tasawwif istilohlari sharhi” ( Tehran. 1347 hijriy ji’li’) miyneti avtori’

[11] Фалсафа қомусий луғат. Тошкент. « збекистон файласуфлари миллий жамияти нашриёти», « Шарқ» рашриёти – матбаа акциядорлик компанияси бош таҳририяти», 2004. Б. 389

Sayid Sadiq Guharin tasawwiftin’ payda boli’wi’ ha’m qarar tabi’wi’nda shia mazhabi’ qaraslari’ni’n’ ta’siri bar yekenligin aytadi’. Biraq ta, tasawwif tek wolardi’n’ ideyalari’ menen sheklenip qalmag’an. Islamiy tasawwif wo’zi wo’zlestirgen barli’q na’rselerdi islam ruwhi’nda qayta islep, sha’riyatqa maslasti’rg’an.

Tasawwif ta’limati’ wo’z gezeginde Quran ayatlari’nan azi’qlang’an. Suwfiylar tasawwifke ta’n qag’i’ydalar ha’m a’dep - ikramli’li’q normalari’n ken’ xali’qqa jayi’wda Qurani’ Ka’rim, islam payg’ambari’, woni’n’ sahabalari’, so’zlerine su’yengen. Francuz tasawwif ali’mi’ Ruji Arnoldz ayti’wi’nsha, islam tasawwifi sonday baplar ha’m materiallardi’ wo’z ishine aladi’, ken’ ma’nide islam tiykarlari’ ha’m ta’limatlari’ menen u’nlesip ketken. Degen menen, tasawwiftegi ha’r bir jo’nelis bir – birine uqsamag’an ko’z qaraslarg’a iye bolg’an. Ma’selen, Yassawiy ta’limati’n u’yreniwshi Abdurasul Eshonbabaev bul yeki jo’nelis wortasi’ndag’i’ pari’qti’ bi’lay tu’sindiredi:

“ Bizge ma’lim, ayi’ri’m izertlewlerde ( bizde) yassawiya ha’m naqshbandiya ta’limatlari’ni’n’ wo’z ara jaqi’nli’g’i’na, genezis ha’mde wolar wortasi’ndag’i’ “ ideyali’q baylani’sli’li’qqa” di’qqat – itibar qarati’ladi’. Biraq geypara ilimpazlar ( Fitrat, Izzat Sultan, Yu.Ishaqov) bul yeki ta’limattin’ bir qansha uli’wmali’q ta’replerin atap wo’tken halda, wo’zine ta’n jeke wo’zgeshelikleri de bar yekenligin de ko’rsetip bergen.”[12]

Haqiyqati’nda da, Yassawiy tiykar salg’an yassawiya ta’limati’ menen naqshabandiya ta’limatlari’ arasi’nda ku’ta’ jaqi’nli’q bolg’ani’ menen wolardi’n’ ideyali’q ko’z qaraslari’ arasi’nada pari’q ko’zge taslanadi’. Yassawiya ta’limati’nda suwfiy bul du’nya ra’ha’tinen pu’tkilley waz keshiwi ha’m ta’rkidu’nyashi’li’qqa berilip, na’psini ti’yi’w kerekligi, jetim - jesirlerge ja’rdem qoli’n sozi’w, din iyelerinin’ tuwri’li’q joli’nan ju’rip, haq i’shqi’na ,

[12] Эшонбобоев А. Хорижлик Яссавийшунос.// «Ўзбекистон адабиёти ва санъати», 2004. 10 – сентябрь. № 36. Б. 4

diydari'n ko'riwge mu'na'sip bolmaqqa shaqi'rsa, naqshbandiya ta'limati' ta'rkidu'nyashi'li'qti' biykarlap, belgili bir ka'sip iyelewdi, woni'n' menen shug'i'llani'p ha'm soni'n' arqasi'nda ku'n keshiriwdi na'siyatlaydi'. Bunda muriydtin' moyni'na belgili wazi'ypalar ha'm juwapkershilik ju'klenedi. Usi'nday wo'zgeshelikke qaramastan, tasawwif bir ideyag'a bag'darlang'an, yag'ni'y haqti'n' diydari'n ko'riwge mu'na'sip boli'wg'a qarati'lg'an ag'i'm yesaplanadi'.

Alisher Nawayi' ta'riyplegenindey, tasawwif menmenlik, da'mego'ylikti biykarlawshi' ta'limat boli'p, wol insan ziynetin pa'klewshi ag'i'm boli'p tabi'ladi':

Birovga musallam tariqi tasavvuf,

Ki zotida mavjud emasdur taxalluf.

Tasavvuf rizo ahlidin yaxshi axloq,

Erur istilohati zebu takalluf.

Tasavvuf emas zuhdu taqvoyu toat,

Ki anda riyo yo'l topar be tavaqquf.

Tasawwif birden ju'zege kelgen ta'limat yemes. Wol ju'da' uzaq tariyxqa iye boli'p, ali'mlar tasawwif tariyxi'n yeki da'wirge aji'ratadi': birinshisi – zahidlik (ta'rkidu'nyashi'li'q ) da'wiri, yekinshisi - oriflik ha'm ashi'qli'q da'wiri. Usi'g'an qaray suwfi'ylardi'n' wo'zlerin de bir neshe toparlarg'a aji'rati'w mu'mkin.

Zahidlik da'wiri suwfiylari' ( Ibrahim Adham Hasan Basriy, Abu Hashim Kufiy ) taqvo ha'm parhez tuti'wdi' bas maqset dep bilgen bolsa,

keyingi da’wir suwfiyleri du’nyani’ ha’m haqti’ biliw, woni’ tani’wdi’ tiykarg’i’ maqset dep yesaplag’an.

Joqari’da atap ko’rsetkenimizdey, tasawwiftin’ yekinshi da’wiri bir neshe basqi’shlarg’a iye:

1. IX – X a’sirler - da’slepki ta’limatlardi’n’ payda boli’wi’, tariyxat da’stu’rlerinin’ qa’liplesiw da’wiri.
2. XI – XII a’sirler – tasawwif mekteplerinin’ du’ziliw da’wiri. Bunda Mi’si’r, Bag’dad, Basra, Buxara, Nishapur, Termiz, Balx qalalari’ tasawwif worayari’ si’pati’nda ayri’qsha rol atqarg’an.
3. XIII - XIV a’sir baslari’na kelip tasawwif teoriyali’q - ilimiy ko’z qarasi’nan da, a’meliy ha’reketshilik ko’z qarasi’nan da wo’zinin’ joqari’ shi’n’i’na jetti. Atap aytqanda, Muhriddin ibn al – Arabiy, Yahyo Suhrabardiy, Najmitdin Kubra si’yaqli’ shayi’qlar, Farididdin Attar, Ahmet Yassawiy, Jalalatdin Rumiy si’yaqli’ suwfiy shayi’rlar tasawwif ilimi shegarasi’n ken’eytti.

Suwfiylik poeziyasi’nda haq diydari’n ko’riw bas maqset sanali’p, bunda suwfiy barli’q gu’nalardan tazalani’wi’, na’psinin ti’yi’p, menmenlikke berilmeslik talap yetiledi. Yeger, bul jolg’a tu’sken ashi’q bende haq diydari’n ani’q ko’rgisi kelse, tasawwif ta’limati’nda ko’rsetilgen 4 basqi’shti’ basi’p wo’tiwi za’ru’r sanaladi’. Birinshi basqi’shi’ - **shariat** dep ataladi’. Bunda suwfiy shariat ni’zamlari’na a’mel qi’li’p, jaqsi’li’q ha’m jamanli’q, hadal ha’m haramdi’, saqi’yli’q ha’m zuli’mdi’ ayi’radi’ ha’m son’i’nan taqi’wa musi’lman boladi’.Yekinshi basqi’sh - **tariyxat**. Bul basqi’shqa birinshi basqi’shtag’i’ sha’rtlerdi wori’nlag’an ha’m qudayg’a si’yi’ni’wshi’ musi’lmanlar g’ana wo’tken. Soni’n’ menen birge wolar wo’zlerine suwfi’li’q ni’zamlari’na u’yretiwshi, tasawwif iliminen sabaq beriwshi jetik ustaz tan’lag’an. Wolardi’ murshidler ( shayi’q, iyshan) dep ju’ritse, wog’an sh’kirt tu’sken suwfi’ylar muridler dep atalg’an. Yekinshi basqi’sh talapari’na a’mel qi’li’p, barli’q sha’rtlerdi wori’nlag’an muriyd u’shinshi

basqi’sh - **mag’ripat** basqi’shi’na ko’teriledi. Bul basqi’shta muriydler qudani’n’ shi’n ma’nisin an’lap jetedi, barli’q na’rsenin’ jarati’wshi’si’ Allaataalada yekenligin, barli’q na’rse, a’lem wonda mujassamlang’ani’n tu’sinip jetedi. Son’ yen’ son’g’i’ basqi’sh **haqi’yqat** basqi’shi’nda suwfiy ruwxi’y rawajlani’wdi’n’ joqarg’i’ shi’n’i’na yerisedi ha’m bende si’pati’nda rawajlani’wi’n juwmaqlap, ruwxi’y kamalatqa jetisedi. Bul basqi’shta suwfiy wo’zliginen ayi’ri’li’p, haqqa qosi’li’p ketedi ha’m woni’n’ diydari’n ko’riwge mu’na’sip boladi’. Suwfiyli’qti’n’ basli’ ideyasi’ da haqi’yqat basqi’shi’na jetisip, haqti’n’ diydari’n ko’riw u’miti menen jasaw.

Quday jamali’na jetisiwde basi’p wo’tiletug’i’n to’rt basqi’shli’ joldi’ Imam G’azzaliy wo’z miynetinde 3 basqi’shqa aji’rati’p ko’rsetedi:

1. Ilmul yaqi’n
2. Aynul yaqi’n
3. Haqqul yaqi’n

Imam G’azzaliy wo’z aldi’na basqi’shlar sanalg’an sha’riyat ha’m tariyxat basqi’shalari’n bir pu’tinlikte tu’sindiredi. Birinshi basqi’shta pir – murshiyd ja’rdeminde sha’riyat ta’rtiplerin wori’nlaw arqali’ yerisedi. Yekinshi basqi’shta wol tariyxat joli’na tu’sip, pikir ju’ritiw arqali’ haqti’n’ bar yekenligin an’lap jetedi, yag’ni’y mag’ripatqa yerisedi. U’shinshi basqi’shta bolsa yesitip biliw, pikir ju’ritiw arqali’ biliwden ko’rip biliw da’rejesine jetedi. Insanni’n’ ilahi’y ruwhqa jaqi’nlasi’wi’ ju’z beredi. Mine usi’ u’shinshi basqi’sh Mansur Hallaj ta’limati’ boyi’nsha “ Analhaq” dep ayti’ladi’. Al haq joli’na kirgen da’rwishtin’ ruwhi’y keshirmelerin ,son’g’i’ qolg’a kiritken ma’nawiy halati’n Sari Saqatiy “ tavhid” ( birlesiw, jog’ali’w) dep ataydi’.

A’lbette, bul ta’limat ideyalari’n pu’tkil xali’qqa yen jaydi’ri’wda ko’rkem a’debiyat ha’m woni’n’ wa’killeri ayri’qsha a’hmiyetke iye boldi’. Wo’ytkeni, tasawwif ag’i’mi’ wa’killeri wo’z ideyalari’n ha’r qi’yli’ qollanbalar, ko’rkem shi’g’armalar u’lgisinde jetkergen. Usi’ ag’i’m tariyxi’n

u’yreniwshi Najmatdin Komilov pikirinshe, tasawwif a’debiyati’ni’n’ wo’zin de bir neshe bo’limge bo’linedi. Bular:

1. Tasawwif ta’limati’n bayan yetken, sofiyana ko’z qaraslarda pikir ju’ritiwshi shi’g’armalar.
2. Ashi’qli’q da’stanalari’, lirikali’q shi’garmalar ( g’a’zzel, rubayi’) si’yaqli’ tasawwif ideyalari’n ji’rlag’an, wolardi’ ti’msali’y obrazlar ja’rdeminde su’wretlep bergen shi’g’armalar. Buni’ a’debiyattani’w iliminde ashi’qli’q a’debiyati’ dep ataydi’.

Bunday tu’rdegi shi’g’armalardi’ tasawwif sabaqli’qlari’ si’pati’nda qabi’l qi’lsa da boladi’. Sebebi, bunday shi’g’armalar avtorlari’ni’n’ maqseti sofiyana tu’siniklerdi proza u’lgisinde tu’sindirip beriw bolg’an. Buni’ orifana a’debiyat dep ju’ritedi.

Usi’ da’wir a’debiyati’na na’zer awdarsaq, tasawwif ideyalari’ menen suwg’ari’lg’an shi’g’armalar yeki u’lgide de ken’ tarqalg’an. A’sirese, poeziya u’lgisinde pikirdi jetkeriw yen’ wo’nimli usi’l sanalg’an. Ilimpaz Najmatdin Komilov lirikali’q shi’g’armalarda tek g’ana qudayg’a ashi’qli’q ji’rlanatug’i’nli’g’i’n, pa’k ilahiy i’shq haqqi’ndag’i’ ideyalar lirikani’n’ basli’ ideyalari’na aylang’anli’g’i’n atap wo’tedi. Bizin’she, bul pikir bir ta’repleme ayti’lg’an. Wo’ytkeni, tasawwif ta’limati’nda tek g’ana ilahiy i’shq so’z yetilip qoymastan, al din joli’na kirgen adamlardi’n’ ayi’r’i’m na’kas qi’li’qlari’n a’shkaralaw, wolardi’ tuwri’li’q joli’na u’gitlew de ji’rlang’an. Bul haqqi’nda suwfiylik a’debiyatqa birinshilerden boli’p qol urg’an ilimpaz Ye. Ye. Bertels bul a’debiyatqa ta’n qa’siyetlerdin’ biri u’git - na’siyat yekenligin ayti’p, da’rwish a’dep - ikrami’ ma’selesi ha’mme waqi’t bunday a’debiyatti’n’ di’qqat worayi’nda turatug’i’nli’g’i’n atap wo’tedi. [13]

Usi’lay yetip, tasawwif wo’z usi’li’na, stiline, tiline iye boli’p, wol arqali’ insandi’ ta’rbiyalawg’a, wo’zin tani’wg’a ha’m a’lemdi ,ilahiyatti’ su’yiwdi na’siyatladi’.

[13] Бертельс. Е.Э. Суфизм и суфийский литература. Москва.: 1965 стр.

Tasawwif iliminde ko’birek ko’zge taslanatug’i’n na’rse insanni’n’ ishki du’nyasi’, ishki qarama - qarsi’li’qlar , ruwhi’y ha’m dene wortasi’ndag’i’ gu’res bolg’an. Tasawwifshi’lar insan a’lemindegi barli’q jaman illetlerdi ,qa’siyetlerdi uli’wmali’q bir atama menen “ na’psi” yamasa “ na’psi ammora” dep atag’an ha’m wog’an qarsi’ gu’resken. Poeziyada da, prozada da tasawwif ta’limatlari’ ideayalari’ yeki astarli’ obrazlarda jetkerilgen. Wolardan da’slepkileri haq ha’m wog’an ashi’q muriyd obrazi’n tuwra ma’nisinde sa’wlelendirse ( Ahmet Yassawiy, Sulayman Baqi’rg’aniy, Suwfi’ Allayar) , al yekinshi topar suwfi’lari’ wolardi’ ra’mziy ha’m ti’msali’y obrazlar ja’rdeminde su’wretleydi. Ma’selen, Jamiy, Nawayi’, Ma’shrepler go’zzal qi’z obrazi’nda haqti’ , al wog’an ashi’q lirikali’q qaharman obrazi’nda suwfiylik joli’na tu’sken muriydtin’ obrazi’n sa’wlelendirgen. Bunnan basqa toli’p ati’rg’an ra’mziy obrazlar mi’sali’nda suwfiylik ideologiyalari’ tarqati’ldi’. Tasawwif bir jo’nelistegi ta’limat bolmay, al wo’z ideyalari’na qaray bir neshe ta’limatlarg’a, ag’i’mlarg’a aji’ralg’an. Islam tasawwif ilimi tikkeley Ahmet Yassawiy ati’ menen baylani’sli’ boldi’. Wol basqa ta’limatlardan aji’rali’p turi’wshi’ wo’z aldi’na yassawiya ta’limati’na tiykar saldi’. Biz woni’n’ do’retiwshiligi haqqi’nda jumi’si’mi’zdin’ keyingi bo’liminde arnawli’ toqtali’p wo’temiz.

## 1.2.Xoja Ahmet Yassawiy hikmetlerinin’ ideya - tematikali’q mazmuni’

Ahmet Yassawiy tasawwif poeziyasi’ni’n’ ataqli’ wa’kili. Woni’n’ wo’miri, qaza qi’lg’an ji’llari’ haqqi’nda tu’rli mag’li’wmatlar bar. Ko’pshilik ilimpazlardi’n’ miynetlerinde shayi’rdi’n’ tuwi’li’w ha’m qazalani’wi’ 1041-1166 - ji’llarg’a tuwra keletug’i’nli’g’i’ ayti’ladi’.[14]

[14] Атаниязова М, Ибрагимова Р. Тасаввуф ва мумтоз поэтика асослари. Нукус. « Қорақалпоқстон», 2013.

Bizin’she, bul pikir ilimiy jaqtan shi’nli’qqa tuwra keledi. Wo’ytkeni, shayi’r hikmetlerinde 63 jasi’nda jer asti’na kirgenligi, go’rde jasap, 125 jasqa shekem wo’mir su’rgenligin aytadi’.

Eranlardan fayz -u futuh ololmadim,

Yuz yigirma yoshga kirdim,bilolmadim,

Haq taolo toatlarin qilolmadim,

Eshitib,o’qub yerga kirdi qul Xoja Ahmad. [15]

Shayi’rdi’n’ wo’miri ha’m do’retiwshiligi boyi’nsha mag’li’wmatlar ju’da’ az. Tek g’ana ayi’ri’m miynetlerde azi’ – kem mag’li’wmatlar keltirilgen. Solardi’n’ yen’ da’slepkisi woni’n’ “ Diywani’ hikmet” kitabi’ yesaplanadi’. Bunnan basqa woni’n’ sha’kirtleri Sulayman Baqi’rg’aniydin’ “Ha’kim ata kitabi”, Nawayi’ni’n’ “ Nasaoyim ul – muhabbat”, Fazululloh Rozbektin’ “ Mehmonnomayi Buxoro”, Xizr ibn Ilyasti’n’ “ Manoqibi Hoji Bektoshi valiy”, A’wliye Shalabiydin’ “ Sayaxatnama” ha’m basqa kitaplarda Yassawiydin’ wo’miri, jasag’an jeri ha’m hikmetleri boyi’nsha mag’li’wmatlar keltirilgen. Ahmet Yassawiy ha’zirgi Qazaqstan Respublikasi’ni’n’ Shi’mkent wa’layati’na qarasli’ Sayram qalasi’nda tuwi’lg’an. Sayram Worta Aziyani’n’ yeski qalalari’nan. Alisher Nawayi’ Ahmet Yassawiydin’ tuwi’lg’an jerin Yassi dep birinshilerden boli’p ko’rsetedi. Yassi Tu’rkstan qalasi’ni’n’ yeski atamasi’ yesaplanadi’. Woni’n’ atasi’ Ibrahim shayi’qli’q ma’rtebesindegi adam boli’p, woni’n’ ha’zireti Ali a’wladlari’nan bolg’anli’g’i’ ayti’ladi’. Anasi’ Aysha shayi’q Ibrahimnin’ sha’kirtlerinen bolg’an Muwsa shayi’qti’n’ qi’zi’ yesaplanadi’. Ahmet shan’araqta yekinshi perzent bolg’an. A’japasi’ni’n’ ati’ Javhari Miahnaz. Wolar ku’ta’ jas waqi’tlari’nda ata – anasi’ qazalani’p, jetim qaladi’. Son’

---

Нажмиддин Комилов. Тасаввуф. Тошкент. «Movanounnahr» - «O’zbekiston», 2009. Ҳ.Ҳомидий. Тасаввуф алломалари. Тошкент. « Шарқ» нашриёти – матбаа акциядорлик компанияси бош таҳририяти. 2009.

[15] Яссавий А. Ҳикматлар. Тошкент. « Ғафур Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти», 1991. Б. 237

a'japasi' menen Yassi qalasi'na kelgen. Bul jerde wol Ari'slanbab qoli'nda ta'rbiyalang'an ha'm tasawwif ilimin u'yrengen. Mag'li'wmatlarg'a ko're, Ahmet Yassawiy Ari'slanbab wo'liminen keyin shama menen 1110 – ji'llardan baslap Buxarada woqi'ydi'. Bul jerde suwfiylik joli'na tu'sip, ustazi' Yusup Hamadaniyden bilim aladi'. Woni'n' xalifasi' ( wori'nbasari'), dawamshi'si' da'rejesine ko'teriledi. Mag'li'wmatlarg'a qarag'anda, Yusup Hamadaniy qazasi'nan son' worni'na xalifa Shayi'q Abdullah Barqiy tayi'nlanadi'. Wol qazalang'an son' yekinshi xalifa shayi'q Hasan Andaqiy, wonnan son' u'shinshi xalifa Ahmet Yassawiy basqari'wshi' lawazi'mi'n iyeleydi. Keyinshelik wo'z worni'n xalifa Abdulxali'q G'ijdi'waniyge tapsi'ri'p, Yassige qaytadi'.

Ahmet Yassawiy yassawiya ta'limati'na tiykar salg'an. Yassawiylik ta'limati' jahriylik dep te ju'ritiledi. Yassawiydin' hikmetlerinde a'shkara, wo'zinin' qa'teliklerin moyi'nlaw basi'm bolg'anli'g'i' ushi'n woni' usi'lay ataw qa'liplesken. Yassawiylik tek g'ana ta'limat boli'p qalmastan, al wo'z aldi'na suwfiylik mektebi de bolg'an. Woni'n' qol asti'nda bir neshe sha'kirtler ta'rbiyalani'p shi'qqan. Solar qatari'nda Ha'kim Sulayman ata, Qul Ubaydiy, Azim Xoja Iyshan, Jamiy, Nawayi', Ma'shreb, Maqti'mquli' ha'm basqalar bolg'an.Tu'rkmen ali'mi' Qurbanturdi' Geldiev Ahmet Yassawiy do'retiwshiligi Sayidnazar Saydiy, Talibiy, Katibiy, Mollanepes, Miskinqi'li'sh, ha'tte tu'rkmen xalqi'ni'n' belgili shayi'ri' Maqti'mqu'li' poeziyasi'na da ku'shli ta'sirin tiygizgenin atap wo'tedi. Woni'n' a'debiy ta'siri bizin' qaraqalpaq a'debiyati'nda da ko'rinedi. M.Ataniyazova ha'm R.Ibragimovalardi'n' tasti'yi'qlawi'nsha, Ahmet Yassawiyden son' woni'n' do'retiwshiligin sha'kirtleri dawam yettirgen. XVI a'sir baslari'na kelip Yassawiy mektebi shayi'rlari' sarayg'a shekem ko'terilgen. [16]

[16] Атаниязова М, Ибрагимова Р. Тасаввуф ва мумтоз поэтика асослари. Нукус. « Қорақалпоқстон», 2013. Б. 37

Yassawiydin' do'retiwshiligi 70-ji'llarda naduri's tu'sinilip qatti' qaralang'an. Usi' sebepli woni'n' hikmetleri bizge shekem toli'q jetip kelmegen. Shayi'rdi'n' " Diywani' hikmet" shi'g'armasi' tikkeley shayi'rdi'n' wo'zinin' qa'lemine tiyisli yemes. Woni'n' do'retiwshiligi boyi'nsha izertlew ju'rgizgen ilimpazlar " Hikmetler" ji'yi'ndi'si'ndag'i' qatarlar Yassawiydin' sha'kirtlerine tiyisli yekenligin atap ko'rsetedi. Yassawiya ta'limati' wo'z wo'zinen ju'zege kelmegen. Woni'n' qa'liplesiwinde de ayi'ri'm sebepler, da'rekler wo'z ta'sirin tiygizgen. Ibrahim Haqqulovti'n' pikirinshe, " Shayi'r arab ha'm parsi' a'debiyati'nda ju'zege kelgen tasawwif a'debiyati' ta'jriybelerine tayang'an. Tu'rkiy xali'qlar awi'zeki do'retiwshiliginde qa'liplesken diniy qosi'qlardan ilhamlang'an. Yassawiy hikmetlerinin' wo'lshemi xali'q poeziyasi'nan wo'zlestirilgen boli'p, poetikali'q obrazlardi'n' ko'pshiligi awizeki a'debiyattan ali'ng'an"[17]

Shayi'rdi'n' hikmetleri g'a'rezsizlikten son' ilimiy talqi'g'a tarti'ldi' ha'm 1991 – ji'li' Ibrahim Haqqulov basshi'li'g'i'nda, son' 1992-ji'li' ja'ne toli'qti'ri'lg'an halda wo'z aldi'na kitap boli'p basi'p shi'g'ari'ldi'.

Sol da'wirde qa'liplesken ta'limatlardi'n' wo'z ideyalari'nan kelip shi'qqan halda belgili sha'rtleri bolg'an. Sol si'yaqli' yassawiya ta'limati'na kirgen haqi'yqi'y suwpi' haqi'yqat basqi'shi'nan wo'tip, haq jamali'n ko'riwge yerisiwi ushi'n bul du'nya ra'ha'tlerinen waz keshiwi, jaqsi'li'q yetip, jetim – jesirlerge ja'rdem qoli'n sozi'wi' tiyis. Soni'n' menen bir qatarda to'mendegi bir qatar a'deplilik normalari'n basshi'li'qqa ali'wi' talap yetiledi:

1. Muriyd hesh bir adamdi' wo'z shayqi'nan abzal bilmewi,
2. muriyd aqi'lli' boli'wi', murshiydtin' ha'reketlerin so'zsiz tu'sine biliwi,

---

17 Ҳаққулов И. Аҳмад Яссавий.// Аҳмад Яссавий. Ҳикматлар. Тошкент. « Ғафур Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти», 1991. Б. 12

3. shayi’qti’n’ ha’r bir so’zine isenip, woni’n’ ha’r bir isine razi’li’q bildiriwi,
4. shayi’qti’n’ barli’q xi’zmetlerin yerinsheklik penen yemes, shaqqanli’q penen wori’nlawi’,
5. so’zine sadi’q boli’p, hesh qashan gu’mang’a wori’n bermewi,
6. bergen wa’desine sadi’q boli’wi’,
7. ha’mme waqi’t wo’z shayqi’ ushi’n mal – mu’lkten waz keshiwi,
8. ustazi’ni’n’ barli’q si’rlari’n saqlap, wolardi’ hesh qashan a’shkaralamawi’,
9. shayi’qti’n’ u’git – na’siyatlari’na a’mel qi’li’p, wolardi’ umi’tpawi’,
10. ilahiy i’shq ushi’n jannan keship, basi’n beriwge de tayar boli’wi’ tiyis.

Woni’n’ ta’limati’nda ta’rkidu’nyashi’li’q haqqi’nda pikirler beriledi. Degen menen, wol zahidler ta’rkidu’nyashi’li’g’i’nan tu’pten pari’qlanadi’. Zahidler wo’zlerin qurban qi’li’w arqali’ ja’nnetke bari’wg’a u’mitlengen bolsa, Yassawiy ta’limati’nda suwfiyler ta’rkidu’nyashi’li’qqa berilgende buni’ maqset qi’lmaydi’. Kerisinshe, bul du’nya ra’ha’tinen, mal – du’nyadan waz keshiw, wo’zin ruwhi’y pa’klew arqali’ ilahiy i’shqqa , haq jamali’na jetisiwge uri’nadi’. Ahmet Yassawiy hikmetlerinde a’shkaralawshi’li’q tip basi’m boli’p keledi. Soni’n’ menen qatar, adamni’n’ wo’z – wo’zine kritikali’q ko’z qarasta qarap, barli’q gu’nalari’n moyi’nlawi’ si’yaqli’ tendenciyani’ da ko’remiz. Bunday tendenciya suwfiylik poeziyasi’nda IX a’sirde ju’zege kelgen malomatiya ag’i’mi’na ta’n qa’siyet boli’p tabi’ladi’. Bul ag’i’m worayi’ Nishapur qalasi’ bolg’an . Ye.Ye.Bertels malomatiya mazhabi’na kiriwshi adamalar ushi’n wo’zin – wo’zi jetilistiriw, ju’rekti pa’klew bas wazi’ypa yekenligin jazg’an. Malomatiya ag’i’mi’ wo’z mazmuni’ jag’i’nan tasawwif ta’limati’ni’n’ bir shaqabshasi’ yesaplanadi’. Malomatiyler wo’zin – wo’zi a’shkara qi’li’w arqali’ haqqa i’qlasi’n ha’dden ti’s asi’radi’. Biraq, bul ha’reket pu’tkilley jasi’ri’n tu’rde, hesh kimge bildirilmesten a’melge asi’ri’li’w sha’rt yesaplang’an.

Malomatiya bul – insanni'n' wo'zin - wo'zi analizlep, wo'zindegi bar kemshilikti ayamay a'shkaralaw joli' boli'p tabi'ladi'. Bul jolda wol barli'q kemshiligin jasi'rmay aytadi',soni'n' menen qatar barli'q islegen sawap islerin pinhami' tutadi'. Yassawiy usi' ta'limatti'n' ideyalari'n basshi'li'qqa alg'an ha'm hikmetlerinde adamni'n' wo'zine – wo'zi kritikali'q ko'z qarasta boli'wi'na u'gitlegen. Yeger, hikmetlerin di'qqat penen analizlesek, usi' a'shkarali'q arti'nda suwfiydin' wo'z na'psin ti'yi'wi', bendenin' asa ketken du'nya quwi'wshi'li'q ha'reketine berilip ketpewlikke shaqi'ri'wshi' u'gitlewdi ko'remiz. Soni'n' menen qatar, shayi'r wo'z hikmetlerinde ha'r bir adam ilim iyelewi, miynet yetiwi, tuwri'li'q, bir – birewge mehirli, insapli' boli'w si'yaqli' ideyalardi' da alg'a su'rgen. Hamidjan Hamiydiydin' ko'rsetiwinshe, "Yassawiy hikmetlerinde a'dalatsi'zli'qqa qarsi' keskin pikir, nadanli'qqa, jamanli'qqa qarsi' gu'res sa'wlelenedi."[18]

Suwfiylik shi'g'armalari'ni'n' barli'g'i'nda da yeki ideyani' : da'rwish ta'rbiyasi' ha'm ilahiy i'shqti' ko'remiz. Yassawiy usi' ideyani' do'retiwshiliginde poeziyali'q usi'lda jetkergen. Tasawwif poeziyasi'nda u'sh birlik : muhabbat, rehim ha'm mu'riwbet talqi'yi'n yetiliwin ko'remiz. Sol da'wirdegi barli'q suwfiy shayi'rlar usi' u'sh birlik tiykari'nda wo'z ideyalari'n xali'qqa jetkergen. Bunda wolar du'nyawiy muhabbatti' yemes, al haq i'shqi'si'n ji'rlag'ani' ko'rinedi. Ma'selen. Shayi'q Najimatdin Kubra (1145 – 1221), Shibli ashi'q (Abu Bakr ash – Shibli – 861 – 945), Ha'kim ata (Sulayman Baqi'rg'aniy XII a'sir), Suwfi' Allayar ( XVII a'sir), Diywanayi' Ma'shreb ( Babarahim Masharab – 1657 – 1711) ha'm basqalar tasawwif ideyalari'n ashi'qli'q mazmundag'i' janrlarda ( g'a'zzel, rubayi', ) berdi.

[18] Ҳ.Ҳомидий. Тасаввуф алломалари. Тошкент. « Шарқ» нашриёти – матбаа акциядорлик компанияси бош таҳририяти. 2009.Б. 157

# II Bap. XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’nda shi’g’i’s poeziyasi’ da’stu’rleri

Jazba a’debiyat buri’nnan kiyati’rg’an folklorli’q da’stu’rlerdi dawam yettirip jetilistiriw menen bir qatarda, shi’g’i’s xali’qalari’na ta’n bolg’an jazba a’debiyat da’stu’rlerin de qabi’l yetti. Shi’g’i’s jazba a’debiyat da’stu’rleri awi’zeki a’debiyat da’stu’rlerinen tu’pten pari’q qi’ldi’. Shi’g’i’s poeziyasi’ndag’i’ jan’a ideyalar , ko’rkem formalar ,su’wretlew usi’llari’, ko’rkem stillik, obraz jasaw usi’llari’ qaraqalpaq shayi’rlari’ do’retiwshiliginde ko’rine basladi’. Ma’selen, Naqshbandiydin’ miynetti su’yiwge , hadal miynet arqasi’nda ku’n keshiriwge shaqi’ri’wshi’ ideyalari’, Ahmet Yassawiydin’ na’psini ti’yi’p, haq jamali’n ko’riw ushi’n jasaw, tuwri’li’q joli’nan ju’riwge shaqi’ri’wshi’ ideyalari’, Nawayi’, Ma’shrebtin’ haq i’shqi’ ha’m woni’n’ diydari’na jetisiw si’yaqli’ ideyalari’ XIX a’sir lirikasi’na wo’z ta’sirin tiygizbey qoymadi’. A’lbette, shi’g’i’s poeziyasi’nan kirip kelgen da’stu’rler sol hali’nda wo’zlestirilmedi. Shayi’rlari’mi’z wolardi’ jan’asha do’retiwshilik bag’i’tta wo’zlestirip, do’retiwshilik laboratoriyasi’nda yelekten wo’tkerdi. Bul da’wir a’debiyati’nda shi’g’i’s poeziyasi’na ta’n bolg’an waqi’yani’ realistlik su’wretlewge uri’ni’wi’, gumanizm, patriotizm tendenciyalari’ ku’shli boldi’. A’sirese, bul si’pat Ku’nxoja ha’m Berdaq do’retiwshiliginde ayqi’n ko’zge taslanadi’. Qaraqalpaq poeziyasi’na shi’g’i’s jazba da’stu’rleri birden kirip kelmegen. Bunda wol bir neshe tariyxi’y basqi’shlardi’ basi’p wo’tken. Akademik H.Hamidov : “ Qaraqalpaq poeziyasi’nda jalpi’ alg’anda qaraqalpaq a’debiyati’nda jazba a’debiy da’stu’rlerdin’ payda boli’wi’ uzaq tariyxi’y da’wirlerdi wo’z ishine aladi’. Bul protcess yen’ aldi’ menen Shi’g’i’s a’debiyati’ degen at penen taralg’an qaraqalpaqlardi’n’ ata - babalari’ bolg’an bir qatar tu’rkiy qa’wimleri menen ma’deniy, ekonomikali’q, siyasiy qari’m - qatnasta bolg’an bir qatar xali’qlardi’n’ a’debiyati’ menen ti’g’i’z baylani’sli’. Poeziyami’zdag’i’ jazba a’debiy

da’stu’rlerdin’ da’reklerin sol shi’g’i’s xali’qlari’ menen bolg’an tariyxi’y qari’m - qatnaslardi’n’ do’gereginen izlew kerek,” - dep bul ma’selenin’ qalayi’nsha a’melge asqanli’g’i’n tu’sindiredi.

Shi’g’i’s a’debiyati’ da’stu’ri’ ta’siyri degende yen’ da’slep pu’tkil tu’rkiy xali’qlari’ni’n’ social ha’m ma’deniy qatnaslari’, jasaw sha’rayati’, ekonomokali’q baylani’slari’, wo’z ara jaqi’n bolg’an qon’si’las xali’qlardi’n’ jasaw ta’rizi ko’z aldi’mi’zg’a keledi. Wo’ytkeni, qaraqalpaqlardi’n’ xali’q boli’p qa’liplesip rawajlani’w basqi’shi’nda ko’p g’ana tuwi’sqan xali’qlardi’n’ ta’siyri ku’shli bolg’an.

Tariyxqa na’zer awdarsaq, qaraqalpaqlardi’n’ toli’g’i’ menen xali’q boli’p qa’liplesiwinen son’ ( XVI a’sir) woni’n’ qon’si’las xali’qlar menen ekonomikali’q, siyasi’y ha’m ma’deniy jaqtan baylani’si’ da barg’an sayi’n ku’sheygen. Tuwi’sqan wo’zbek xalqi’ menen bolg’an ma’deniy baylani’s na’tiyjesinde ko’p g’ana shi’g’i’s a’debiyati’ yestelikleri awdarmalari’n woqi’w mu’mkinshiligi tuwi’ldi’. Shi’g’i’s tillerinen kirgen jazba da’rekler qaraqalpaq a’debiyati’na tek g’ana ta’sir jasap qoymastan, al woni’n’ negizgi wo’zegine aylandi’. Shayi’rlari’mi’z wo’z da’wirinin’ socialli’q jag’daylari’n shi’g’i’sqa ta’n ko’rkem formalarda , janrlarda ha’m su’wretlew usi’llari’nda jetkerip berdi.

Qaraqalpaq poeziyasi’na shi’g’i’sqa ta’n ko’rkem da’stu’rlerdin’ kirip keliwi tosi’nnan bolg’an process yemes. Shi’g’i’s a’debiyati’na ta’n temada shi’g’arma jazi’w, wolarg’a ta’n ko’rkem formalardi’ qaraqalpaq a’debiyati’ mi’sali’nda jetkeriw , su’wretlew, obraz jasaw usi’llari’n qollani’w yen’ birinshi na’wbette wo’zbek ha’m qazaq a’debiyati’ arqali’ a’melge asi’ri’ldi’. Ahmet Yassawiydin’, Fizuliy, Hafi’z, Maqti’mquli’ ha’m basqalardi’n’ shi’g’armalari’ni’n’ awdarmalari’ menen tani’si’w arqali’ shayi’rlari’mi’z wolardi’n’ do’retiwshiligin u’yrendi. XIX a’sir a’debiyati’nda tuwi’sqan yeki xali’q do’retiwshiliginde wo’z ara tematikali’q ayi’ri’m uqsasli’qlar boli’wi’ bul yele a’debiy da’stu’rdin’ wo’zlestiriliwi ,

yeliklew processi yesaplanbaydi’. Ilimpazlari’mi’z bul jag’daydi’ da’slepki waqi’tlari’ shi’g’i’s da’stu’rlerinin’ wo’zlestiriliwi dep naduri’s talqi’yi’n yetip keldi. Tematikali’q jaqi’nli’q bul da’stu’rdin’ wo’zlestiriliwi, a’debiy ta’sir bola almaydi’. Bul process bir – birine jaqi’n xali’qlar a’debiyati’ tematikasi’ndag’i’ tipologiyali’q uqsasli’qti’ an’latadi’. Wo’ytkeni, qaraqalpaq xalqi’ menen qon’si’las qazaq, tu’rkmen, wo’zbek ha’m basqa da xali’qlardi’n’ jasaw ta’rizi , ja’miyetlik du’zimi wo’z ara uqsasli’g’i’ na’tiyjesinde birdey tematikadag’i’ shi’g’armalar do’reliwine sebep boldi’. Ma’selen, Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq shi’g’armalari’nda ja’miyetlik du’zim, klasli’q ten’sizlik ji’rlang’an bolsa, tu’rkmen xali’q shayi’ri’ Maqti’mquli’, qazaq shayi’ri’ Abay, rus a’debiyati’nda Pushkin ha’m basqalaridi’n’ shi’g’armalari’nda da usi’ tema ko’zge taslanadi’. Bul jag’daydi’ a’debiy da’stu’r dep yesaplaw , a’lbette, natuwri’. A’debiy ta’sir, a’debiy da’stu’rlerdin’ jalg’asli’g’i’ usag’an ma’seleler ju’da’ teren’nen ag’atug’i’n procesler boli’p tabi’ladi’. [19]

Akademik H.Hamidovti’n’ “ Shi’g’i’s tillerindegi jazba da’rekler ha’m XIX a’sirdegi qaraqalpaq shayi’rlari’” miynetinde poeziya janri’ndag’i’ da’stu’rlerdi yeki bag’i’tta : awi’zeki ha’m jazba a’debiyat da’rekleri mi’sali’nda tu’sindirgen yedi. Wonda shi’g’i’s jazba a’debiyati’na xarakterli bolg’an shi’g’armani’n’ tematikasi’ndag’i’, formali’q, tillik wo’zgeshelikler, janrli’q, ko’rkemlik usi’llari’, obraz jasaw uqsasli’g’i’ haqqi’nda so’z yetilmeydi. Bunnan keyingi da’wir a’debiyattani’w iliminde de bul ma’sele wonshelli toli’q u’yrenilmedi.

Biz wo’z jumi’si’mi’zda usi’ aktual ma’seleni Ahmet Yassawiy ha’m XIX a’sir qaraqalpaq shayi’rlari’ poeziyasi’ mi’sali’nda analizlep wo’tiwge ha’reket yetemiz.

---

[19] Ҳамидов Ҳ. Қарақалпақ поэзиясындағы баслы дәстүрлер ҳәм олардың дәреклери ҳаққында.// «Вестник», 1985. № 2. Б. 75

## 2.1. Ku’nxoja lirikasi’na Yassawiy ta’limati ta’siri

Tariyxqa na’zer awdarsaq,Ku’nxoja,A’jiniyaz, Berdaq jasag’an XIX a’sir biraz keskin,klasli’q bo’liniwshilik da’wiri bolg’anli’g’I’n ko’remiz. Sotsial ha’m ta’biyiy sha’rayatlar, asa ketken zuli’mli’q,din iyelerinin’ sha’riyat ni’zamlari’na a’mel yetpewi shayi’rlari’mi’zdi’n’, soni’n’ ishinde Ku’nxojani’n’ kritikali’q bag’dardag’i’ qosi’qlar jazi’wi’na tu’rtki boldi’. Wolardi’n’ publicistikali’q mazmundag’i’ qosi’qlari’n woqi’p qarag’ani’mi’zda xali’qti’n’ zaman ten’sizliginen ja’birleniwi, narazi’li’qlar woqi’wshi’da ayani’sh sezimlerin payda yetedi. Bunday jag’daylar bir – birine ja’miyetlik du’zim, socialli’q jaqlardan jaqi’n barli’q xali’qlarda ushi’rasi’p, ko’rkem a’debiyatta tipologiyali’q jaqi’n bolg’an shi’g’armalar jazi’li’wi’na tu’rtki boldi’. A’sirese, Ku’nxoja, Berdaqlardi’n’ publicistikali’q qosi’qlari’nda a’shkaralawshi’li’q mazmun basi’m boli’p keledi.

“Publicistikali’q qosi’q poeziyani’n’ yen’ jawi’nger, yen’ ta’sirshen’ tu’ri. Wol wo’zinin’ wo’tkirligi, ha’zir juwapli’li’g’i’ menen aji’rali’p turadi’.”[20] Sonli’qtan, bul janrda pikirdi beriw biraz qolayli’ ha’m wo’nimli boldi’.

XIX a’sirdegi klassik shayi’rlari’mi’z sol da’wirdegi baylar menen qatar ayi’ri’m din iyelerinin’ wo’zlerinin’ na’psi, jeke ma’pi joli’nda sha’riyat ni’zamlari’n buzi’p woti’rg’anli’g’i’n, na’tiyjede xali’qqa ko’p azap – uqi’betler keltirgenligin publicistikali’q bag’i’tta turi’p ji’rladi’. Mi’sali’, Ku’nxojani’n’ “Basti’ xor a’yler” [21] qosi’g’i’nda jaqsi’ ha’m jaman, zali’m adamlar, adamni’n’ bul bes ku’nlik wo’mirde qalay jasawi’ kerekligi haqqi’ndag’i’ didaktikali’q woylari’ a’shkaralawshi’ u’lgide beriledi:

---

[20] Носиров О., Жамолов С., Зиёвиддинов М. □збек классик шеърияти жанрлари. Тошкент. □қитувчи. 1979. 107- бет

[21] Кунхожа . Ел менен. Нөкис. Қарақалпақстан. 1984. 41- бет

Bul du’nyag’a shi’qqan g’api’l adamlar,

Mo’hminnin’ basi’ni’ bir ku’n xor a’yler,

Qayi’r –sahawatsi’z zuli’m adamalar,

Ta’nde jani’mi’zdi’ taplap xor a’yler. ( 41 – bet )

Bul qatarda shayi’r islam sha’riyati’ qag’i’ydalari’n buzg’an, wolardi’n’ ni’zamlari’na boysi’nbag’an, qayi’r – sahawat yetiwdi bilmeytug’i’n ayi’ri’m kimselerdi usi’lay wo’z qosi’g’i’nda si’ng’a aladi’.

Bunday progressiv bag’i’ttag’i’ woy – pikirlerdin’ XIX a’sir qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n’ shi’g’armalari’nda ko’rine baslawi’ sufiylik, mistikali’q ideologiyanin’ ta’siri na’tiyjesinde boldi’. A’sirese, bul da’wir poeziyasi’na Ahmet Yassawiy , suwfi’ Allayarlardi’n’ keskin bag’i’ttag’i’ a’shkaralawshi’li’q ko’z qaraslari’ u’lken ta’sir jasadi. Mi’sali’, suwfiy shayi’r Xoja Ahmet Yassawiydin’ g’a’zzel ha’m murabbalari’n woqi’p qarasaq, wonda quday jamali’n ko’riwge i’nti’qli’q, wog’an ashi’q boli’wi’, adamni’n’ bul du’nya g’alma – g’allari’nan waz keship, ta’rkidu’nyashi’li’qqa beriliw si’yaqli’ ideologiyalar u’stemlik yetiwi menen bir qatarda, sol da’wirdegi ayi’ri’m dindi ni’qap qi’li’p, wo’zin “ qudani’n’ jerdegi yelshileri” sanap ju’rgen “ shayi’qsi’maqlar”, “mollasi’maq” lardi’ a’shkaralap jazg’anli’g’i’n ko’remiz. Mi’sali’, “ Sufinaqsh bo’lding vale, hargiz musulmon bo’lmading” [22] redifli qosi’g’i’nda:

Sufilig’ shundog’midur doim ishing g’aflat bilan,

Donai tasbeh qo’lingda tillaring g’iybat bilan,

Sallai chilpech o’rarsen nafi izzati bila,

---

[22] Аҳмад Яссавий. Ҳикматлар. Тошкент. Ғафур Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти.1991. 241 - бет

Sufinaqsh bo'lding vale, hargiz musulmon bo'lmading…

( 241 – bet )

- dep, shayi'r wo'z zamani'ndag'i' ayi'ri'm dindarlardi'n' buzi'qli'q joli'nan ju'rip, gu'nag'a batqanli'g'i'n aytadi' ha'm :

Sufi bo'lsang sof bo'lg'il jurmi isyon bo'lmasin,
Toatu taqvo qilib ko'ngling parishon bo'lmasin,
Jonu dilda yig'lag'il mahsharda yolg'on bo'lmasin.

- dep wolarg'a wo'z na'siyati'n aytadi'.

Jazba a'debiyatti'n' baslawshi'si' bolg'an Ku'nxoja shi'g'armalari'nda bir waqi'tti'n' wo'zinde ha'm folklorli'q, ha'm shi'g'i's jazba da'stu'rlerinen paydalang'anli'g'i' belgili. Shayi'r wolardi'n' ideyalari'n u'yreniwshi g'ana yemes,al wolar qollang'an do'retiwshilik usi'llardi',wolar baslag'an a'debiy joldi' dawam yettiriwshi shayi'r da boldi'. Bul haqqi'nda akademik H.Hamidiy bi'lay pikir bildiredi:

" Jazba a'debiy da'reklerdin' shayi'r tvorchestvosi'na jasag'an ta'siyri woni'n' qosi'q qatarlari'n quri'w ta'rtibinde , wolardi'n' isshen' qurallari' bolg'an so'zlik materiallardi' tan'lawi'nda ha'm wolardi' belgili emociyali'q sezimlerdi woyati'w ushi'n qollani'li'wi'nda ko'rinedi." [23]

Haqi'yqati'nda da, shayi'r ko'pshilik qosi'qlari'nda Ahmet Yassawiy si'yaqli' ashi'qtan – ashi'q a'shkaralaw usi'li'n qollanadi'. Mi'sali', " Tu'ye yekensen'", "Qazi'ni'n' iyti" satirali'q mazmundag'i' ha'm "Bolarma yeken?", " Ku'n qayda" basqa da nali'sh qosi'qlari' adamda g'a'riplerge degen ayani'sh, zali'mlarg'a degen jerkenish sezimlerin woyatadi'.

[23] Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсир қарақалпақ шайырлары . Нөкис. Билим.1991.128 - бет

Ku’nxoja, A’jiniyaz ha’m Berdaqlardi’n’ publicistikali’q mazmundag’i’ qosi’qlari’nda insapsi’zli’q, zaman ten’sizligi , ayi’ri’m mu’lk iyelerinin’ zuli’mli’g’i’,a’shko’zligi jumsarti’p ayti’lmastan, al haqi’yqat ani’q faktlerdi keltiriw arqali’ si’ng’a ali’nadi’.

Maqti’mquli’, Nawayi’, Ma’shrablar da wo’z shi’g’armalari’nda ja’miyetlik a’dalatsi’zli’qti’, u’stem toparlardi’ si’ng’a aladi’. Wolar bul ma’seleni ko’rkem sa’wlelendiriwde Yassawiydi ustaz tutadi’. Ahmet Yassawiy wo’z hikmetlerinde si’naw, a’shkaralaw joli’n qollanadi’. Mi’sali’:

Molla,mufti bolg’anlar,
Yalg’an dawa qi’lg’anlar,
Aqni’ qara qi’lg’anlar,
Wol tamug’qa kirmishler.

Qazi’,imam bolg’anlar,
Nahaq dawa qi’lg’anlar,
Himar yan’li’g’ boli’wban,
Yuk asti’nda qalmi’shlar.

Bunday a’shkaralawshi’ poziciyadag’i’ hikmetlerinde shayi’r suwpi’li’q joli’na tu’sken, lekin shaytan joli’na tu’sip, xali’qti’ aldap ju’rgen shayi’qlardi’n’,molla – iyshanlardi’n’ bari’nsha bet - perdelerin ashi’p taslaydi’. Ku’nxoja Yassawiydin’ a’shkaralawshi’ usi’ joli’n wo’zine ideyali’q tirek si’pati’nda tan’lap alg’an. Woni’n’ “ Umi’tpaspan”, “ Tu’ye yekensen’”, “ Yaranlar”, “ Shopanlar”, “Woraqshi’lar”, “ Jetimnin’ haqi’n jep qoyma” degen publicistikali’q qosi’qlari’nda turmi’sti’n’ ashshi’ ta’repleri burmalanbastan su’wretlenedi. Ku’nxojani’n’ “Woraqshi’lar”, “ Shopanlar”

qosi’qlari’ a’shkaralawshi’ publicistika boli’p yesaplanadi’.[24] Mi’sali’, “Jetimnin’ haqi’n jep qoyma” qosi’g’i’nda shayi’r jetimlerdin’ basi’n si’ypap, wolarg’a qayi’rxomli’q qi’li’wdi’ na’siyatlaydi’:

Mo’hmin bende jetim haqti’n’ quli’dur,
Jetim haqi’n nainsaplar jep qoyma,
Tuwri’shi’li’q haq ba’zirgen joli’dur,
Jetimlerdin’ haqi’lari’n jep qoyma. ( 55 – bet )

Tuwri’li’qqa bag’darlaw sufizm ideyalari’n ko’rkem poeziyada u’git – na’siyat, shaqi’ri’q, diniy didaktikali’q usi’lda propagandalawshi’ Ahmet Yassawiy do’retiwshiligindegi basli’ usi’llardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’.

Ku’nxoja lirikasi’ni’n’ basi’m ko’pshiligin janrli’q jaqtan nali’sh ha’m didaktikali’q qosi’qlar quraydi’. Didaktikali’q qosi’qlari’ xali’q poeziyasi’na, sonday – aq du’zilisi jag’i’nan Yassawiy hikmetlerine uqsap ketedi. Bunday uqsasli’q lirikali’q qaharmanni’n’ wo’zin nadan, haq so’zin qulag’i’na almag’an, wo’z joli’n taba almag’an si’yaqli’ wo’z kemshiliklerin moyi’nlap ayti’wi’nda ko’rinedi.

Maqti’mquli’ ma’g’riptey aldi’n’di’ bolja,
Qi’sqart so’zdi yendi sag’an joq wolja,
Bul zamanda a’were bolma Ku’nxoja,
Sende so’ytip jetim haqi’n jep qoyma. ( 55. 1984)

A’lbette, bul mi’salda shayi’r lirikali’q “ men” arqali’ wo’z da’wiri, ja’miyet toparlari’ ushi’n uli’wmali’q bolg’an na’siyatti’ na’zerde tutqan.

---

[24] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасыны□ жанрлық қәсийетлери ҳәм ра□ажланы□ тарийхы. Нөкис. Билим. 2004. 85- бет

H.Hamidov Ku'nxojani'n' u'git - na'siyat qosi'qlari'n jazi'wda stillik jaqtan Maqti'mquli' shi'g'armalari'nan u'lgi alg'anli'g'i'n aytadi'. Duri's, Ku'nxoja poeziyasi'ni'n' wo'sip jetilisiwinde Maqti'mquli'ni'n' da'stu'rleri u'lken ta'sir jasag'an. Soni' da atap wo'tiw kerek, Maqti'mquli' ha'm Ku'nxoja shi'g'armalari'nda ushi'rasatug'i'n wo'z - wo'zine na'siyat ayti'w ha'm tek g'ana wo'zine yemes, al sol arqali' bul du'nyada jasawshi' qas bendelerdi haqli'q joli'na shaqi'ri'wshi' bunday usi'l da'slepki ret Yassawiy hikmetlerinde qollani'lg'an. Bizge belgili, Maqti'mquli' Yassawiy mektebinen shi'qqan woni'n' sha'kirtlerinin' biri sanaladi'. Wol da Nawayi', Ma'shreb si'yaqli' Yassawiy da'stu'rlerin dawam yettiriwshi bolg'an. Demek, Maqti'mquli' poeziyasi'nda jiyi ushi'rasatug'i'n kitabi'y ra'wishtegi na'siyat ayti'w usi'li'ni'n' tu'p- tiykari' Yassawiyge bari'p taqaladi'. Soni'n' menen birge, Ku'nxoja qaraqalpaq poeziyasi'na shi'g'i'sqa ta'n ko'rkem formalardi' ali'p kelgen shayi'r boldi'. Klassik poeziyasi'n izertlewshiler jan'a formalardi' ali'p kiriwshi si'pati'nda A'jiniyazdi' atap ko'rsetedi. Haqi'yqati'nda da, A'jiniyaz shi'g'i'sqa ta'n quramali' formalardi' qaraqalpaq a'debiyati'na yendirdi. Biraq, ku'nxoja birinshilerden boli'p ruz sistemasi'ndag'i' ayi'ri'm formalardi', tillik, stillik da'stu'rlerdi do'retiwshilik laboratoriyasi'nda qayta islep qollang'an. Bunday formalar qatari'na qit'a, murabba formalari' da'slepki ret Ku'nxoja lirikasi'nda ko'rindi. Mi'sali', "Sen xojamsan', men quli'n'man" , " Shashi'w - saqali'n' sap - sari'" qosi'qlari' qit'a janri'nda transformaciyalani'p jazi'lg'an. Yag'ni'y, qayta islengen qit'a qit'ayiy dep ataladi'. Wo'zbek poeziyasi'ni'n' qosi'q quri'li'si'n izertlewshi ilimpaz Ummat Tuychiev " Adabiy turlar va janrlar" miynetinin' lirikani'n' janrli'q tu'rlerine qaray klassifikaciyalani'wi'na arnalg'an u'shinshi bo'liminde qit'a menen qit'ayiy formasi' arasi'ndag'i' pari'qti' bi'lay tu'sindiredi:

a) qit'a yeki qatardan baslanadi', ko'lemi sheklengen;
b) uyqasi' g'a'zzel uyqasi'na uqsas birew ( monorifmali');

c) taq qatarlar uyqaspaydi'.

Al qit'ayiy janri'nda bolsa:

a) ba'nt to'rtlikte g'ana ibarat;

b) bir qosi'q yeki yamasa wonnan arti'q to'rtlikten ibarat boladi';

c) ha'r bir to'rtlik wo'zinin' belgili bir uyqasi'na iye: a,b,v,b; g,d,e,d ha'm basqalar;

d) biraq bunda da jup qatarlar uyqaspaydi'.[25]

Mine usi' joqari'dag'i' keltirilgen belgilerdi inabatqa ala woti'ri'p tallaw jasag'ani'mi'zda, Ku'nxoja qollang'an aruz sistemasi'ndag'i' won bes, won alti' buwi'nnan ibarat qit'a formasi' jeti, segiz buwi'ng'a bo'linip, yeki misrag'a ( qatar ) aylandi'ri'lg'an ha'm transformaciyalani'p qit'ayiy janri'n payda yetken. Bundag'i' basli' sebep qit'a qatan' ta'rtip boyi'nsha aruz sistemasi'nda jazi'lg'an. Al bizin' a'debiyati'mi'z ushi'n bunday formalar yele yenispegen ha'm tu'siniksiz yedi. Sonli'qtan, Ku'nxoja bul janrdi' to'rt qatarli' jaydari' xali'q qosi'qlari'na bari'nsha jaqi'nlasti'ri'p, barmaq wo'lsheminde jazadi'.

Sen xojamsan', men quli'n'man, ( a )
Qul degenshe wo'zi joq, ( b )
Alla ra'bbim nashari'm bar, ( v )
Ilarag'a ko'zi joq. ( b )

Sol nasharg'a ko'z bermesen', ( g )
Du'nyani'n' mag'an ha'zi joq, ( d )
Qaytqi'l desen' qaytti'm joldan, ( e )
Ha'zireti Xojahmet Yassawiy. ( d ) ( 64. 1984 )

Qit'a janri'ni'n' transformaciyalang'an u'lgide Ku'nxoja poeziyasi'nda ushi'rasi'wi' woni'n' shi'g'i's poeziyasi'nan jeterli da'rejede xabari' bolg'anli'g'i'n bildiredi. Qosi'q muzikali'li'g'i' jag'i'nan aruz sistemasi'na

---

[25] Т□йчиев У. Адабий турлар ва жанрлар. Тошкент. « ФАН», 1992. Б. 232

jaqi’n. Qit’a wo’zbek a’debiyati’nda yen’ da’slep Ahmet Yassawiy hikmetlerinde qollani’lg’an.

Sonday - aq, Ku’nxoja shi’g’armalari’ni’n’ ideyasi’ bir bag’darg’a , yag’ni’y a’dalatsi’zli’q, zali’mlar ha’m a’shko’z baylarg’a, mu’lkdarlarg’a yel arasi’nda g’a’zep woyati’w ha’m quday g’a’zebi, dozaq azabi’ menen qorqi’ti’p, qayta ta’rbiyalaw bolg’an. Ko’pshilik qosi’qlari’ni’n’ mazmuni’nda usi’ ideya ko’rinedi. Ayri’qsha, “ Jetimnin’ haqi’n jep qoyma” qosi’g’i’nda jetim - jesirlerge mu’riwbet ko’rsetiw, wolarg’a jamanli’q qi’lmaw si’yaqli’ bir qansha qa’siyetlerdin’ ji’rlani’wi’ Yassawiy hikmetlerindegi ideyalardi’ yeriksiz yeske saladi’. Suwfiylik poeziyasi’nda mu’riwbet ko’rsetiw , mehirlilik Yassawiy lirikasi’nda da’slepkilerden boli’p basli’ ideyalar si’pati’nda wo’z aldi’na joqari’ qoyi’p ji’rlang’an na’siyatlardan yedi. Ku’nxoja da bul ideyani’ didaktikali’q usi’lda xali’qqa jetkerdi.

Mo’hmin bende, jetim haqti’n’ quli’dur,
Jetim haqi’n, nainsaplar, jep qoyma,
Tuwri’shi’li’q haq ba’zirgen joli’dur,
Jetimlerdin’ haqi’lari’n jep qoyma. ( 55 - bet )

Shi’g’armadag’i’ jetim - jesir, ja’rdemge mu’ta’j adamlar menen a’shko’z nainsaplar obrazi’n jasawdag’i’ ko’rkem da’stu’rlik usi’llar yeki shayi’r stilindegi jaqi’nli’qti’ ko’rsetedi.

G’arib, faqir, etimlarni har kim so’rar,
Rozi bo’lur ul bandadin parvardigor,
Ey bexabar, sen bir sabab o’zi asrar,
Haq Mustafa pandin eshitib aydim mano. ( 45 - bet )

Yassawiy de, Ku’nxoja da sawap is qi’li’p, haqli’q joli’na jetisiwdi u’gitlewde islam dini sha’riyat ta’rtiplerine a’mel qi’lg’an. Suwfiylikte bendenin’ joldan adasapay, ma’nawiy du’nyani’ pa’klew tasawwif ilimindegi basli’ sha’tlerden sanali’p, Ku’nxoja buni’ jaqsi’ an’lag’an ha’m “Tuwri’shi’li’q haq ba’zirgen yoli’dur” dep na’siyatlag’an.

Solay yetip, Ku'nxoja wo'z shi'g'armalari'nda awi'zeki xali'q u'lgileri menen bir qatarda jazba a'debiyat da'stu'rlerin, soni'n' ishinde Ahmad Yassawiydin' suwfiylik ko'z qaraslari'n basshi'li'qqa alg'an. Wol Yassawiydin' haqi'yqatli'q, socialli'q ten'lik, a'dalatli'q si'yaqli' aldi'n'g'i' ideyalari'n teren' wo'zlestirgen ha'm wo'zinin' publicistikaliq, didaktikali'q qosi'qlari'nda do'retiwshilik usi'llar menen sa'wlelendirgen.

## 2.2.Berdaq poeziyasi'nda Yassawiy ta'limati'ni'n' sa'wleleniwi

Ha'r qanday ko'rkem a'debiyat wo'z ara ta'sir na'tiyjesinde rawajlani'p baradi'. XIX a'sir qaraqalpaq jazba a'debiyati'n'i'n' gu'llep - rawajlani'wi'nda awi'zeki a'debiyat da'stu'rleri menen bir qatarda shi'g'i's tillerindegi jazba da'reklerdin' tikkeley ta'siri ku'shli bolg'anli'g'i' ma'lim. Akademik H.Hamidov Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaq ha'm Wo'tesh si'yaqli' klassik shayi'rlar do'retiwshiliginde Shi'g'i's xali'qalari' jazba a'debiyati'ni'n' tutqan worni' tuwrali' to'mendegishe pikir aytadi': " XIX a'sir qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' tvorchestvolari'na shi'g'i's tillerindegi jazba da'rekler tek g'ana ta'sir jasap qoymay, al wolardi'n' do'retiwshiliginin' tiykarg'i' da'reklerinin' biri boli'p xi'zmet yetiwi ta'biyiy jag'day".[26]

Haqi'yqati'nda da, klassik shayi'rlari'mi'z shi'g'isti'n' ulli' wa'killeri bolg'an Nawayi', Hafi'z, Maqti'mquli', Fizuliy, sonday - aq Yassawiy shi'g'armalari'n qunt penen u'yrenip shi'qqan ha'm wolardan u'lgi alg'an halda bahali' shi'g'armalar do'retip woti'rg'an. XIX a'sir klassik shayi'rlari', soni'n' ishinde Berdaq shayi'r do'retiwshiligin u'yrenip qarag'ani'mi'zda shi'g'i'sti'n' ko'rnekli wa'kili sufizm ta'limati'n tarati'wshi' Ahmet Yassawiydin' tasawwif ilimi da'stu'rlerinin' de belgili ta'siri ku'shli bolg'anli'g'i'n ko'remiz. Berdaq shayi'r lirikasi'n qanshelli u'yrensek te,

[26] Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсир қарақалпақ шайырлары . Нөкис. Билим.1991

yele de ashi’lmag’an qi’rlari’ ko’pshilikti quraydi’. XX a’sirdin’ 20-30-ji’llari’nda shayi’r poeziyasi’ ko’rkem miyras si’pati’nda u’yrenilip shi’g’i’lg’an yedi. Son’g’i’ da’wirlerge kelip tariyxi’y, filosofiyali’q, pedogogikali’q bag’darda qarap analizlew jolg’a qoyi’ldi. Degen menen, biz tu’sinip jetpegen ma’seleler talay g’ana. Solardi’n’ biri Berdaq do’retiwshiligin suwfiylik ideologiyasi’ ko’z qarasi’nda ali’p u’yreniw za’ru’r. Da’slepki da’wirlerde bazi’ bir ilimpazlar shayi’rdi’n’ lirikasi’n qaralap, woni’ ateist si’pati’nda ko’rsetiwge uri’ndi’. Woni’ dinge qarsi’ turi’wshi’ shayi’r si’pati’nda qosi’qlari’n kereksiz dep yesapladi’. Degen menen, keyingi da’wirdegi izertlewlerde bul pikir naduri’s yekenligi ani’qlani’p, kerisinshe, shayi’r islam aqi’ydalari’na si’yi’ni’wshi’ ha’m sha’riyat ni’zamlari’n xali’qqa tarati’wshi’ shayi’r bolg’anli’g’i’ da’lillendi. Woni’n’ do’retiwshilik a’lemine di’qqat awdarsaq, didaktikali’q mazmundag’i’ barli’q qosi’qlari’ sha’riyat ni’zamlari’, Quran su’wreleri, payg’ambar ha’disleri ideyalari’ menen suwg’ari’lg’anli’g’i’n ko’remiz. Shayi’r qosi’qlari’ni’n’ basli’ ideyasi’ da shi’g’i’s xali’qlari’ do’retiwshiligine bari’p tireledi. Shayi’r wolardi’ wo’zine ustaz tuti’p, wolardi’n’ do’retiwshilik da’stu’rlerinen ta’jriybeler artti’rg’an. A’sirese, Berdaq shayi’rdi’n’ qosi’qlari’na shi’g’i’s mistiklerinin’ ideyalari’ u’lken ta’sir tiygizgen. Shayi’r shi’g’armalari’n woqi’p qarasaq, sufizm ideologiyasi’, soni’n’ ishinde Yassawiy ta’limati’ ideyalari’ ayri’qsha wori’n iyeleydi. Wol medresede woqi’p ju’rgende shi’g’i’sti’n’ ko’p g’ana shayi’rlari’ni’n’ shi’g’armalari’n u’yrengen. Solar qatari’nda Ahmet Yassawiy, Bahawatdin Naqshbandi, Xoja Ahrar, Najmatdin Kubra, Azadi, Maqti’mquli, Nawayi’ ha’m basqalar lirikalari’ Bedaqti’n’ shayi’r boli’p jetilisiwinde ideyali’q da’rek xi’zmetin atqarg’an. Ayri’qsha, Yassawiydin’ suwfiylik ta’limati’ Berdaq shayi’rg’a ayri’qsha ta’sirin tiygizgen. Yeger Berdaq shi’g’armalari’n diniy ko’z qarasta qarap u’yrensek, wonda Yassawiy menen ideyali’q jaqi’nli’q ko’rinedi. Ma’selen, shayi’rdi’n’ “ Pana ber”, “ Bolg’an yemes”, “Bolmadi’”, “Ko’rindi”, “ Ten’iz bali’g’i’n bermedi” ha’m basqa da

qosi’qlari’ Ahmet Yassawiy hikmetleri menen ideya – tematikali’q jaqtan si’baylas keledi. Buni’ bir – birine socialli’q jaqtan jaqi’n bolg’an yeki xali’qti’n’ a’debiyati’ndag’i’ tipologiyali’q uqsasli’q dep bolmaydi’. Wonda belgili da’stu’rler de ko’zge taslanadi’. Mi’sal retinde shayi’rdi’n’ “ Bolg’an yemes” qosi’g’i’n tali’qlap wo’teyik.

Na’psin uraday ashqani’,
Abi’rayi’ni’n’ qashqani’,
Hesh waqi’t shoshqa shoshqani’,
Azi’wlasi’p jarg’an yemes.

Iyshanlarda miriwbet joq,
Ag’ayinde a’dalat joq,
Bayda qayi’r – sahawat joq,
Bir insapqa kirgen yemes. ( 20 - bet )

Bul qosi’qta shayi’r wo’z zamani’ndag’i’ ten’sizlik, ayi’ri’m molla – iyshanlardan miriwbet qashi’p, mu’lkdarlar na’psi ken’eyip, insapsiz boli’p ketkeni ayti’lg’an. Bir qarag’annan qosi’q zaman ten’sizliginen narazi’ shayi’rdi’n’ tolg’ani’slari’ boli’p ko’rinedi. Degen menen, woni’n’ tu’p - tiykari’nda teren’ filosofiyali’q mazmun berilgen. Qosi’qta shayi’r Yassawiydin’ hikmetlerine ta’n usi’l bolg’an a’shkaralawshi’li’q tendenciyasi’n qollang’an. Birinshi mi’salda shayi’r na’psini ti’yi’w kerekligin , woni’n’ unamsi’z aqi’betlerge ali’p keletug’i’nli’g’i’n aytadi’. Tasawwif ta’limati’nda bendenin’ ka’millikke jetisiwinde na’psini ti’yi’w birinshi wori’ng’a qoyi’ladi’. Bul ta’limatti’n’ wo’zi de bir waqi’tlari’ ja’miyet du’ziminde narazi’li’q, baylardi’n’ du’nya toplawg’a qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ni’n’ arti’p bari’wi’, kewlinde insani’yli’q muhabbat worni’na mal - du’nya ji’yi’wg’a degen muhabbatti’n’ iyelep, wo’z na’psinin’ quli’na aylani’wshi’li’q si’yaqli’ unamsi’z ha’reketlerine narazi’li’q ko’rinisi

si'pati'nda maydang'a kelgen yedi. Ahmet Yassawiy wo'z hikmetlerinde na'psini ti'yi'wdi', mal – du'nya ji'yi'wdan bas tarti'p, haq dep jasaw kerekligin u'gitleydi.

Nafs yo'liga kirgan kishi rasvo bo'lur,
Yo'ldan ozib, toyib, to'zib, gumroh bo'lur,
Yotsa- qo'nsa shayton bila hamroh bo'lur,
Nafsni tepkil, nafsni tepkil, ey badkirdor.

Nafsing seni oxir damda gado qilgay,
Din uyini g'orat qilib, ado qilgay,
Oqil ersang nafsi baddin bo'lg'il bezor.

Suwfiylik ta'limati'nda shariat, tariyxat, mag'rifat basqi'shlari'nan wo'tip, haqi'yqat basqi'shi'na jetisiw ushi'n yen' da'slep suwpi'li'q joli'n tan'lag'an bende na'psin ti'ya biliwi kerekligi ayti'ladi'. Sonli'qtan, suwfiy shayi'r Shayi'q Ruvim " Tasawwif – quday joli'nda na'psiden keshiw" , - dep bayan yetken. Qurani' Ka'rimnin' " Humaza" su'resinde ayti'li'wi'nsha, du'nya – mal ji'ynawg'a mehir qoyi'p jasag'an adam mal - mu'lki menen "qudaydi'n' woti'nda jani'p,nabi't boladi'." ( 5 – 6- ayatlar)

Tasawwifshiler insan ta'biyati'ndag'i' jaman ku'shlerdi uli'wmali'q tu'sinik penen " na'psi" ya'ki " na'psi ammora" dep atadi' ha'm wog'an qarsi' gu'res ja'riyaladi'. Mal - du'nya toplaw, na'psinin' za'ru'rligine qarap ju'riw qatti' qaralandi', insandi' jamanli'qlar ha'm ku'lpetlerden birden - bir tuwri' joli' - na'psini wo'ltirip qanaat penen hadal jasaw, ruwh – sabi'rdi' shi'ni'qti'ri'p, insanda insani'yli'qti', yag'ni'y ilahiyli'qti' jen'iw za'ru'r dep u'gitlendiriledi.

Berdaqti’n’ ko’pshilik qosi’qlari’nda na’psini ti’yi’w so’z yetiledi. Ahmet Yassawiy hikmetlerinde suwfiylik ideyalari’n yeki usi’lda jetkergen. Birinshisi - muhabbat mi’sali’ndag’i’ qosi’qlar mi’sali’nda , yekinshisi – didaktikali’q janrda. XIX a’sir qaraqalpaq shayi’rlari’ bolg’an A’jiniyaz bul yeki usi’ldi’ da ten’dey qollang’an bolsa, Ku’nxoja ha’n Berdaqlar didaktikali’q usi’lda Yassawiy da’stu’rlerin dawam yettirgen. Suwfiylik poeziyasi’nda da’rwishtin’ a’dep - ikramli’li’g’i’ joqari’ wori’n iyeleydi. Bunda birinshi na’wbette da’rwishke na’psini ti’yi’p, suwpi’li’q joli’na tu’siw talap yetiledi. Berdaq ta wo’z qosi’qlari’nda usi’ ideyani’ didaktikali’q mazmundag’i’ qosi’qlari’ mi’sali’nda sa’wlelendirgen. Mi’sali’, “ Qashan ra’ha’tlanadursan’” qosi’g’i’nda shayi’r tasawwif iliminin’ bas ideyasi “ka’mil insan” ideyasi’n ji’rlaydi’. Qosi’q bastan aqi’ri’na shekem didaktikali’q usi’lada jazi’lg’an. Wonda tek g’ana ka’mil insan ideyasi’ ha’m wog’an bari’w basqi’shlari’ g’ana yemes, al mu’riwbetlilik ideyasi’n da qatar tu’sindiredi. Mi’sali’:

Bolay desen’ yelge mi’rza,
Yel – jurti’n’di’ qi’lg’i’l i’rza,
G’a’riplerge berme i’za,
Wo’zin’ zi’yan ko’redursan’. ( 33 – bet )

Bul mi’salda shayi’r g’a’riplerge mu’riwbet ko’rsetiw u’lken pari’z yekenligin yeskertken. Tasawwif ta’limati’nda mu’riwbetlilik wo’z aldi’na koncepciya boli’p tabi’ladi’. Suwfiylik poeziyasi’ndag’i’ shayi’rlar bul koncepciyag’a ayri’qsha itibar qaratqan. A’sirese, Yassawiy rehim ha’m mu’riwbetlilikti si’yi’ni’w, haji’ ha’m ruwza si’yaqli’ sha’riyat pari’zlari’nan u’stin qoyadi’. Ha’mme waqi’t wolardi’n’ kewlin ali’w kerekligin yeskertedi.

So’z aydim: har kim bo’lsa diydor talab,
Jonni jonga payvand qilib, rangni ulab,

G’arib, yetim, faqirlarni ko’nglin siylab,

Ko’ngli butun xaloyoqdin qochdim mano.

Berdaqti’n’ qosi’qlari’nda da usi’ ideya sa’wlelengenligin ko’remiz. Shayi’r suwfiyliktegi mu’riwbetlilik koncepciyasi’n jaydari’ na’siyatlaw usi’li’nda beredi.

Duwri’ tutsan’ niyetin’di,

Xali’qqa bursan’ betin’di,

Si’ylasan’ g’arip – jetimdi,

Shi’n azamat boladursan’. ( 40 - bet )

Jetim - jesirlerdi qollaw ha’m usi’ ideyani’ u’gitlew Yassawiydegi basli’ talapardi’n’ biri. Berdaq ta Yassawiydin’ a’debiy joli’n dawam yettiriwshilerdin’ biri boldi’. Joqari’da biz mi’sal keltirgen qosi’qta ka’mil insan boli’p jetilisiw joli’nda basi’p wo’tiletug’i’n maqamlar haqqi’nda Berdaqti’n’ toli’q da’rejede xabari’ bolg’anli’g’i’n ko’remiz ha’m ha’r bir maqamg’a ayri’qsha toqtali’p wo’tken.

Tasawwif ta’limati’nda maqam ha’m hal tu’sinikleri ayri’qsha wori’n iyeleydi. Maqam ( ma’nzil ) suwfiydin’ ma’nawiy ka’milligi basqi’shlari’n an’latadi’. Abu Nasr Sarraj tariyxatta 9 maqam bar yekenligin atap ko’rsetedi:

1. Ta’wbe
2. Vaara
3. Zuhd
4. Paqi’r
5. Sabi’r
6. Qa’wip
7. Rajo
8. Ta’wekel
9. Riza

Usi’ ha’r bir maqamg’a wo’tiw bari’si’nda bende jismani’y ha’m ma’nawiy jaqtan pa’klenip baradi’. Na’tiyjede, yen’ son’g’i’ riza maqami’nda wol haq jamali’n ko’riwge mu’na’sip boladi’. Tasawwifte

sapar ( tariyxat ) obrazi' beriler yeken, ma'nzil obrazi' da keltirildi. Bul ma'nziller Quran ayatlari' menen belgilengen maqam atamasi' menen sa'wlelenedi. Yassawiy hikmetlerinde da'rwishtin' ( suwfiy ) wo'zin - wo'z ta'rbiyalawi' usi' maqamlar araqli' a'melge asatug'i'nli'g'i' bir neshe ret atap ko'rsetiledi. Berdaqti'n' "Qashan ra'ha'tlanadursan'" qosi'g'i'nda da joqari'dag'i' maqamlar izbe – iz na'siyat u'lgisinde keltirilgen. Qosi'qti'n' da'slepki shuwmaqlari'nda shayi'rdi'n' barli'q na'rselerden waz keship, wo'zin ta'rbiyalawg'a kirisiwin ko'remiz. Suwfiylikte bul ma'nzildi ta'wbe maqami' dep ataydi'. Bunda da'rwish sha'riyatqa formal jantasi'w'i' menen baylani'sti' u'ziwge jan – ta'ni menen kirisedi ha'm wo'z - wo'zin ta'rbiyalawg'a beriledi. Bul - da'rwish ushi'n yen' a'hmiyetke iye bolg'an ruwhi'y mu'ra'ja't formasi'. Yeger sha'riyatta ta'wbe, gu'nani' ta'n ali'w , wo'kiniw , usi' gu'nani' ta'kirarlamaw maqseti bolsa, tasawwiftin' bul tu'sinigi teren' mazmun an'latadi'. Adamni'n' niyeti wo'zgeredi, woni'n' barli'q woyi' , pikiri qudayg'a qarati'ladi'. Sol sebepli gu'nalar u'stinde woylamaw ya'ki wolardan wo'kinbew suwfiy ushi'n bul da'wirde keshirilmeytug'i'n qa'telik boli'p tabi'ladi'. [27]

Yassawiy ta'wbege kelgen bende yerten'gi ku'ni ja'nnetke kirip, qudaydi'n' jaqsi'li'g'i'na duwshar bolatu'g'i'nli'g'i'n aytsa, al ta'wbe qi'lmay, quday i'shqi'nda janbag'an adamlar yerten'gi ku'ni dozaq ishinde azap penen janadi' dep tu'sindiredi.

Tovba qilib haqqa yongan oshiqlarga,
Uvhmoq ichra to'rt arig'da sharbati bor,
Tovba qilmay haq yonmagan g'ofillarga ,
Tor lahadda qattig' azob - hasrati bor.
Uchmoq mulkin u'qgan qullar tovba qilsun,

---

[27] Бертельс Е. Э. Сўфизм ва тасаввуф адабиёти. Тошкент. « Ўзбекистон Миллий энциклопедияси» Давлат илмий нашриёти, 2005. Б. 63

Tovba qilib hazratig'a yuvuq bo'lsin,

Huru qusur, g'ilmon vildan xodim bo'lsun,

Alvon - alvon kiyar tashrif xil'ati bor. ( 99 - bet )

Berdaqti'n' qosi'qlari'nda shayi'rdi'n' ta'wbege keliwi, sha'riyat joli'na tu'siw kerekligi haqqi'ndag'i' ideyalari' u'git - na'siyatlaw u'lgisinde sa'wlelendiriledi.

Haq joli'na belim bag'lap,

Qara bag'ri'm turman dag'lap,

Ju're almadi'm bes ku'n shag'lap,

Pitpedi miytnetim menin'. ( " Menin'" 66 – bet )

Haqqa a'silik a'ylemeyin,

Da'nekersiz ju'ylemeyin,

Hasla jalg'an so'ylemeyin,

Mudam tuwri' so'zler yedim. ( " Izler yedim" 44 – bet )

Shayi'r usi'lay wo'zinin' kemshiliklerin ta'n aladi' ha'm haq joli'na tu'sedi. Da'rwish ta'wbege keliw menen qudayg'a wo'zin bag'i'shlaydi'. Yeger wol usi' basqi'shatan wo'te alsa, tariyxattin' yekinshi ma'nzili vaara basqi'shi'na jol aladi'. Bul basqi'shti'n' yen' xarakterli ta'repi sonda, wonda da'rwish haram ( " ruxsat yetilmegen" ) menen hadaldi' ( " ruxsat yetilgen" ) pari'qlawda ku'ta' abayli'li'q penen is ko'redi.

Shibliydin' ko'rsetiwinshe, tasawwifte vaarani'n' u'sh ko'rinisi bar: til vaara, yag'ni'y tildi biyma'ni ga'pler ushi'n jumsamaw, g'i'ybat qi'li'wg'a berilmew; ko'z vaarasi' - gu'manli' na'rselerden saqlani'w, jaman na'rselerge qaramaw; kewil vaarasi', yag'ni'y pa's qi'li'qlardi' taslap, jaman illetlerdi qi'lmaw. Berdaq tildi biyhuda na'rselerge, g'i'ybat, wo'sek ushi'n jumsamaw kerekligin aytadi':

Qoli’n’ u’zbe yel - yelattan,

Qashi’q ju’rme ja’ma’a’ttan,

Qashar bolsan’, qash g’i’ybattan,

G’i’ybat jaman biledursan’. ( 46 - bet )

Bul qatarda shayi’r tilge ti’yi’m sali’w kerekligin, g’i’ybat so’zlerden qashi’wg’a, wonnan ji’raq ju’riwge na’siyatlaydi’. Al qosi’qti’n’ keyingi shuwmaqlari’nda jaman islerdi qi’lmaw kerekligi haqqi’ndag’i’ shayi’rdi’n’ na’siyatlari’n ko’remiz.

Duwri’ tutsan’ niyetin’di,

Xali’qqa bursan’ betin’di,

Si’ylasan’ g’a’rip - jetimdi,

Shi’n azamat boladursan’. ( 40 - bet )

Avtor xali’qqa jaqsi’ isler islewdi u’gitlew arqali’ wo’zin de usi’ talaplar boyi’nsha ta’rbiyalaydi’. Niyetti ha’mme waqi’t pa’k tuti’w ha’r bir qas bendenin’ wazi’ypasi’ yesaplanadi’. Yeger usi’ vaara basqi’shi’nan wo’te alsa, suwfiy zuhd ( na’psini ti’yi’w ) maqami’na jetisedi. Wol vaarani’n’ dawami’ yesaplanadi’. Biraq bunda tag’am ha’m ishimlikten saqlani’w, gu’na’ islerden , qudaydan uzaqlasti’ri’wshi’ barli’q wo’tkinshi islerden ti’yi’li’wg’a ayri’qsha a’hmiyet beriledi. Berdaq wo’z shi’g’armalari’nda miynet penen hadal pul tawi’p, iship - jemesen’, ji’yg’an du’nyan’ ne ushi’n abzal dep ko’rsetedi. Yassawiy hikmetlerinde mal - du’nya ji’yi’wg’a kewil bo’lgenlerdi qatti’ kritika asti’na aladi’.

Peylin’ ketip, na’psin’di ashpa,

Mali’m bar dep toli’p taspa,

Jarli’ni’ ayaqqa baspa,

Sen de jarli’ boladursan’. ( 40 - bet )

Bul mi’salda shayi’r na’psini ti’yi’wg’a shaqi’radi’, woni’n’ jaman illet yekenligin atap ko’rsetedi. Na’psi barli’q gu’nalardi’n’ yen’ awi’ri’. Sebebi, wol ruwhi’y ha’m jismani’y pa’kleniwge ti’yi’m saladi’. Sonli’qtan, Yassawiy wog’an bari’nsha qarsi’ turg’an. Hikmetlerinde na’psini insani’yli’q dushpani’, iyman dushpani’ dep g’a’zep penen qaralag’an yedi.

Na’psini ti’yi’w, wo’zin barli’q jaman illetler islewden ti’yi’m sali’w maqamlardi’n’ u’shinshi basqi’shi’ - zuhd boli’p tabi’ladi’. Woni’n’ ma’nisi parhez , ta’wbe qi’li’p, ma’nawiy za’lel keltiretug’i’n gu’manlardan saqlani’w. Ahmet Yassawiy hikmetlerinde usi’ maqamlarg’a ayri’qsha di’qqat awdaradi’.

Qosi’qti’n’ son’g’i’ shuwmag’i’nda vaara, zuhd maqamlari’nan basqa faqir ( “ kambag’alli’q” ) maqami’ berilgen. Bul maqamda suwfiy qudayg’a bendelik keltiredi. Bendelikti keltiriw qudayg’a si’yi’ni’w, ruwza tuti’w arqali’ a’melge asi’ri’ladi’. Berdaq ka’millikke jetisiwde bes waqi’t namaz woqi’p, ta’wbege kelip, ruwza tuti’w basli’ sha’rtler dep tu’sindiriledi. Bul maqamda da’rwish du’nyani’n’ bar suli’wli’qlari’nan, iship - jewden bas tartadi’.

Berdimurat der shertip sazdi’,
Ba’ha’r yetip qi’si’ – jazdi’,
Ruwza tutpay, bes namazdi’,
Mudam qaza qi’ladursan’. ( 46 - bet )

Ahmad Yassawiy bul jag’daydi’ bi’lay ta’riypleydi:

Etti yoshda Arslon bobom berdim salom,
Haq Mustofo omonatin qildim in’om,
O’shal vaqtda ming bir zikrin qildim tamom,
Nafsim o’lib lomakonga oshdim mano. ( 45 – bet )

Shayi’r barli’q na’rseden ti’yi’li’p, du’nyawi’y islerden waz keshkenin ha’m quday dep loma’ka’ng’a ( qudayg’a jetisiw ma’nzili ), jer asti’na kirgenligin aytadi’. Paqi’r maqami’nan keyingi ka’millikke jetisiwdegi besinshi basqi’sh - sabi’r maqami’ yesaplanadi’. Sabi’r - taqat, shi’dam, suwfiyler tilinde qi’yi’nshi’li’qlardan shikayat qi’lmaw, a’sirese, qudaydan basqasi’na nalasi’n aytpaw, jalbari’nbaw boli’p tabi’ladi’. Tasawwifte sabi’r - iymanni’n’ yari’mi’ dep keltiriledi. Sebebi, suwfiydin’ basli’ dushpani’ bolg’an na’psi sabi’r arqali’ ji’lawlanadi’. Sabi’r - qanaat, maqset joli’nda pidayi’li’q haqi’yqi’y ashi’qti’n’ ( suwfiy ) joqari’ pazi’yleti yesaplanadi’. Soni’n’ ushi’n da, Yassawiy sabir - qannat qi’lg’an adamni’n’ yerten’gi ku’ni a’rmani’ bolmaydi’ dep keltiredi.

Nafsdan kechib, qanoatni pasha qilg’on

Har kim topsa, rozi bo’lib, bo’yin sung’on,

Yaxshilarga xizmat qilib, duo olg’an,

Andoq oshiq mahshar kuni armoni yo’q. ( 80 - bet )

Berdaq shayi’r haq joli’na tu’ssen’, sabi’rli’ bol, sabi’r arqali’ wog’an jetisiwge boladi’ dep tu’sindiredi.

Haq joli’nda sabi’r yetip,

Ju’rme dosqa ja’bir yetip,

Talabi’n’a i’qlas yetip,

Bolajag’i’ni’ bilgeysiz. ( “ Bilgeysiz” 79 - bet )

Demek, tariyxat basqi’shlari’nan su’rinbey wo’tiw ushi’n yen’ birinshi gezekte da’rwishke sabi’rli’ boli’w talap yetiledi. Sonda ga’na wol haq diydari’n ko’riwge mu’na’sip boli’w’i’ mu’mkin.

Berdaq lirikasi’nda mu’riwbetlilik koncepciyasi’ menen bir qatarda ka’mil insan koncepciyasi’ haqqi’nda da ayti’ladi’.

“ Ka’mil insan - bir ideal,barli’q du’nyawiy ha’m ilahiy bilimlerdi iyelegen, ruwhi’ ma’ngi ruwhqa tutas, kewli jaqsi’li’q sezimlerge toli’ insan.” [28]

Shayi’rdi’n’ “ Izler yedim” qosi’g’i’ bastan - ayag’i’na shekem lirikali’q qaharmanni’n’ haq diydari’n ko’riw u’mitinde haq joli’n izlep ketiwi, bul joldag’i’ mashaqatlar ha’m qi’yi’nshi’li’qlarg’a wo’zine jol basshi’ ( ustaz ) tan’alaw arqali’ g’ana jetisiw mu’mkinligin tu’sindiredi. Soni’n’ menen qatar qosi’qta fana da qatar qollani’lg’an. Fana koncepciyasi’ ( tavakkul) bul - du’nyada barli’q na’rse wo’tkinshi yekenligi, tek g’ana jarati’wshi’ ma’n’gilik yekenligi haqqi’ndag’i’ koncepciya boli’p tabi’ladi’. Kewlinde ma’n’gi diydardi’ ko’riw ushi’n islam ta’limati’ boyi’nsha shariat, tariyxat, mag’ripat, haqi’yqat basqi’shlari’nan wo’tiw kerek. “ Mag’ripat ma’nzilinde insan quday ma’nisin toli’q an’lap, a’deplilikte ka’millesedi ha’m suwfiy degen u’lken ataqqa iye boladi’. Fana bolsa “bendenin’ quday ta’repke qaray sayaxati’” ni’n’ juwmaqlani’wi’”[29]. Wol wo’zliginen keship quday menen tabi’sadi’. Demek, fana - joqli’q koncepciyasi’. Wol bendenin’ haqli’q joli’nda ta’rki du’nyashi’li’qqa berilip, wo’zin jog’alti’wi’ yemes, al U.S.Braginskiy aytqani’nday, “ fana koncepciyasi’ ta’kabbirlikke qarsi’ mu’riwbetlilik penen qatnasi’” boli’p tabi’ladi’. Ahmet Yassawiy tiykari’nan fanadan ta’kabbirlikke qarsi’ mu’riwbetlilik filosofiyasi’ si’pati’nda paydalang’an. Yassawiydegi usi’ ideya Berdaq shayi’r lirikasi’na da wo’z ta’sirin tiygizgen. Shayi’r qosi’qti’n’ da’slepki shuwmag’i’nda joqli’q a’lemine tu’sinik beredi, wonnan wo’z joli’n izleydi, biraq bul jolda wol “hesh kimge” joli’qpaydi’.

Jog’i’mnan tappadi’m da’rek,
Sa’rdari’mdi’ izler yedim,

---

28 Комилов Н. Тасаввуф. Тошкент. «Movanounnahr» - «O’zbekiston», 2009. Б. 130

29 Ҳаққулов И. Аҳмад Яссавий.// Аҳмад Яссавий. Ҳикматлар. Тошкент. « Ғафур Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти», 1991. Б. 27

Men sorli’g’a da’wran kerek,

Da’wrani’mdi’ izler yedim. ( 41 - bet )

Shayi’r usi’lay wo’zi izlegen “ joqli’ni’” ushi’rati’wdi’ woylaydi’. Buni’n’ ushi’n wog’an bari’w joli’n da siltep ko’rsetedi. “ Sa’rdari’mdi’ izler yedim” dep jazg’an shayi’r ka’millikke ali’p bari’wshi’ qa’weterli jolda wog’an jol siltewshi jol basshi’ sa’rdar za’ru’r dep tu’sindiredi. Qosi’qta sa’rdar - ka’mil insan ti’msali’ si’pati’nda sa’wlelengen. Shayi’r haqqa si’yi’ni’w arqali’ haqli’q joli’na tu’sip, wo’zi izlegen ka’mil insandi’ tappaqshi’ boladi’.

Haqqa nali’sh yeteyin men,

Wo’tirik so’ylep neteyin men,

Haq jol izlep keteyin men,

Bir imkani’n go’zler yedim. ( 41 - bet )

Suwfiylik joli’na tu’sken murshiydtin’ haqi’yat basqi’shi’na jetip, haq diydari’na yerisiwi, bir neshe mashaqatli’ jollardi’ basi’p wo’tiwdi talap yetedi. Berdaq bul joldi’n’ qi’yi’nshi’li’g’i’n bi’lay tu’sindiredi:

Bir ko’kirek , yeki ari’s,

Jollar awi’r, ma’nzil ali’s,

Ju’regi misli jolbari’s,

Nag’i’z sherdi izler yedim.

Tasawwif ta’limati’nda ka’millikke jetisiwde 4 basqi’sh: shariat, tariyxat, mag’ripat ha’m haqi’yqat , soni’n’ ishinde tariyxat basqi’shi’nda 9 maqamdi’ basi’p wo’tiwi talap yetiledi. Muriyd ( Sali’h) pir qoli’nda mine usi’ ruwhi’y - ma’nawiy basqi’shlardi’ basi’p wo’tiwi kerek.

Shayi’r qosi’qta shi’n kewli menen haqtan jali’nadi’, wo’z pariyadi’n aytadi’. Qosi’qti’n’ keyingi shuwmaqlari’nda shayi’rdi’n’ wo’z qa’teliklerin, kemshiliklerin moyi’nlaw , wo’zin ayamastan a’shkaralaw

halati’n da ko’remiz. Buni’ tasawwif iliminde malomatiya ag’i’mi’ dep ataydi’. Bug’an ko’re adam wo’zin - wo’zi analizden wo’rtkeredi, kemshiliklerin malamat joli’nda pash qi’ladi’. Wo’zinin’ kemshiliklerin moyi’nlaw , a’sirese, Ahmet Yassawiyde ko’p gezlesedi. Mi’sali’:

Ko’nglim qattiq, tilim achchiq, o’zim zolim,
Quron o’qib amal qilmas yolg’on olim,
G’arib jonim sarf aylayin, yo’qdir molim,
Haqdin qo’rqib o’tqa tushmay pishdim mano. ( 44 – bet )

Berdaq shayi’r da Yassawiy si’yaqli’ wo’zinin’ kemshiliklerin moyi’nlaw, a’shkaralaw tendenciyasi’n a’debiy da’stu’r si’pati’nda wo’zlestiredi.

Qam su’t yemgenmen anadan,
Bir ushqan ko’zsiz sonaman,
Sog’an di’m ku’yip - janaman,
Jaqqti’li’ jol izler yedim. ( 42 - bet )

Qosi’qti’n’ birinshi qatari’ndag’i’ “ Qam su’t yemgenmen anadan” degeninin’ ma’nisi lirikali’q qaharmanni’n’ jaman a’detlerden ( menmenlik, ta’kabbirlik, na’psi) quti’la almag’anli’g’i’ bolsa, “ Bir ushqan ko’zsiz sonaman” qatari’nda muriydtin’ kewil du’nyasi’, bati’ni’y a’lemi, qa’lbi g’a’plet uyqi’si’nan yele ashi’lmag’anli’g’i’n an’latadi’. Shayi’r ta’kabbirlikten quti’li’wg’a ha’rket yetedi. Soni’n’ ushi’n da, Yassawiy si’yaqli’ fana koncepciyasi’n qollaydi’. Lirikali’q qaharman wo’zindegi kemshiliklerden quti’la almag’anli’g’ina ku’yip - janadi’. Wonnan quti’li’w ushi’n jaqti’li’ jol izleydi ha’m bul jol ka’millik joli’ yekenligin tu’sindiredi. A’lbette, sol ka’millik joli’na jetisiwde yen’ birinshi na’wbette pir ko’megi kerek boladi’. Pir tu’rli usi’llar menen muriydti ta’rbiyalap, woni’n’ ishki bati’ni’y a’lemin bayi’ti’w, ha’m zahiriy, ha’m suwfiyana

ilimlerdi u’yretiw bari’si’nda sezim ha’m ruwhti’ shari’qlap, na’ziklestirer yedi.

Tasawwifte qam - haq ha’m haqi’yqatti’ yele jetik tu’sine almasli’q, ka’milliktegi kemshilik halati’ yesaplanadi’. Berdaq buni’ tu’singen ha’m wo’zine jol basshi’ ( shayi’q ) izlep ati’rg’anli’g’i’n aytadi’.

Joli’nan adasi’p qalg’an,
Mo’hminlerge sa’rdar bolg’an,
G’a’rip - qa’serdi qollag’an,
Meyribani’m izler yedim. ( 42 - bet )

Ahmet Yassawiy hikmetlerinde tariyxat basqi’shi’nan wo’tip haqi’yqatli’qqa jetisiwde murshidtin’ ko’megi kerekligi bir neshe ma’rte yeskertilip wo’tiledi.

Tariqatga siyosatlig’ murshid kerak,
Ul murshidga e’tiqodlig’ murid kerak,
Xizmat qilib pir rizosin topmoq kerak,
Mundoq oshiq haqdin ulush olur ermish. ( 166- bet )

Suwfiylik iliminde murshiydtin’ ja’rdeminde haqi’yqat basqi’shi’na jetisiw mu’mkin. Shayi’r buni’ an’lap jetedi ha’m sol haqi’yqat basqi’shi’na jetisiwdi a’rman yetedi.

Men sharq uri’p Shamg’a ketsem,
Bilgenimdi bayan yetsem,
Hasli’ g’ayri’ yelge ketsem,
Qanday ma’det alar yedim. ( 42 – bet )

Shayi’r siltegen “Sham” , “ hasli’ g’ayri’ yel” bul - haqi’yqat basqi’shi’. Bul jerde shayi’r haqi’yqi’y realli’qtag’i’ ma’kan haqqi’nda ayti’p woti’rg’an joq. Wol izlegen yel haqi’yqatli’q basqi’shi’ ha’m sol

arqali’ quday menen duslasi’w, woni’n’ diydari’n ko’riwge mu’na’sip bolmaq. shayi’r usi’ ideyani’ qosi’qti’n’ yen’ son’g’i’ shuwmag’i’nda uli’wmali’q ideya si’pati’nda juwmaqlasti’ri’p aytadi’.

Berdimurat izle - izle,
Haq joli’ni’ tuwri’ go’zle,
Ne so’ylesen’, jaqsi’ so’zle,
Haq diydari’n izler yedin’. ( 44 - bet )

Mine shayi’rdi’n’ go’zlegen maqseti. Wol barli’q basqi’shlardan wo’tip, tuwri’ so’zlep, haq joli’na tu’siw arqali’ woni’n’ diydri’n izleydi. Buni’n’ ushi’n joqari’da atap wo’tkenimizdey, mashaqatli’ jollardan wo’tiw talap yetiletug’i’nli’g’i’n tu’sindiredi. Demek, shayi’r tikkeley sufist bolmasa da, shi’g’i’s mistikleri arasi’nda Ahmet Yassawiy ideyalari’n dawam yettirgen. Bunnan ko’rinedi, Berdaq tasawwif iliminen bir qansha xabardar bolg’an. Bunda wol Ahmye Yassawiydi wo’zine ustaz sanap, woni’n’ ideyli’q da’stu’rlerin wo’zlestirgen.

Ha’r qanday turmi’sl’q ha’diyseler, shayi’r kewlinde keshken tolg’ani’slar, ta’shwishli woylar wol jaratqan obrazlarda wo’z sa’wleleniwin tabadi’. Shayi’r lirikali’q “ men” i ha’m lirikali’q obrazlar ja’rdeminde wo’zi jasap turg’an socialli’q turmi’s ta’rizin , adamlar ha’m da’wir ruwhi’n ayqi’n su’wretlep beredi.

XIX a’sirde jasag’an Berdaq shayi’r da wo’zinin’ kewil keshirmelerin, teren’ woylari’n wo’zi jasag’an obrazlarda sa’wlelendiredi. Woni’n’ ko’p g’ana shi’g’armalari’nda haq, quda, jaratqan, subhan, perishte, payg’ambar, molla - iyshan uqsag’an diniy terminlerdi, tu’siniklerdi jiyi ushi’ratami’z. Wolar lirikali’q qaharmanni’n’ woy – pikirlerin, turmi’sqa , ja’miyetke , dinge bolg’an poziciyasi’n beriwde uti’mli’ qollani’ladi’. Mi’sali’, bir g’ana “ quday” atamasi’ bir neshe ko’riniste qollani’ladi’:

Berseler **alla** dadi’mdi’,

Yesitseler pa’ryadi’mdi’… ( “ Izler yedim” 30 – bet)

Berdimurat **haqti’n’** quli’,

Sahrada wo’sken bu’lbili… ( “ Wo’mirim” 43 – bet )

Berdimurat kibi haqti’n’ quli’na,

**Ta’n’rim**, sahawatli’ anan mehrin ber. ( “ Mag’an ber” )

Mine, joqari’da keltirilgen bul qatarlarda quda atamasi’ bir neshe tu’rde, yag’ni’y, ta’n’ri, haq, alla tu’rinde qollani’lg’an. Shayi’r islam ta’limati’na a’mel qi’lg’an halda wo’zin “haqti’n’ quli’” dep yesaplaydi’, yag’ni’y qudani’n’ bar yekenligin moyi’nlag’an has musi’lman dep sanaydi’. Wo’zin “qudani’n’ quli’” dep tani’w , a’sirese, yeski tu’rkiy poeziya klassiklerinin’ biri Ahmet Yassawiy hikmetlerinde ko’p gezlesedi. Hikmetlerinin’ son’i’nda wol “ qul Xoja Ahmad” dep wo’z ismin keltirip wo’tedi:

Qottig’lanib qul Xoja Ahmad, yo’lg’a kirgil,

Quli bo’lsang, quli bo’lib mano surgil,

Yo ilohim, ruza qilsa, ma’no olgil,

Ma’no so’rab, ma’no olg’an chin qul bo’lur.

Diniy ta’limatti’ sa’wlelendiriwde Yassawiy si’yaqli’ wo’zin “ haqti’n’ quli’” dep moyi’nlaw da’stu’rinin’ Berdaq do’retiwshiliginde qollani’li’wi’ usi’ shayi’rdi’n’ Yassawiy ta’limati’ni’n’ , hikmetlerinin’ mazmuni’n’ teren’ men’gergenin guwali’q beredi. A’sirese, shayi’rdi’n’ yumor - satirali’q ha’m didaktikali’q janrdag’i’’ qosi’qlari’nda din iyelerinin’ unamsi’z obrazi’n jasaw Ahmet Yassawiydin’ obraz jasaw usi’li’ menen u’nles boli’p keledi. Yeki shayi’r da wo’z qosi’qlari’nda din iyelerinin’ unamsi’z ta’replerin, jaramsi’z qi’li’qlari’n , sha’riyat ni’zamlari’n buzg’ani’n bari’nsha si’ng’a aladi’. Mi’sali’, Ahmet Yassawiy bi’lay dep keltiredi:

Darvishmen deb toat qilur xalq ichinda,

Riyo qilib, yugrub yurar anda – munda,

Alloh uchun toat qilgan darvish qanda,

Chin darvishlar tog'u cho'lni makon qilur.[30]

Shayi'r xali'q ishindegi haq joli'na tu'sip, ta'rki du'nya da'rwish boldi'm dep adamlardi' aldap ju'rgen ayi'ri'm din iyelerin usi'lay si'ng'a ali'p, ta'riyplep ko'rsetedi. Woni'n' pikirinshe jalg'an da'rwishler si'rtqi' ssu'wretin kelistirip, xali'qti'n' hu'rmet - izetine bo'leniwdi maqset yetedi, biraq ko'n'li wog'an duri's kelmeydi, al shi'n da'rwishler haqqa kewlin berip, du'nyani'n' jalg'an qi'zi'g'i'nan bezip, a'piwayi' turmi's keshirip, tawdi', sho'ldi ma'kanlap ju'redi. Berdaqti'n' " Megzer", " Bolg'an yemes", "Bermedi", " Bolmadi'" si'yaqli' qosi'qlari'nda Xoja Ahmet Yassawiy menen jaqi'n u'nleslik seziledi. Mi'sali':

Uli's ulamadan buzi'lsa neter,

Iyshani'n' Ibliske da'rs u'yreter,

Kelinnin' bo'ksesin shi'mshi'lap wo'ter,

Ulaman' iblisten az g'ana megzer. –

dese, " Bolg'an yemes" qosi'g'i'nda :

Iyshanlarda miriwbet joq,

Ag'ayinde a'dalat joq,

Bayda qayi'r - saqawat joq,

Bir insapqa kirgen yemes. –

dep ayi'ri'm uli's - ulamalardi'n' din joli'n buzi'p, iyshanlardan mu'riwbet qashqani' ha'm woni'n' ko'n'lin shaytan jaylap ketkeni

---

30 Аҳмад Яссавий. Девони ҳикмат . Тошкент. « Ғафур Ғулом номидаги нашриёт – матбаа бирлашмаси», 1992. Б. 98

a’shkaralanadi’. Shayi’r iyshan obrazi’n su’wretlew arqali’ sol da’wirdegi turmi’s ha’diyselerine wo’z bahasi’n beredi. Ideyali’q jaqtan din iyelerinin’ pa’s qi’li’qlari’n si’ng’a ali’w Berdaq shayi’r do’retiwshiliginde wol jasag’an zaman ruwhi’ menen baylani’sli’ bolsa da, Yassawiy hikmetleri belgili da’rejede Berdaq do’retiwshiligine ta’sir jasap woti’rg’an. Wo’ytkeni, shi’n kewilden haqqa iseniw, al bul jolda wo’zin “ qudani’n’ quli’man” dep ju’rgen ayi’ri’m molla - iyshanlardi’n’ qi’li’qlari’n a’shkaralaw da’slepki ret Xoja Ahmet Yassawiy hikmetlerinde ko’rinedi. Yassawiyden son’ bunday a’shkaralaw Nawayi’, Ma’shreb, Maqti’mquli’ poeziyasi’nda ko’remiz. Demek, sha’riyatti’ buzg’an ayi’ri’m din iyelerin a’shkaralawshi’ si’pattag’i’ shi’g’armalar jazi’w Ahmet Yassawiyden baslani’p, son’ wol a’debiy da’stu’rge aylang’an yeken. Berdaq bul da’stu’rdi men’gerip, woni’ wo’z zamani’na sa’ykes yetip dawam yettirgen. Wol xali’qti’n’ joqari’ qatlam wa’killerinin’, soni’n’ ishinde ayi’ri’m din iyelerinin’ sha’riyat ni’zamlari’n buzi’p, wo’z wazi’ypalari’n umi’tqani’n, insani’yli’q wo’lshemlerden shi’g’i’p ketkenin ku’yinip a’shkaralaydi’:

Bayda sahawat qalmadi’,

Iyshanda sha’pa’a’t bolmadi’… ( “ bermedi”. 45 – bet )

Bul zamanni’n’ iyshan - biyi,

Qaradan ko’pdur gu’nayi’…

Shariyat joli’ bolmadi’. ( “ Bermedi” . 140 - bet )

Ahmet Yassawiy wo’z hikmetlerinde wolardi’ du’nya ushi’n na’psin ashqan adamlar retinde atap wo’tse, Berdaq sol waqi’ttag’i’ molla - iyshanlardi’n’ qara ( a’piwayi’) xali’qqa sali’sti’rg’anda da gu’nalari’ ko’p yekenligin ashi’qatan - ashi’q a’shkaralaydi’. Sonday –aq, bul jolda wolar ushi’n meshit “ din qurali’” xi’zmetinde, yag’ni’y wolar meshitti ba’nelep, xali’qti’ aldap ju’rgenligin aytadi’.

Din qurali’ meshit boldi’,

Patshalardan bejit boldi’. ( “ G’ardishi”. 52 - bet )

Bul publicistikali’q qosi’qta XIX a’sir ha’diyseleri , adamlardi’n’ ku’n - ko’ris jag’daylari’ ani’q bayanlanadi’. Sha’riyat joli’nan ju’rgen boli’p, biraq wog’an toli’q a’mel qi’lmag’an ayi’ri’m “ mollasi’maq” adamalarg’a Berdaq “ Bolmadi’” qosi’g’i’nda bi’lay na’siyat beredi:

Molla bolsan’ ilimdi tut,

Jalg’i’z wo’zin’ bolmaysan’ jurt,

Ka’spin’ senin’ isin’ jo’hit,

Duwri’ birewi bolmadi’. ( 140 – bet)

Bul qosi’qta wol ilim u’yreniwge, sha’riyat ni’zamlari’na boysi’ni’wg’a ha’m wog’an toli’q a’mel qi’li’wg’a shaqi’radi’.

Adamlardi’ duri’sli’qa shaqi’ri’w didaktikasi’ sol da’wirdegi socialli’q du’zimdi, u’stem qatlamlardi’n’ wa’killerin belgili da’rejede kritikalaw menen qosa ali’p bari’ldi’. Wolardi’ kritiklaw, a’lbette, diniy dogmalardi’n’ ku’shin qayta tiklew maqsetinde islengeni wo’z - wo’zinen belgili. Berdaqti’n’ joqari’da keltirilgen qosi’qlari’nda da usi’ maqset ko’zde tuti’lg’an. Wol din iyelerin, baylardi’ kritikalaw arqali’ wolardi’ ja’miyetke qarsi’ qoyi’w yemes, al kemshiligin ayti’w arqali’ duri’s jolg’a shaqi’radi’. Berdaqti’n’ qosi’qlari’ Yassawiy hikmetleri tili menen u’nles keledi. Yeki shayi’r da ashshi’ kritikalaw, ayamastan wo’zgelerdin’ de, wo’zinin’ de ayi’bi’n , kemshiligin ashi’p taslawg’a uri’nadi’.

Solay yetip, Berdaqti’n’ ayi’ri’m ruwxani’yalar obrazi’n si’n asti’na ali’p jarati’wi’nda Xoja Ahmet Yassawiy do’retiwshiliginin’ belgili da’rejede ta’siri bolg’anli’g’i’ joqari’da keltirilgen mi’sallardan ani’q ko’rinedi.

Berdaq shayi’r tikkeley bul du’nyani’n’ ra’ha’tinen waz keship, haqqa jetisiw ushi’n wo’mirin bag’i’shlamag’ani’ menen Ahmet Yassawiy

ta’limati’ndag’i’ ayi’ri’m ko’rkemlik motivlerdi, da’stu’rlerdi wo’z shi’g’armalari’nda sheberlik penen paydalana alg’an. Wolardi’n’ bir neshesin mi’sal retinde keltirip wo’temiz. Ahmet Yassawiy ta’limati’ni’n’ ko’pshiliginde qudayg’a qarata mu’ra’jat yetiw, wog’an wo’z da’rtin bayanlaw ushi’rasi’p woti’radi’. Ha’tte hikmetlerinde qudayg’a qarata ayti’lg’an “munajatnama”si’ da berilgen. Bunday usi’l Yassawiyde wo’z aldi’na g’a’rezsiz shi’g’armag’a aylang’an. “ Munajatnama” shi’g’armasi’nda ta’n’rinin’ ka’mil s’patlari’n ta’riyplew barabari’nda wo’zinin’ a’zziligin, wog’an bolg’an za’ru’rliklerin bayan yetedi. Shi’g’i’s poeziyasi’nda mine usi’ “ kewlindegisin bayanlaw” da’stu’riy bayanlaw usi’llari’nan boli’p, ka’mil insang’a ta’n paziyletlerden sanaladi’. Tasawwif iliminde wol wo’z aldi’na janr si’pati’nda ko’terilgen. Wonda da’rwish haqtan wo’zine ma’det, tuwri’li’q joli’n soraydi’.

Munojat ayladi miskin Qul Xoja Ahmad,
Ilohi qil bandangni rahmat.
G’arib Ahmad so’zi hargiz qarimas,
Agar er ostig’a kirsa chirimas.
Jamolin ko’rsatib parvardigorim,
O’zin yo’lig’a solsun biru borim. ( 197 – bet )

Mi’salda shayi’r ta’n’rige bolg’an mu’na’sibetin, wog’an jaqi’nli’q payda yetiwde yen’ jaqsi’ jol tasawwif ta’limati’ yekenligin, al wo’zinin’ haq dep jazg’an hikmetleri qurg’aq so’z yemes,qudaydin’ bendesine bergen inami’ ( si’yli’q ) yekenligin bayanlaydi’.

Mani hikmatlarim Haqni sanosi,
Muhabbat ahlini dardu davosi.
Mani hikmatlarim in’omi ooloh,
Sahar vaqtda desa astag’firulloh. ( 200 – bet )

Bunday usi'ldi' klassik shayi'rlari'mi'z shi'g'armalari'nda da ushi'rati'wi'mi'zg'a boladi'. Mi'sali':

Ba'rsheni yaratqan qa'dir qudayi'm,

Bersen' bul benden'e haqli'q joli'n ber,

Igri ju'rsem artar menin' gu'nayi'm,

Bul qa'lbime tuwri'li'qti'n' nuri'n ber. [31]

Lirikali'q qaharman haqqa mu'ra'jat yetiw arqali' wonnan bendelerine tuwri'li'q joli'n beriwdi wo'tinish yetip ati'r. Shayi'r pu'tkil tirishilik qudaytaala ta'repinen jarati'lag'an ha'm wolardi' tuwri' jolg'a sali'p woti'radi' dep tu'sindiredi. Bul qosi'q bastan ayag'i'na shekem mu'ra'jat motivinde jazi'lg'an qosi'q yesaplanadi'.

Ko'rkem a'debiyatta mu'ra'jat ha'r qi'yli' formada keledi: qudayg'a mu'ra'jat, xanlarg'a mu'ra'jat, dos - yaranlari'na mu'ra'jat ha'm tag'i' basqa.

Berdaq lirikasi'nda wolardi'n' haqqa qarata mu'ra'jat yetiw formasi' ko'birek wori'n alg'an. Al Ahmet Yassawiy hikmetlerinde lirikali'q qaharmanni'n' qudayg'a wo'z da'rtin bildiriwi bi'lay beriledi:

Xudovando meni solg'il o'z yo'linga,

Nafs ilkida horib ado bo'ldim mano,

Fisqu fujur to'lib - toshib, haddin oshtim,

G'arqob bo'lib, isyon ichra qoldim mano. ( 23 – bet)

" A'debiyattani'w atamalari'ni'n' wori'ssha - qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zliginde: " mu'na'ja't ( arabsha - jalbari'ni'w ) janri'nda shayi'r Allataalag'a , payg'ambarg'a salawat aytadi', shu'kirlik yetedi, wolardan miriwbet tileydi" [32] dep keltiriledi. Qaraqalpaq xali'q awi'zeki a'debiyati'nda bul motiv ko'birek xali'q da'stanlari'nda ken' qollani'li'p, keyinshelik jazba

[31] Бердақ. Сайланды шығармалары. Нөкис. « Қарақалпақстан», 1997. Б. 42

[32] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша – қарақалпақша тусиндирме сөзлиги. Нөкис. « Билим», 1994. Б. 139

a’debiyatqa da ko’shken. Berdaq lirikasi’ndag’i’ qudayg’a jalbari’ni’p, wonnan ma’det soraw motivi Yassawiy hikmetlerindegi menen u’nles boli’p keledi. Mi’sali’:

Pana bergil qa’dir quda,
Shiyrin jani’m bolsi’n pida’,
Ku’nnen - ku’nge boldi’m geda,
Bizdey sorli’g’a pana ber.

Bende edik shubhasi’z haq,
Bizdey sorli’g’a bergil baq,
Posar boldi’ qaraqalpaq ,
Xali’qqa aqi’li’ - dana ber.

Bunda shayi’r haqqa mu’ra’jat yetiw motivinen paydalani’w arqali’ wonnan yerkinlikti, tati’w turmi’s keshiriwdi tileydi. Wol wo’zin haqti’n’ bendesi, quli’ dep yesaplaydi’ ha’m ha’r bir qosi’qlari’ni’n’ son’i’nda “Berdimurat haqti’n’ quli’” dep keltirip wo’tedi.

Tasawwif ta’limati’nda haqti’n’ diydari’n ko’riw ushi’n umti’li’p jasaydi’ ha’m bunda suwpi’li’q joli’na tu’sken bende haqqa jalbari’ni’p da’rtin aytadi’. Mine usi’nday haqqa wo’z tilegin ayti’w sufizm ta’limati’ tiykari’nda qa’liplesken boli’p, bul da’stu’r keyingi da’wirlerde de ken’nen tarqalg’an. Ideyali’q jaqtan Berdaq shayi’rdi’n’ mu’ra’jat formasi’ndag’i’ qosi’qlari’ tiykari’nan, Ahmet Yassawiy hikmetlerine jaqi’n keledi. Wo’ytkeni, yeki shayi’r do’retiwshiliginde de mu’ra’jat janri’ Allataalag’a, payg’ambarlarg’a salawat ayti’w, shu’kirlik yetiw, wolardan haqli’q joli’n tilewden ibarat boli’p keledi. Bunda shaxs penen haq wortasi’nda baylani’s ju’zege kelip, bendenin’ wog’an qaray jaqi’nlasi’w mu’na’sibeti ju’zege keledi. Mi’sali’:

Ishq yo'lida fano bo'lay Haq, Birubor,

Har na qilsang oshiq qilg'il, parvardigor,

Ilkim ochib duo qilay izim jabbor,

Har na qilsang oshiq qilg'il, parvardigor.

Soni'n' menen birge shayi'r poeziyasi'nda wo'z - wo'zine mu'ra'jat yetiw usi'li' da qollani'ladi'. Shayi'rdi'n' wo'zine - wo'zi mu'ra'jat qi'li'wi', yag'ni'y qosi'qta wo'zine qarata na'siyatlawshi' so'z ayti'wi' shi'g'i's poeziyasi'nan kelgen poetikali'q usi'llardi'n' biri boli'p tabi'ladi'. Bul usi'l tasawwif poeziyasi'na ta'n boli'p, wonda shayi'r wo'zinin' bar kemshiligin jasi'rmastan a'shkaralaydi', wo'zin analizlep, ta'rbiyali'qqa shaqi'radi'. Bunday usi'l Ahmet Yassawiy hikmetlerinde ku'ta' basi'm . Sebebi, shayi'r suwfiylik joli'nda bul du'nya ta'rtipsizliklerinen g'a'zeplenedi ha'm wolarg'a qarsi' a'shkara gu'res ali'p baradi'. Wol malomatiya ni'zamlari' tiykari'nda pikir ju'ritip, adamdi' wo'zine si'n ko'z benen qarawg'a shaqi'radi'. Mi'sali':

Nafsim meni ko'p yugurtdi haqqa boqmay,

Kecha - kunduz beg'am yurdim yoshim oqmay,

Hoyu - havas muomonlik o'tqa yoqmay,

Purg'am bo'lib er ostig'a kirdim mano. ( 77 - bet )

Usi'lay dep shayi'r wo'zinin' sha'riyat joli'n tutpay, na'psinin' quli' boli'p ju're bergenligin aytsa, ja'ne bir wori'nda wo'zine qarata na'siyat aytadi'.

Qul Xoja Ahmad, jondan keshib yo'lg'a kirgil,

Andin so'ng'ra eranlarni yo'lin so'rg'il,

Olloh debon haq yo'lida joning bergil,

Bu yo'llarda jon bermasang imkoni yo'q.

Berdaqti’n’ do’retiwshiliginde wo’z - wo’zine mu’ra’jat yetiw din joli’n, sha’riyat ta’rtibin tutpay, waqti’xoshli’qta wo’miri wo’tip ketip barati’rg’anli’g’i’ ayti’ladi’. H.Hamidov bul jag’daydi’ “ ha’r qi’yli’ poetikali’q usi’llardi’n’ perdesi asti’nda wo’zinin’ ortodoksal islam aqi’ydalari’na , dogmalari’na qarsi’li’q keypin an’lati’w shi’g’i’s poeziyasi’na a’yyemnen ta’n na’rse” dep tu’sindiredi. Berdaq ta insanlardi’ sha’riyat joli’na kiriwge ha’m wo’zinin’ ayi’bi’n pash yetip, ruwhi’y jaqtan pa’kleniwge bag’darlawda Yassawiydin’ usi’ da’stu’rin qollang’an.

Berdimurat der shertip sazdi’,
Ba’ha’r yetip qi’si’ – jazdi’,
Ruwza tutpay, bes namazdi’,
Mudam qaza qi’ladursan’.

Berdimurat izle – izle,
Haq joli’ni’ tuwri’ go’zle,
Ne so’ylesen’ , jaqsi’ so’zle,
Haq diydari’n izler yedin’.

Jeke wo’zinin’ basi’nan keshken ha’diyselerdi ko’rkem shi’g’arma u’lgisinde bayanlaw buri’nnan kiyati’rg’an da’stu’r sanaladi’. Ahmet Yassawiy hikmetlerinde woni’n’ tuwi’lg’ani’nan baslap jer asti’na kiremen degenge shekemgi pu’tkil bir a’sirlik wo’miri so’z yetiledi. Mi’sali’:

Bir yoshimda arvoh menga ulus berdi,
Ikki yoshda payg’ambarlar kelib ko’rdi,
Uch yoshimda chiltan kelib holim so’rdi,
Ul sababdin oltmish uchda kirdim erga.

Mine, usi’ taqi’lette ha’r bir jasqa tolg’anda basi’nan wo’tken waqi’yalardi’ bayanlap woti’radi’.

XIX a’sir Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq shi’g’armalari’nda da avtobiografiyali’q qosi’qlar jiyi gezlesedi. Bunday taqi’lettegi qosi’qlarda shayi’r wo’zinin’ wo’mirine , basi’nan keshken iri – basli’ waqi’yalarg’a juwmaq jasaydi’. Bunday qosi’qlar qatari’na Berdaqti’n’ “ Bolmadi”, “Bi’yi’l”, “ Sali’q”, “ Wo’mirim” ha’m basqa da qosi’qlari’ kiredi. Bul qosi’lar shayi’rdi’n’ balali’q da’wirinen tap qartayg’ang’a shekemgi arali’qtag’i’ haa’diyselerdi toli’q so’z yetpese de, sol wo’mirinin’ bir da’wirin wo’z ishine qamti’ydi’.

Nag’i’z wo’mirbayanli’q shi’g’arma retinde shayi’rdi’n’ “ Wo’mirim” qosi’g’i’n mi’sal yetip aytsaq boladi’. Bul qosi’qta shayi’r tuwi’li’p kamalg’a kelgenin, sol waqi’tlardan baslap qartayg’an shag’i’na deyingi qi’yi’nshi’li’qta keshken ku’nlerin bayan yetedi. Mi’sali’:

Won birimde jani’m jaqti’m,

Won u’shimde jani’m jaqti’m,

Jetimlik gu’lshesin tatti’m,

G’amli’ balali’q wo’mirim.

Qosi’qti’n’ uli’wma mazmuni’nda shayi’r ata - anasi’nan jaslay jetim qalg’anli’g’i’n bayanlaydi’.

Avtobiografiyali’q u’lgidegi qosi’qlarda Berdaq do’retiwshiliginde sheberlik penen jazi’li’wi’ Yassawiy da’stu’rin do’retiwshilik bag’i’tta wo’zlestire alg’anli’gi’n ko’rsetedi. Berdaq shayi’rdi’n’ wo’mirbayanli’q qosi’qlari’nda tek g’ana wo’z basi’nan keshken ha’diyselerdi g’ana bayanlap qoymastan, al sol arqali’ putkil xali’qti’n’ turmi’si’n su’wretleydi. Wo’ytkeni,

avtobiografiyali'q shi'g'armalarda jazi'wshi'ni'n' turmi's joli' zamani'ni'n' turmi's ta'rizi menen bekkem baylani'sqan halda su'wretlenedi. [33]

Wo'mirbayanli'q mazmuni'ndag'i' qosi'qlar jazi'w Yassawiy tiykar salg'an usi'l boli'p, Berdaq woni' zaman ten'sizligin ko'rsetiw maqsetinde qollaydi'. Al Ahmet Yassawiy wo'zinin' suwfiylik joli'na kirgenligin bayanlaw ushi'n bul usi'ldan paydalang'an. Solay yetip, Berdaq bul du'nyada tuwri' ha'm hadal jasaw, ka'mil insan boli'p jetilisiw, jetim - jesirlerge mu'riwbet ko'rsetiw si'yaqli' adamgershilik sezimlerin ji'rlawda Ahmet Yassawiydin' suwfiylik koncepciyalari'n a'debiy da'rek si'pati'nda qollang'an yeken. H.Hamidovti'n' " Shi'g'i's tillerindegi jazba da'rekler ha'm XIX a'sirdegi qaraqalpaq shayi'rlari'" miynetinde Berdaq poeziyasi'nda shi'g'i's da'stu'rleri haqqi'nda aytadi' da, biraq Yassawiy da'stu'rleri haqqi'nda aytarli'qtay so'z yetpegen yedi. Bul ma'sele a'debiyati'mi'zda toli'q u'yreniliwdi talap yetetug'i'n aktual ma'selelerden boli'p tabi'ladi'. Biz jumi'si'mi'zda Yassawiy ta'limati' da'stu'rlerinin' Berdaq do'retiwshiliginde qollani'li'wi' boyi'nsha toli'q da'rejede so'z yetpesek te, wolardi'n' bazi'lari' boyi'nsha azi' - kem toqtali'p wo'ttik.

[33] Ҳомидий Ҳ., Абдуллаева Ш., Иброҳимова С. Адабиётшунослик терминлар луғати. Тошкент.«Ўқитувчи», 1967. Б. 8

# III bap. A’jiniyaz lirikasi’nda Ahmet Yassawiy da’stu’rleri

XIX a’sir qaraqalpaq klassik shayi’rlari’ni’n’ biri A’jiniyaz bul da’wir a’debiyati’nda ayri’qsha wori’n iyeleydi. Wo’ytkeni, “A’jiniyaz XIX a’sirdegi qaraqalpaq poeziyasi’nda xali’q awi’zeki miyrasi’ni’n’ ha’m shi’g’i’s jazba a’debiyati’ni’n’ da’stu’rlerin sintezley alg’an, usi’ arqali’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ so’z wo’nerin jan’a bir biyikke ali’p shi’qqan shayi’r.”[34]

Wol shi’g’i’s a’debiyati’n u’yreniw arqali’ qaraqalpaq poeziyasi’na jan’a mazmun, formalar, obraz jasaw usi’llari’n ali’p kirdi. A’jiniyaz do’retiwshiliginde da’stu’r ha’m jan’ashi’lli’q ma’selesi ko’pshilik ilimpazlari’mi’z ta’repinen u’yrenilip shi’g’i’lg’an yedi. Wolardan H.Hamidov, K.Ma’mbetov, A.Murtazaev, B.Qa’limbetov, A.Pirnazarov, G.Da’wletova[35] ha’m basqalardi’n’ miynetlerinde A’jiniyaz ha’m shi’g’i’s a’debiyati’ni’n’ wo’z ara ta’siri ma’selesi so’z yetiledi. Ma’selen, H.Hamidovti’n’ “ Shi’g’i’s tillerindegi jazba da’rekler ha’m XIX a’sirdegi qaraqalpaq shayi’rlari’” miynetinde uli’wmali’q shayi’r poeziyasi’nda shi’g’i’s tillerindegi jazba da’reklerdin’ ta’siri ha’m da’stu’rlerdin’ qollani’li’wi’ haqqi’nda so’z yetilse, K.Ma’mbetovti’n’ “ A’jiniyaz” monografiyasi’nda da’stu’r ha’m jan’ashi’lli’q ma’selesine ken’ tu’rde toqtali’p wo’tedi. Izertlewshi A’jiniyazdi’ jazba a’debiyat da’stu’rlerin birinshilerden boli’p qabi’l yetken shayi’r si’pati’nda bahalaydi’ ha’m Alisher Nawayi’, Fizuliy, Maqti’mquli’ poeziyasi’ menen shayi’r poeziyasi’n sali’sti’rmali’ usi’lda baylani’sti’radi’. Al izertlewshi B. Qa’limbetov “A’jiniyazdin’ lirikasi’” miynetinde “A’jiniyaz shi’g’i’s klassikali’q a’debiyati’ni’n’ jaqsi’ u’lgilerin wo’z tvorchestvosi’na sheber sin’dire alg’an

---

19 Дә□летова Г. Әжинияз поэзиясында дәстүр ҳәм жаңашыллық. Нөкис. « Қарақалпақстан», 2006.. Б. 42

35 Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсир қарақалпақ шайырлары. Нөкис. Билим.1991

qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’ni’n’ ko’rnekli lirik shayi’ri’” dep bahalap, woni’n’ do’retiwshiliginde Dehlawiy, Rudakiy, Nawayi’, Fizuliy, Mashreb, Andalib ha’m Maqti’mquli’ poeziyasi’ni’n’ wo’z ara baylani’si’ ha’m ta’siri ma’selesine toqtali’p wo’tedi. Ilimpaz “ Shayi’r qaraqalpaq poeziyasi’na jan’a mazmun, forma menen bayi’tti’. Wol ku’nshi’g’i’s poeziyasi’ndag’i’…da’stu’rlerdi…wo’z xalqi’ni’n’ obrazli’ woylaw, tu’siniw qa’biletine muwapi’q yetip do’rete aldi’. Solay yetip , shayi’r XIX a’sir qaraqalpaq xalqi’nin’n’ ja’miyetlik sana – seziminin’ ko’rkemlik jaqtan jetilisiwine u’lken ta’sir jasaydi’,” - dep jazadi’. [36]

Al G.Da’wletovani’n’ “ A’jiniyaz poeziyasi’nda da’stu’r ha’m jan’ashi’lli’q” monografiyasi’nda bolsa ku’nshi’g’i’s poeziyasi’ndag’i’ obraz jasaw da’stu’rleri, sonday –aq Maqti’mquli’ da’stu’rleri haqqi’nda pikir ju’ritiledi.

Usi’ da’wirge shekem jazi’lg’an monografiyalardi’n’ barli’g’i’nda shayi’r poeziyasi’ menen Shi’g’i’s klassikleri Nizamiy Ganjaviy, Alisher Nawayi’, Fizuliy, Maqti’mquli poeziyasi’ni’n’ baylani’slari’ dara ali’p tu’sindiriwge ayri’qsha a’hmiyet qarati’ldi’. Mi’sali’, H.Hamidiydin’ joqari’da keltirilgen miynetinde Maqti’mquli’ menen A’jiniyaz poeziyasi’ndag’i’ wo’z ara baylani’sqa , muhabbat motivi, syujetlik detal, ayi’ri’m formalar haqqi’nda so’z yetiw menen bir qatarda , sufizm ta’limati’ndag’i’ “ ilmi qal”, “ ilmi hal” maqamlari’n syujetlik detal ,diniy atributlar ko’z qarasi’nda qollani’lg’anli’g’i’n tu’sindiredi.

Ha’zirgi a’debiy processte professor Q.Ja’rimbetov g’ana da’slepkilerden boli’p shayi’r poeziyasi’n suwfiylik ta’limati’, Yassawiy do’retiwshiligi menen baylani’sqan halda ko’rsetiwge uri’nadi’. [37]

---

[36] Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасыны жанрлық қәсийетлери ҳәм раажланы тарийхы. Нөкис. «Билим». 2004

[37] Жәримбетов Қ. Ашық Зийӯар. Нөкис. « Билим», 1998

Tasawwif ta'limati' qa'liplesiwi IX a'sir baslari'na tuwra kelse, woni'n' ideyalari' sol da'wirlerde - aq pu'tkil Worta Aziya xali'qlari'na tarqalg'an yedi. Al qaraqalpaq a'debiyati'na bul ilim XIX a'sirde kirip keldi ha'm salmaqli' wori'n iyeledi. Suwfiylik ideyalari' Quran ha'm Ha'diske bari'p tirelgeni ushi'n A'jiniyaz wo'zi ta'lim alg'an medreselerde Shi'g'i'sti'n' ko'p g'ana diniy kitaplari'n u'yreniw bari'si'nda suwfiylik iliminin' basli' ideyalari'n da wo'zinin' shi'g'armalari'na arqaw yetip aldi'. Bul ideyalar shayi'rdi'n' filosofiyali'q , didaktikali'q ha'm muhabbat mazmuni'ndag'i' qosi'qlari'nda wo'z sa'wleleniwin tapti'. A'jiniyaz usi' qosi'qlari'nda tasawwif ta'limati'ndag'i' ka'mil insan, haqqa jetisiw, hu'jdandi', ruwhi'y du'nyani' pa'klew si'yaqli' basli' ideyalari'n joqari' qoyi'p ji'rladi'. A'sirese, shayi'rdi'n' muhabbat lirikasi'nda usi' ideyalar shi'g'i's poeziyasi' u'lgisinde berildi.

Yassawiydin' hikmetleri tilinde, ideya – tematikasi'nda, obraz jasaw usi'li'nda basqa ta'limatlarg'a ( kubraviya, naqshbandiya) uqsas bolmag'an belgiler ushi'rasadi'. Bul si'patlar A'jiniyazda da ko'rinedi.

Demek, A'jiniyaz poeziyasi' menen suwfiylik a'debiyati'n, soni'n' ishinde Ahmet Yassawiydin' tasawwif ideyalari'n wo'z ara baylani'sli' halda u'yreniw ma'seleleri wo'z aldi'na ayi'ri'm obiekt si'pati'nda ali'p izertlewdi talap yetetug'i'n aktual ma'selelerden boli'p tur. Biz jumi'si'mi'zdi'n' kelesi bo'limlerinde A'jiniyazdi'n' Ahmet Yassawiy hikmetlerindegi qollani'lg'an ideya - tematikali'q, formali'q, stillik, obraz jasaw ha'm janrli'q da'stu'rlik usi'llari'n wo'z poeziyasi'nda qollani'wi'na ken' tu'rde toqtali'p wo'temiz.

## 3.1. A’jiniyaz lirikasi’ni’n’ ideya - tematikali’q bag’dari’

A’jiniyaz milliy folklorli’q ha’m Shi’g’i’s klassikali’q poeziyasi’ni’n’ da’stu’rlerin wo’zine sin’dirgen ha’m rawajlandi’rg’an , qaraqalpaq poeziyasi’n ideyali’q - ko’rkemlik, formali’q jaqtan bayi’tqan shayi’r boldi’. Wol Yassawiy, Nawayi’, Maqti’mquli’, Fizuliy, Ma’shreb da’stu’rlerin dawam yettiriw menen bir qatarda suwfiylik ideyalari’n da dawam yettiriwshilerden boldi’. Woni’n’ poeziyasi’nda Yassawiydin’ ideyalari’ ayri’qsha wori’n iyeleydi. Shayi’r poeziyasi’nin’ basi’m ko’pshiligi tematikali’q jaqtan muhabbat qosi’qlari’nan ibarat. Sonli’qtan, shayi’r tasawwif ideyalari’n wo’zinin’ muhabbat lirikasi’ mi’sali’nda berdi. Ziywar shayi’rdi’n’ muhabbat lirikasi’nin’ ideyali’q mazmuni’, janrli’q wo’zgeshelikleri suwfiylik yamasa tasawwif ta’limati’ menen bekkem tami’rlasi’p ketken. [38]

Bizge belgili, A’jiniyaz intim lirikanin’ a’jayi’p u’lgilerin qaraqalpaq a’debiyati’nda da’slepkilerden boli’p do’retken shayi’r yesaplanadi. Bunda wol Ahmet Yassawiy, Nawayi’, Fizuliy, Ma’shreb si’yaqli’ shi’g’i’s klassiklerinin’ usi’ mazmundag’i’ qosi’qlari’nan u’lgi ali’p, obraz jasaw usi’llari’n do’retiwshilik bag’i’tta men’gerip uti’mli’ paydalang’anli’g’i’ ko’rinedi. Wol shi’g’i’sqa ta’n formalarg’a wo’zinshe jan’asha mazmun ha’m jan’asha ideyalardi’ sin’dirdi. Wolarda tek g’ana jismaniy i’shqti’ yemes, al Allataalag’a bolg’an muhabbati’n da qosa ji’rladi’.

Tilekke qarsi’, bu’gingi ku’nge shekem ko’pshilik ilimpazlari’mi’z wolardi’ du’nyawiy obrazlar si’pati’nda analizlep, shayi’rdi’n’ ashi’qli’q mazmundag’i’ qosi’qlari’nda tek g’ana du’nyawiy muhabbat ji’rlang’an dep yesaplap keldi. [39] Al son’g’i’ izertlewlerde bul pikir toli’q da’rejede shi’nli’qqa sa’ykes kelmeytug’i’nli’g’i’, A’jiniyaz qosi’qlari’nda tek g’ana

---

[38] Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар. Нөкис. « Билим», 1998. Б. 6
[39] Мәмбетов К. Әжинияз. Нөкис. « Билим», 1994. Б.

awam i'shqi' so'z yetilmegenligi da'lillenbekte. Bunday talasli' ko'z qaras ani'q sheshimdi talap yetetug'i'n aktual ma'selelerden boli'p tabi'ldi'. Biz jumi'si'mi'zda bul ma'seleni shayi'rdi'n' intimlik mazmundag'i' qosi'qlari' mi'sali'nda tali'qlap wo'temiz.

A'jiniyaz i'shqi' – muhabbat temasi'ndag'i' qosi'qlardi' shi'g'i's poeziyasi' u'lgileri tiykari'nda do'retken " muhabbat ji'rshi'si'" si'pti'nda ko'pshilikke belgili. Woni'n' " A'y na'za'limler", " Go'zzallar", " Bir janan", "Bir pa'riy", "Sa'wdigim", " Keldim", " Bozatawli' na'za'lim", " Bu sahar" ha'm basqa da ashi'qli'q qosi'qlari'nda lirikaliq qaharmanni'n' ju'regin wo'rtegen ha'm kewline da'rt salg'an i'shqi' sezimleri ji'rlanadi. Biraq ta, bul qosi'qlardi'n' barli'g'i'nda da du'nyawiy muhabbat so'z yetilmegen. Bu'gingi ku'nge shekem biz wolardi' ashi'qlar wortasi'ndag'i' muhabbatqa quri'lg'an qosi'qlar retinde talqi'yi'n yetip keldik. Joqari'da ati' atalg'an qosi'qlardi' analizlep qarag'ani'mi'zda, wolardin' bazi' birewlerinde lirikali'q qaharmannin' wo'z yari'na bolg'an sap muhabbati', wog'an bolg'an sag'i'ni'shi' menen birge, haqqa bolg'an i'shqi' so'z yetilgenligin ko'remiz. Ma'selen, " A'y na'za'limler", " Bozatawli na'za'lim", " Woyan" [40] redifli qosi'qlari'nda waqti' – xoshli'q, qiz – jigitlerdin' geshtek quri'p, kewil ko'teriwleri su'wretlenedi.

Qi'z bilen woti'rsan' bir suhbat jayda,
Ayshi' – ha'shret yetsen' tilla' sarayda,
Tamasha yetip bu'gin ayt bilen toyda,
Kel birge qurali', a'y na'zalimler.

( 59 – bet )

Bul qosi'qta hesh qanday astarli' mazmun, jasi'ri'n ideyalar su'wretlenbegen. Tek g'ana jaslardi'n' ku'ndelikli turmi'si'nda ju'z beriwshi

[40] Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис. « Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы», 1960. Б. 59

ha’diyseler, woyin – ku’lki haqqi’nda ba’yit formasi’nda jazi’lg’an qosi’qlar boli’p tabi’ladi’. “ Go’zzallar”, “ A’y a’lip” romantikali’q qosi’qlari’ da i’shqi’ temasi’nda jazi’lg’ani’ menen wonda realli’qta ju’z beriwshi waqi’yalar real obrazlar mi’sali’nda beriledi.Wolardan astarli’ mazmun izlew za’ru’rligi joq. Al “Bozatawli’ na’za’lim” qosi’g’i’nda biz qaraqalpaqti’n’ nag’i’z suli’w ,iybeli qi’zi’ni’n’ portretin ko’remiz. Lirikali’q qaharman woni’ ko’rip yes – aqi’ldan adasadi’, woni’n’ ku’lip bag’i’wi’nan wo’zligin jog’alti’p qoyadi’. Bizin’she, bul qosi’qta hesh qanday quday obrazi’ su’wretlenbegen. Sebebi, wonda ani’q jer atamalari’,(Bozataw, U’rgenish ) ha’m tariyxiy shaxslardi’n’ ismleri keltirilgen. Buni’ to’mendegi mi’saldan ko’rip wo’teyik:

Bozatawli’ gu’lbina’fsha na’za’lim,

A’selin’ ha’rreni gu’lden bezdirer,

Kiriklerin’ su’zip baqqan na’zerin’,

Juldi’zdi’ jawrati’p, tu’nnen bezdirer.

Piste buri’ni’n’da tilla’ a’rebek,

Yekki qara ko’zin’ yekki ba’ledek,

U’rgenish yurti’nda begi To’rebek,

Taxti’nan taydi’ri’p, yelden bezdirer.[41]

Duri’s, A’jiniyaz haqti’n’ ko’rinisin ko’binese qosi’qlari’nda qi’z obrazi’nda su’wretlegen. Lekin, bunnan kelip shi’g’i’p wonin’ qosi’qlari’ni’n’ ba’rinde realli’qtag’i du’nyawiy muhabbat ji’rlang’an yamasa tek g’ana suwfiylik ideyalari’ menen suwg’ari’lg’an degen pikirge qosi’la almaymi’z. Wo’ytkeni, shayi’r Ahmet Yassawiyge uqsap tikkeley suwfi’li’q joli’na tu’sken ha’m bul du’nya ra’ha’tinen waz keship, ta’rki du’nyashi’li’qqa

[41] Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис. « Қарақалпақстан», 1994. Б. 69

berilgen toli’q sufist yemes. Wol tek g’ana tasawwif da’stu’rlerin dawam yettiriwshi , u’git – na’siyatlawshi’, ko’pshilik qosi’qlari’nda ruwhi’y pa’klikke, na’psini ti’yi’wg’a shaqi’ri’wshi’ shayi’r bolg’an. Sonin’ menen birge , A’jiniyaz tek g’ana ayshi’ - ishret,woyi’n - zawi’q mazmundag’i’ qosi’qlar jazbag’an. Ashi’qli’q mazmundag’i bir qatar qosi’qlari’nda suwfiylik ideyalari’ poetikaliq obrazlar mi’sali’nda astarlap berilgen. Buni’ bir woqi’g’annan tu’siniw biraz qi’yi’n.

Suwfiylik a’debiyatti’n’ wo’z temasi’ boli’wi’nan ti’sqari’, wo’z su’wretlew usi’llari’, ra’mziy tili, ko’rkemlik sha’rtleri qa’liplesken. Sonday – aq, du’nya quwi’wshi’li’qqa beriliw yemes, al qudayg’a baylani’w,haqqa jetisiw ushi’n bul du’nya ra’ha’tinen waz keship, ulli’ muhabbat penen umti’li’p jasaw tasawwif ta’limati’na ta’n qa’siyet boli’p tabi’ladi’.

Sufist Ahmet Yassawiy ideyalarin u’git - na’siyatlawshi’ ha’m woni’n’ da’stu’rlerin dawam yettiriwshi shayi’rlar usi’ tendenciyag’a a’mel qi’li’p, wo’z ideyalari’n ko’rkem proza ha’m poeziya u’lgisinde jetkergen. Mi’sali’, Abdulma’jid Sanaoiydin’ “ Sayrul ibod”, Fariduddin Attardin’ “Ilahiynama”, “ Bu’lbilnama” , Jalalatdin Rumiydin’ “ Ma’snawiy ma’nawiy”, Nawayi’ni’n’ “Lison ut tayr” , “ Nasoyim ul –muhabbat” shi’g’armalari’ ha’m g’a’zzelleri mi’sal bola aladi’.

Ahmet Yassawiy ha’m woni’n’ dawamshi’lari’ bolg’an shayi’rlar suwfiylik poeziyasi’ndag’i’ ideyalardi’ ko’binese buri’nnan bar janrlar: rubayi’, g’a’zzel, ma’snawiy, muxammes, qit’a, da’stan, qi’ssa, gu’rrin’ ha’m basqa janrlarda xali’qqa sin’dirgen. Degen menen, tasawwif ta’limati’nda bul poetikali’q formalarg’a jan’a mazmun , jan’asha ruwh ha’m ko’rkem a’debiy obraz jasaw usi’llari’na ra’mziy ( simvolikaliq) ma’ni ju’klendi.

Jumi’si’mi’zdi’n’ kelesi bo’liminde usi’ si’patlardi’n’ A’jiniyaz lirikasi’nda sa’wleleniwine toqtali’p wo’temiz.

## 3.2. A’jiniyaz lirikasi’nda Yassawiydin’ poetikali’q obraz jasaw da’stu’rleri

Ko’rkem obraz tu’sinigi Aristotel zamani’nan baslap ayti’li’p kiyati’rg’an ma’selel boli’p, ha’r bir da’wirdin’ socialli’q jag’dayi’na bola su’wretlew obiekti, obrazlar du’nyasi’ qa’liplesken. A’sirese, poeziyada lirikali’q qaharman obrazi’n jarati’w basqa janrlarg’a sali’ti’rg’anda bir qansha quramali’li’qqa iye. Estetikali’q ta’sirlilik lirikani’n’ bas wazi’ypasi’ yeken, wondag’i’ “ ko’rkem obraz ma’nili , turmi’sli’q xarakterge iye bolg’anda g’ana ko’rkem a’hmiyetke iye boladi, obraz jasawg’a wo’tedi: wonnan ta’sirlenip wo’rnek alami’z yamasa sezimlerimizdin’ jaqsi’lari’na “azi’q beremiz” , jamanlari’n jeti qabat teren’likke ko’memiz”[42]

A’jiniyaz shi’g’armalari’ni’n’ ra’n’ber- ra’n’ligi wondag’i’ obrazlar du’nyasi’ni’n’ ko’p tu’rliliginde sanaladi’. Wolarda lirikali’q qaharmanni’n’ ishki keshirmeleri sa’wleleniw menen qatar, basqa da obrazlardi’n’ xarakterleri jasalg’an. Biz jumi’si’mi’zdi’n’ bul bo’liminde shayi’rdi’n’ suwfiylik ideyalari’ menen suwg’ari’lg’an lirikali’q shi’g’armalari’nda haq ha’m wog’an ashi’q suwfiy obrazlari’ni’n’ jasawda Yassawiy poeziyasi’ u’lgilerinin’ ta’sirin u’yrenip shi’g’ami’z.

A’jiniyaz ashi’qli’q lirikasi’nda ilahiy muhabbatti’ ( haq ishqi’) ra’mziy ha’m allegoriyaliq obrazlar mi’sali’nda sa’wlelendiredi. Bunday usi’l tu’rkiy poeziyasi’nda buri’nnan kiyatirg’an da’stu’rlerden boli’p tabi’ladi’. Woni’n’ “Bir pa’riy”, “ Bir janan” , “ Shi’qti’ jan” , “ Yol bolsi’n” si’yaqli’ qosi’qlari’nda qi’z ko’rinisi mi’sali’nda haq obrazi’n , al wog’an ashi’q lirikali’q qaharman mi’sali’nda ruwhi’y pa’kleniwge uri’ni’p ati’rg’an mu’riydtin’ obrazi’n ko’remiz. Bul qosi’qlar formali’q jaqtan murabba ha’m muxammes janri’nda jazi’lg’an. Murabba janri’ wo’zbek a’debiyati’nda Xoja

42 Umurov H. Adabiyotshunoslik nazariyasi. Toshkent. “ A.Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti”, 2004. B.37

Ahmet Yassawiyden baslani’p, bu’gingi ku’nge shekem tematikali’q jaqtan tu’rlengen. Ahmet Yassawiy derlik ko’pshilik hikmetlerin usi’ formada jazg’an. A’jiniyazdin’ suwfiylik mazmundag’i’ qosi’qlari’ da murabba u’lgisinde jazilg’an. Demek, shayi’r Yassawiy baslag’an murabba janri’na yeliklep ha’m wolarda ra’mziy obrazlardi’ barmaq wo’lshemine sali’p jerkergenligi ko’rinedi. Mi’sali’, “ Bir pa’riy” qosi’g’i’ romantikali’q usi’lda jazi’lg’an boli’p, shayi’r haqti’ hu’r qi’z ra’mziy obrazi’nda sa’wlelendiredi.

Bu yelde ko’rmedim sonday bir dilwar,

Aq yuzi kesheni a’yler munawwar…( 32 – bet )

Bul mi’salda shayi’r “ ani’n’day go’zzal ( haq ) bul jaqti’ a’lemde ushi’raspaytug’i’nli’g’i’n” tasti’yi’qlaydi’.

Kelmes anday dilbar jaqti’ jahana,

Husnini megzettim hu’rni zulmana,

Dishleri marjandek hinji marjana,

Bu du’nyada joqdur sonday dilwari.

Poetikali’q formasi’ boyi’nsha qosi’q murabba u’lgisinde jazi’lg’an. Yassawiydin’ hikmetleri de usi’ formada jazi’lg’anli’g’i’n ko’remiz. Bul poetikali’q forma jen’il i’rg’aqli’, namag’a beyimliligi, buwi’n, ba’nt ha’m uyqaslari’ xali’q qosi’qlari’nin’ poetikasi’na jaqi’nli’g’i’ sebepli tasawwif ideyalari’n beriwde biraz qolayli’ boldi’. Wo’ytkeni, g’a’zzel, muxammes du’zilisi jag’i’nan quramali’ boli’p, a’piwayi’ xali’q qatlami’ woni’ tu’siniwi qi’yi’n bolg’an. Tasawwif a’debiyati’ wa’killeri wo’z ideyalari’n pu’tkil xali’qqa yen jaydi’ri’wda wolardi’n’ tu’siniwi an’sat bolg’an u’lgide, biraq murabbani’n’ tiykarg’i’ u’lgilerin saqlag’an halda woni’ xali’q qosi’qlari’na jaqi’nlasti’ri’p jazdi’. Yassawiy hikmetlerinin’ tili ha’m usi’llari’nin’ a’piwayi’li’g’i’ da mine usi’nda. A’jiniyaz da murabbani’ aruz sistemasi’nda

yemes, al qaraqalpaq a'debiyati'na ta'n bolg'an barmaq wo'lsheminde jazadi'. Shayi'rdi'n' " Bir janan" qosi'g'i'nda da du'nyawiy obrazlar mi'sali'nda haqti' - qi'z, al muriydti – wog'an ashi'q bolg'an qaharman retinde su'wretlengenligin ko'remiz. A'jiniyaz ta'riyplegen " janan" hasli'nda quday obrazi' boli'p, wonda shayi'r suwfiylik ideyalari'n beredi. Shi'g'i's poeziyasi'nda quday ko'rinisin qi'z obrazi'nda beriw da'stu'r sanalg'an. Da'slepki waqi'tlari' suwfiyler , ma'selen parsi' shayi'rlari' ( Koganiy birinshi boli'p baslap bergen ) Kaabani' qi'z ti'msali'nda sa'wlelendirse, al Jalalatdin Rumiy na'psini qi'z ko'rinisinde su'wretlegen. Keyingi da'wirdegi shayi'rlar tek g'ana na'psini yamasa Kaabani' yemes , al Qudaytaalani' da qi'z ko'rinisinde tani'g'an. Ibn Arabiydin' pikirinshe, mahbuba ko'rinisinde Allataala si'patlari' ju'da' ti'ni'q sa'wlelenedi.

A'jiniyaz tasawwif ilimi si'rlari'n jaqsi' bilgen ha'm sufizmdi "ilmi ta'wsip" tu'siniginin' ishine yengizip qabi'llag'an ha'm bul ilimdi adamdi' pa'k insan si'pati'nda qa'liplestirip shi'g'ari'wshi', wo'z obiektine bolmi'stag'i' wog'ada ken' mashqalalardi' ja'mlewshi ta'g'liymat" dep bahalap,[43] shi'g'i's poeziyasi' da'stu'rleri tiykari'nda mahbuba obrazi'nda quday ti'msali'n sa'wlelendirgen. Shayi'r ta'riyplegen qi'z turmi'stag'i' qi'z yemes, wol ashi'qti'n' ( muriyd) tu'n uyqi'da jati'rg'an waqi'tta qasi'na kelip, " shiyrin - sha'ker so'zler qati'p", woni'n' aqi'l - huwshi'n urlag'an, "su'wreti ja'nnet ishre hu'r yan'li'" mahbuba ( quda ) obrazi' yesaplanadi'. Shayi'r woni' bi'lay ta'riypleydi:

Ja'nnet ishra hu'r yan'li' su'wreti,

G'a'nimatdur ashi'qlardan suhbati,

Ah degende shi'qqan ag'zi'ni'n' woti',

Won sa'kkiz mi'n' a'lemdi yaqti' da ketti. ( 99 – bet )

---

43 Әлеўов Ө. Шылманова Г.Ж. Суфизм ҳәм Әжинияздың дуньяға көз – қарасы. // « Вестник», 1999. № 4- 5. Б. 122

Qosi'qta ta'riyplengenindey, sol qi'z lirikali'q qaharmandi' i'shqi' woti'na jag'i'p, diydari'n bir ko'riwge i'nti'q yetip ketedi. Wonda shayi'r birinshi ma'rte mo'jiza janri'nan ha'm diydar ku'tiw motivlerinen, paydalang'an. Yeger qosi'qti' tuwra ma'nisinde tu'sinsek, wonda ashi'q jigit su'ygen yari' i'shqi'nda ku'yip ada bolg'ani'n tu'sinemiz. Biraq ta, qosi'qta wo'zgeshe mazmun jasi'ri'ng'an. Qosi'qti' suwfiylik ta'limati' ideyalari' mi'sali'nda analizlesek, suwfi'li'q joli'na tu'sken muriydtin' haq jamali'n ko'riwge bolg'an i'nti'qli'g'i' yekenligin ha'm sha'riyat basqi'shlari'nan wo'tip, woni'n' ( haq ) jamali'n ko'rgende yesten tang'ani'n, araq – saylan boli'p ag'i'p ketkenin (yesten tani'w, wo'zligin jog'alti'p, haqqa qosi'li'p ketiw halati') aytadi'. Bul suwfiylik joli'na tu'sken mu'riydtin' tasawwif ni'zamlari'ndag'i' to'rt basqi'shlardi'n' ba'rinen wo'tip, haqi'yqatli'q basqi'shi'na jetiw momenti boli'p tabi'ladi'.

Yassawiy do'retiwshiliginde bolsa ta'rkidu'nyashi'li'q, sadi'qli'q, mu'riwbetlilik ideyalari' mine usi' muhabbat ideyasi' menen baylani'sta boli'p, wolardi' bir – birinen ayi'ra tu'siniw mu'mkin yemes. Shayi'rdin' pikirinshe, ju'reginde haqi'yqi'y muhabbat woti' jang'an adam g'ana pa'klik ha'm haqi'yqatli'q ti'msali' bolg'an Alla jamali'na jetisiwge uri'nadi' ha'm bul jolda na'psini jen'ip, ruwhiy halat la'zzetin tabadi'. ( haqqa jetisedi)

Yassawiy barli'q hikmetlerinde de haq obrazi'n tuwri'dan - tuwri' ta'riyplemegen. Ayi'ri'm hikmetlerinde wol mahbuba ko'rinisinde beriledi. Mi'sali':

Oshiqlarni talablari jomi sharob,

Ma'shuqig'a etmak uchun bag'ri kabob,

Ruhlarini g'izosidur changu rubob,

Ohi cheksa etti iqlim vayron qilur. ( 163 - bet )

Mi’salda keltirilgen ashi’q ( muriyd ), mashuqa ( quday , haq ) ha’m sharap ( suwfiylik ilimi joli’, talaplari’) ra’mziy obrazlar sanali’p, ashi’qti’n’ mashuqag’a jetisiw tilegi bayanlang’an.

A’jiniyazdin’ “ Bir janan” qosi’g’i’ndag’i’ ashi’qti’ “ani’ ko’rgen waqi’tta wotqa jag’i’p ketken” mahbuba Yassawiydin’ hikmetlerinde ta’riyplengen mashuqa obrazi’ menen u’nlesip ketedi.

… Ah degende shi’qqan ag’zi’ni’n’ woti’,

Won sakkiz mi’n’ a’lemdi yaqti’ da ketti. ( 99 - bet )

Qosi’qta muriydtin’ tariyxatti’n’ barli’q basqi’shlari’nan wo’tip, hal maqami’na jetisip, haq penen diydarlasi’w momenti ji’rlang’an. Shayi’r sol qi’zdi’ qaraqalpaqti’n’ milliy kiyimlerine bu’rkep, a’depli, iybeli yetip ko’rsetedi.

U’stine kiygeni atlas qamqadi’,

Bashda tu’rme, a’lde pa’ren’ rumali’,

Ashi’q Ziywar ani’ ko’rgen zamani’,

Araq saylan yetib aqti’ da ketti.

Mi’salda berilgen araq - saylan boli’p ag’i’w - bul muriydtin’ quday jamali’na jetisip, wo’zligin jog’alti’w, ma’slik jag’dayi’na tu’siw halati’ yesaplanadi’. Tasawwif tariyxati’nda bunday “ i’shqi” “ sukr” ( ma’slik) koncepciyasi’ sanaladi’. Bayazid Bistomiydin’ atap wo’tkenindey, ka’millikke yerisiwge uri’ng’an muriyd haq penen diydarlasqan waqi’tta ma’slik halati’na tu’sedi. [44]

A’jiniyazdi’n’ ta’riyplegen joqari’dag’i’ halati’ da ma’slik halati’ sanaladi’. Qosi’qta haqqa ashi’qli’qti’ bildiriw arqali’ ka’millikke jetisiw, ka’mil insan si’pati’nda jasaw ideyasi’ alg’a su’rilgen. Yassawiy

---

44 Sirojiddinov Sh. Islom falsafasiga kirish: Kalom ilmi. Toshkent. “ Iqtisodiy - moliya”, 2008.B. 84

hikmetlerinde de qudaydi’ su’yiw arqali’ ka’millikke jetisiw ideyasi’ basli’ ideya sanaladi’, wol wo’zlikti an’law, ka’millikke jetisiw joli’ dep ko’rsetiledi.

Muhabbatsiz xaloyiqdin har kim qochsa,

Oriflarni suhbatida javlon qilur,

O’rtab, kuyib ishq yo’lida yashin sochsa,

Subhon egam arsh ustida mehmon qilur. ( 159 - bet )

Yassawiy de da’slepkilerden boli’p haqti’ su’ysen’, woni’n’ diydari’n ko’resen’ ha’m ma’slik jag’dayi’na tu’sesen’ dep keltirip wo’tedi.

Ishqga qadam qo’yganlar, Haq diydorin ko’rarlar,

Muso sifat mahsharda Haqdin savol so’rarlar,

Sarmast bo’lib vasfida hu zikrini ko’rarlar,

Arslon bobom so’zlarin eshitingiz tabarruk. ( 84 - bet )

A’jiniyaz suwfi’li’q ilimin ha’m wonin’ qag’i’ydalari’n jaqsi’ bilgen. Sonli’qtan, ha’r bir bendeni woni’n’ talaplari’na boysi’ni’wg’a shaqi’rg’an.

Haqni’n’ ha’mirini tutpayi’n,

Wo’z ka’sibin’nen pa’k qi’lmayi’n,

Ilimi ta’wsipti sezmeyin,

Men ha’m qulman deya yursen’. ( 59, 1988 )

Bunda shayi’r haqqa si’yi’ni’p, woni’n’ ha’mirine ko’nbesen’, sha’riyat joli’n tutpasan’, wo’zin’di qudanin’ quli’man dep sanama deydi. Ta’wsip ilimin tuqan suwpi’lar g’ana wo’zin qudanin’ quli’man dep sanawg’a haqi’li’ bolg’an.

A’jiniyaz qosi’qlari’nda da tasawwif ilimindegi ka’millikke jetisiw basqi’shalari’ haqqi’ndag’i’ tu’sininiklerdin’ de wori’n alg’anli’g’i’n ko’riwimizge boladi’. Joqari’da keltirilgen mi’salda shayi’r haqi’yqatqa jetisiwdegi birinshi basqi’shti’ na’zerde tutqan. Bul ta’wbe maqami’ boli’p, wonda haqti’ tani’ydi’, woni’n’ bar yekenligine isenip, suwfiylik joli’na tu’sedi. Yekinshi ma’nzil - vaara maqami’nda ruxsat yetilgen ha’m yetilmegen na’rselerden ti’yi’li’p, tek g’ana sha’riyatta ko’rsetilgen isler menen mashqul boli’wg’a shaqi’ri’ladi’. A’jiniyaz woni’n’ bir ko’rinisin “Yursen’” qosi’g’i’nda bi’lay ta’riypleydi:

Ayti’w - mayram go’zlegenin,

Toyda juwap izlegenin,

G’ybat so’zdi so’zlegenin,

G’i’ybat zinadin so’zleme. ( 59. 1988 )

G’i’ybat so’zlerdi so’ylew sha’riyatta qatti’ qaralang’an. Wol tasawiftin’ basli’ ideyalari’ni’n’ biri na’psi haqqi’nda da toqtali’p wo’tken. Yassawiy hikmetlerin woqi’p qarasaq, wolarda da shayi’rdin’ na’psini ti’yi’w kerekligi , woni’n’ jaman illet yekenligi haqqi’ndag’i’ ayti’lg’an ko’z qaraslari’n ko’remiz.

Ha’r kim suwpi’ bolsa , na’psi kem bolur,

Kewli wo’lip, hali’y jayda gu’m bolur,

Na’psi wo’lmese yigit bilan ten’ bilur,

Yana taat – ibadati’ bolmasa. ( 85. 1988)

Usi’ mi’salg’a teren’ na’zer awdarayi’q. Birinshi qatarda shayi’r suwpi’li’q joli’n tutqan adam na’psin ti’ysa’, woni jen’edi dep ko’rsetse, keyingi qatarda “ kewli wo’lip” , yag’ni’y kewlinen barli’q g’i’ybatlardi’ , jaman pasi’q woylardi’ shi’g’aradi’ ha’m “ hali’y jayda” ( suwfiylerdin’

haqqa si’yi’nip, wog’an ta’wbe keltiretug’i’n wo’z worni’, meshiti, xanahaqlari’ ) haqqa si’yi’ni’p, woti’radi’, al yeger taat - ibadat qi’lmasa, wonda na’psin hesh waqi’tta ti’ya almaydi’ dep ko’rsetedi.

Joqari’da keltirilgen muhabbat arqali’ haqqa jetisiw , tariyxattag’i’ maqamlardi’ wori’nlaw sha’rtleri haqqi’nda ayti’lg’an barli’q pikirler Yassawiy hikmetlerindegi basli’ ideyalar yesaplanadi’. A’jiniyaz usi’ ideyali’q da’stu’rdi wo’z poeziyasi’na arqaw yetip alg’an.

Bunnan basqa Yassawiydin’ ha’m A’jiniyazdin’ lirikasi’nda tematikali’q uqsasli’q ta bar. Mi’sali’, Yassawiy suwfiylik ideyalari’n muhabbat ha’m didaktikali’q temalarda berse, A’jiniyaz da ayi’ri’m ashi’qli’q lirikasi’ ha’m didaktikali’q qosi’qlari’nda tasawwif ilimi ideyalari’n sa’wlelendiredi. Mi’sali’, A’jiniyazdin’ “ Yoq menin’”, “ Bir pa’riy”, “ Bir janan”, “ Yol bolsi’n” qosi’qlari’ tematikali’q jaqtan haq ishqi’si’n ji’rlawshi’ muhabbat qosi’qlari’ yesaplanadi’. Wolarda qi’z obrazi’n, woni’n’ hu’sni - ko’rkin ta’riyplegen bolsa da, hasli’nda wol haqti’n’ ko’rinisi, muriydtin’ haqqa jetisiw u’mitindegi ahi’w - zari’ boli’p tabi’ladi’. “ Yoq menin’” qosi’g’i’n tali’qlap wo’teyik. Shayi’r qosi’qti’n’ da’slepki shuwmag’i’nda sa’wer yardi’ ( haq ) ta’riypleydi. Son’ ani’ ko’rgende du’nyani’n’ bar ta’shwishlerin umi’ti’p, woni’ wo’zine yen’ jaqi’n si’rlasi’ dep biledi.

Seni ko’rsem bolur menin’ ko’n’lim shad,

Jahanni’n’ g’amiydi’n bolurman azad,

Na’zakat babi’nda qa’ma’ti shamshad,

Sendin wo’zge u’lfikari’m yoq menin’. ( 72 - bet. 1988)

Yassawiy hikmetlerinin’ shayi’r tvorchestvosi’na jasag’an ta’siri woni’n’ qosi’q qatarlari’n quri’w ta’rtibinde, wolardi’n’ isshen’ qurallari’

bolg'an so'zlik materiallardi' tan'lawi'nda ha'm wolardi' emociyali'q sezimlerdi woyati'w ushi'n qollani'wi'nda ko'rinedi.

A'jiniyaz obraz jasaw sistemasi'nda uli'wma shi'g'i's jazba a'debiyati' menen bir qatarda Yassawiy qollang'an ko'rkemlew usi'llari'n da ken' tu'rde paydalang'an. To'mende solardi'n' ayi'ri'mlari'n mi'sal si'pati'nda keltirip wo'temiz.

Yassawiy poeziyasi' usi'llari' ha'm qurallari'n shayi'r quday obrazi'n jasawda sheber paydalandi'.

La'yli, Zuhra, Sa'nem yan'li' su'wreti,

Tuwbi ag'ashi'na megzer qa'mati',

Ah degende shi'qqan ag'zi'ni'n' woti',

Won sa'kkiz mi'n' a'lem yaqti' da ketdi. ( " Bir janan" 78. 1994 )

Qi'z ( haq ) obrazi'n ha'm lirikali'q ashi'qti'n' obrazi'n beriw ushi'n " Ah degende shi'qqan ag'zi'ni'n' woti', won sa'kkiz mi'n' a'lem yaqti' da ketdi" qatarlari'n qollanadi'. Bunday giperbolali'q su'wretlew ko'birek da'stanlarg'a ta'n qa'siyet bolsa da, jazba a'debiyattag'i' , soni'n' ishinde Yassawiy do'retiwshiliginde haqti'n' qanshelli qu'diretli yekenligin , wog'an ashi'qlardi'n' i'shqi' da wo'tkirligin bildiriw maqsetinde qollani'latug'i'n qatarlar ushi'rasadi'.

Oshig'larga berdi ishqin kuydurgali,

Zulayxodek qaddin duto qildirg'ali. ( 162 - bet )

Mashuqiga etmak uchun bag'ri kabob,

Ruhlarini g'izosidur changi rubob,

Ohi cheksa etti iqlim vayron qilur. ( 163 - bet )

Qi’zdin’ sonshelli go’zzalli’g’i’, husni - jamalinin’ ku’ydirerlik si’pti’ Yassawiyde ku’shli ta’riyplenedi ha’m haqqa ashi’q bolg’an suwpi’lar woni’n’ i’shqi’nda “ah shekse, jeti i’qli’m wayran boladi” dep ta’riyplenedi. A’jiniyaz da qi’zdi’n’ kelbetin, woni’n’ suli’wli’g’i’n ta’riyplewshi bul qatarlardi’ wo’z shi’g’armalari’nda da’stu’r tuti’p iske saladi’.

Lirikali’q qaharmanni’n’ psixologiyali’q halati’n, ishki keshirmelerin beriwde shayi’r Yassawiydin’ da’stu’r usi’llari’n ken’nen paydalang’anli’g’i’n ko’remiz. Ashi’qti’n’ yar dep ku’yip –jang’an halati’n su’wretlewde obrazli’li’q ma’ni bildiriwshi “ i’shqi’ woti’ ko’zde yashi’, aqi’l - huwshi’” ha’m tag’i’ usi’ si’yaqli’ obrazli’li’q tu’siniklerdi jiyi qollanadi’.

Men woni’n’ i’shqi’nda boldi’m biyqarar,

Aqli’ – huwshi’m ali’p ketti shul pa’riy. ( “ Bir pa’riy” 74 – bet )

Jismimdi wo’rtedi dag’i’ - hijrani’,

Ko’zde yashi’m to’kip ketti shul pa’riy.

G’a’mza bila’n baqi’p aytqan ka’lami’,

Tamam ustixani’m yaqti’ da ketdi. ( 78 – bet)

Soni’n’ menen qatar, A’jiniyaz lirikasi’nda stillik wo’zgeshelikler de ko’zge taslanadi’. Woni’n’ qosi’qlari’ Ku’nxoja, Berdaq lirikasi’ tilinen biraz wo’zinshelikke iye. A’jiniyaz wo’z shi’g’armalari’nda arab - parsi’ tilinen kirip kelgen so’zlerdi jiyi qollanadi’. Shayi’r ko’birek Shi’g’i’sqa ta’n kitabi’y stildegi janrlarda jazg’an. Wolardan didaktikali’q janrdag’i’ qosi’qlari’nda shayi’rdi’n’ wo’z - wo’zine ha’m basqalarg’a qarata u’git - na’siyat , aqi’l ayti’w si’yaqli’ usi’llar Yassawiy hikmetlerinde jiyi qollani’lg’an stillik usi’llardan boli’p, A’jiniyaz wolardan u’lgi alg’ani’

ko'rinedi. Mi'sal retinde yeki shayi'rdi'n' da shi'g'armalari'n qatar ali'p, sali'sti'ri'p tallap wo'temiz.

A'jiniyaz der g'i'ybat so'zdi so'yleme,

U'rd yetip g'i'ybatti' wo'zin' izleme,

Qoy so'zin'di bunnan arti'q so'yleme,

Bunnan ko'p so'ylesen' so'zin' zan' bilur. ( " Yigitler" 96. 1994 )

Yamasa:

G'a'rip Ziywar qi'lma giryan,

Haq wo'zi bolg'ay mehriban,

Qusharsan' hu'r ila' g'ulman,

Ja'nneti rizwan ishinde. ( " Maydan ishinde" 32. 1994 )

Bul shayi'rdi'n' wo'zine qarata ayti'lg'an na'siyati' boli'p, bunday usi'l Shi'g'i's poeziyasi'nda ken'nen tarqalg'an. A'sirese, Yassawiy adamlardi' tuwri'li'q joli'na sali'wda, jaqsi'li'qqa iytermelewde bunday usi'ldi' hikmetlerinde ju'da' ko'p qollang'an. Wo'z - wo'zine qarata u'git – na'siyat ayti'w aldi'n'g'i' bo'limlerde atap wo'tkenimizdey, malomatiya usi'li'na jaqi'n usi'l sanaladi'. Joqari'da keltirilgen qatarlar stillik ha'm janrli'q wo'zgesheligi boyi'nsha Yassawiy hikmetlerin yeriksiz yeske saladi'.

XIX a'sir qaraqalpaq shayi'rlari' maqtaw janri'ndag'i' shi'g'armalar do'retiw menen bir qatarda zaman qi'si'wmeti, zuli'mli'q, ha'siretke toli' wo'mirin sa'wlelendiriwshi nali'sh mazmuni'ndag'i' qosi'qlardi' da jazg'an. Bunday qosi'qlar qatari'na Ku'nxojani'n' " Ko'zim", " Ko'rinbes", "A'rmanda", " Ku'n qayda" , " Qashan ko'rermen", Berdaqti'n' " Wo'mirim", " Bolg'an yemes", " Pana ber", " Ayrali'q", A'jiniyazdi'n' " Bolur", "Da'wran bolmadi'", " Quba qush", " Qashqash", " Ko'zlerim" ha'm basqa

da qosi’qlari’ kiredi. Wolarda shayi’rdi’n’ a’dalatsi’z yel basqari’wshi’lari’na bolg’an narazi’li’q keyipleri berilgen. A’jiniyazdi’n’ joqari’da ati’ atalg’an nali’sh qosi’qlari’nda lirikali’q qaharmanni’n’ basi’nan keshken turmi’s ta’shwishleri so’z yetiliw menen bir qatarda, wo’zine jol ko’rsetken su’yikli ustazi’nan ayri’lg’ani’na qatti’ qayg’i’ri’w, ha’siretli sezimleri beriledi.

Piyrin joqlaw motivi shayi’rdi’n’ “ Quba qush”, “ Qashqash”, “Ko’zlerim”, “ Da’wran bolmadi’” qosi’qlari’nda jaqsi’ berilgen. Wolarda xali’q poeziyasi’ da’stu’rleri menen birge ta’sawwif ta’limati’na ta’n da’stu’r izlerin de ko’riwimizge boladi’. Suwfiylik poeziyasi’nda da’rwishtin’ wo’zine mu’na’sip ustazg’a yeriwi, joli’n tuti’wi’, wonnan ayri’lg’anda joqlaw , qayg’i’ri’w si’yaqli’ motivler ko’rkem poetikali’q obrazlar mi’sali’nda sa’wlelendirilgen. Mi’sali’, Yassawiy wo’z hikmetlerinde suwfiylik joli’n may ( sharap) , al bul jolda menmenlikten quti’li’wdi’ topi’raq poetikali’q obrazi’nda tu’sindirgen. A’jiniyazdi’n’ “Qashqash” qosi’g’i’nda ti’msali’y ha’m ra’mziy obrazlar sanalg’an ko’knar mi’sali’nda suwfiylik joli’, tasawwif ilimi haqqi’nda jazi’lg’an. Suwfiylik poeziyasi’nda ma’y, ko’knar, sharap si’yaqli’ na’sheli ishimlikler simvolikali’q ma’nige iye boli’p, wol suwfiylik ilimi ni’shani’ sanalg’an. A’jiniyaz qosi’qalari’nda pikirdi astarli’ ha’m wo’tkir yetip jetkeriwde usi’ da’stu’rlik usi’ldi’ qollang’an.

“ Qashqash” qosi’g’i’nda lirikali’q qaharmanni’n’ suwfiylik joli’n izlep, dag’adri’sqa tu’sken halati’ berilgen. Wonda ilim si’rlari’n iyelegen muriyd yendigi jag’i’nda ta’wbege kelip, suwfiylik joli’n tuti’wdi’ maqset yetken, degen menen wog’an barar joldi’, ma’nzildi taba almag’anli’g’i’ ayti’ldi’.

Ya ilahiy a’da boldi’ qashqashi’m,

Izlesen’ tabi’lmas dag’ arasi’nda ,

Yashli'g'i'mnan ha'mra bolg'an yoldashi'm,

Sen ma'yus a'ylama xali'q arasi'nda.

Shayi'r qosi'qta " yeger kimde - kim bul maydan tatsa, ilmi hal maqami'na jetip, haq diydari'n ko'redi" dep na'siyatlaydi'.

Ha'r kimsa bul ma'ydan a'gar tati'ptur,

Aqshami'nda diydar ku'tip yati'pdur,

Ilmihaldi' ilmihalg'a sati'pdur,

Go'hiqaf aylanur dem arasi'nda.

Qosi'qta qollani'lg'an ma'y - suwfiylik ilimi, al ko'knarshi' - haqli'q joli'na tu'sken muriyd obrazi'. Shayi'r ko'knari'n izlegen ko'knarshi'ni'n' tilinenen suwfiylik joli'na tu'spekshi bolg'an muriydtin' hali'n bayanlaydi'. Yassawiy ma'y ra'mziy obrazi'n qollani'w arqali' ilahiyat ilimin ha'm wog'an kirgenin aytadi'.

O'ttiz uchda soqiy bo'lib may ulashdim,

Jomi sharob qo'lg'a olib to'ya ichdim. ( 60 - bet )

Bul mi'salda saqi'y ha'm ma'y - piyir menen tasawwif ilimi ra'mzi. Wonda Yassawiy ma'g'riypet ilimin iyelep, woti'z u'sh jasi'nda piyir bolg'ani'n ha'm muriydlerine suwfiylik ma'yin ( ilim ) ishirgenin aytadi'.

A'jiniyaz ma'y, ko'knar ishimliklerin ra'mziy usi'lda qollang'anda wo'zinen aldi'n'g'i' Shi'g'i's klassikleri do'retiwshiligine mu'ra'jat yetedi, suwfiyik poeziyasi'ni'n' wa'kili Ahmad Yassawiydin' joli'n tutadi'. Bunnan basqa A'jiniyazdi'n' ayi'ri'm qosi'qlari'nda Yassawiy da'stu'rleri sintezi ko'zge taslanadi'. Bul ,a'sirese, janr quri'w ha'm obraz jasaw usi'llari'nda bayqaladi'. Mi'sali', shayi'rdi'n' " Quba qush", " Ko'zlerim", "Da'wran bolmadi'" si'yaqli' qosi'qlari'nda lirikali'q qaharmanni'n'

piyirinen ayi'ri'li'p qalg'andag'i' qayg'i'li' halati' qus, ko'z, saz ra'mziy obrazlari'nda su'wretlenedi. Mi'sali', " Quba qush" qosi'g'i'nda tuwra ma'nisinde qusti'n' jog'ali'p ketiwi haqqi'nda ayti'lmag'an. Wonda lirikali'q qaharmannin' ( muriyd) piyrinen ayri'li'w ha'm woni' joqlaw motivi berilgen. Qosi'qti'n' qi'sqasha syujetinde an'shi'ni'n' yen' jaqi'n an'larda birge ali'p shi'g'atug'i'n quba qusi'n " shum qara qush" quwi'p ketedi ha'm ko'zden g'ayi'p boladi'. Na'tiyjede, qusi'nan ayri'li'p qalg'ani'n bilgen an'shi' "yurek bag'ri'n wotqa dag'lap, wo'lgenshe istab sorag'laydi'", woni' izleydi.

Seni quwdi' shum qara qush,

Quti'lay desen' bir yelge tu'sh…

Kettin' ko'zden g'ayi'p boli'p,

Kelha' - ha', quw - quw, quba qush!

Suwfiylik poeziyasi'ni'n' tiykarshi'si' Yassawiy ustazi'n qus obrazi'nda su'wretlewdi da'slepkilerden boli'p baslap bergen bolsa, woni'n' izin dawam yettirgen shayi'rlar wol qollang'an da'stu'rlik usi'ldi' paydalang'an. Yassawiy ustazi'n "sun'qar qus" ti'msali'y obrazi'nda ta'riypleydi. Shayi'rdi'n' su'yikli piyrin joqlaw motivine quri'lg'an hikmetlerinde avtordi'n' negizgi ideyasi' jasi'ri'ng'an.

Ayo do'stlar, shunqor qushum uchurdum man,

Qanot qoqib qaysi taraf ravon bo'ldi.

Ayoq bog'in mahkam tutmay qochurdum man,

Silab - siyfab tobin tobmay uchurdum man,

Nadomatda qoldi umrum kechurdum man,

Emdi maning ishim ohu fig'on bo'ldi.

A'jiniyazdin' joqari'da keltirilgen qosi'g'i' menen Yassawiydin' qosi'g'i'n sali'sti'ri'p tallasaq, yeki qosi'qti'n' syujeti de ku'ta' uqsas yekenligi ko'rinedi. Yeki qosi'qta da qusi'n ushi'rg'an mergennin' albi'rawshi'li'qqa tu'sken halati' to'mendegishe ta'riyplengen:

Seni diyub Ziywar ag'lar,

Yurek - bag'ri'n wotqa dag'lar.

So'ro'g' so'rsam topilg'aymu o'shal qushum?

Hasratinda tinmay oqar ko'zda yoshim.

Piyrin joqlaw motivi A'jiniyazdi'n' basqa da qosi'qlari'nda ko'rinedi. Muxammes janri'nda jazi'lg'an "Ko'zlerim" qosi'g'i' syujetinde ko'zlerinen ayri'li'p qalg'an lirikali'q qaharmanni'n' nali'shi' berilgen.

Yendi sennen ayri'li'p, ne kesher hali'm menin',

Digir - dashi'm ba'nt boli'p, bati'l bolur yoli'm menin',

Qawmi - qardashi'm tani'may jat bolur yelim menin',

Yekisi kem yellige kelip qaytti' i'g'bali'm menin',

A'lwidag'lap kettin' mennen ha'rne bari'm, ko'zlerim. ( 191. 1975)

Qosi'q mazmuni'nda ra'wshan ko'zler ti'msali'y ma'nige iye. Wol suwfiylik ilimin u'yretiwshi muriydtin' obrazi' sanaladi'. " Shayi'r ka'mil insan da'rejesine yerisiw ushi'n ka'mil piyirge qol bergen, wonnan ta'lim alg'an, ilahiyat ilimlerinin' si'rlari'n u'yrengen muriydtin' lirikali'q obrazi'n beredi."[45]

Juwmaqlap aytqanda, A'jiniyaz Shi'g'i's poeziyasi' da'stu'rlerin u'yreniw arqali' wo'z da'wirinde qaraqalpaq a'debiyati'n tematikali'q,

[45] Жәримбетов Қ. Ашық Зий□ар. Нөкис. « Билим», 1998. Б. 29

formali'q jaqtan , sonday – aq janrli'q, stillik, tillik, obraz jasaw usi'llari' jag'i'nan da bayi'tti'. Suwfiylik iliminde wo'z aldi'na mektep sanalg'an yassawiya mektebinin' ideyalari'n dawam yettiriwshisi bolg'an desek te boladi'.

# Juwmaq

Juwmaqlap aytqanda, shi’g’i’s klassikali’q a’debiyati’ni’n’ sufist shayi’ri’ Ahmet Yassawiydin’ hikmetleri XIX a’sir qaraqalpaq shayi’rlari do’retiwshiliginde tiykarg’i’ a’debiy da’rek wazi’ypasi’n atqardi’ ha’m lirikani’n’ rawajlani’wi’na wo’z ta’sirin tiygizdi. Biz izertlew jumi’si’mi’zda XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’nda Ahmet Yassawiy da’stu’rlerinin’ qollani’li’wi’n bu’gingi a’debiyattani’w ilimi mi’sali’nda u’yrengen halda to’mendegishe juwmaqqa keldik:

1. XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’n izertlep qarag’ani’mi’zda, woni’n’ rawajlani’wi’nda awi’zeki a’debiyat da’stu’rleri menen bir qatarda jazba a’debiyat da’stu’rleri a’hmiyetke iye bolg’anli’g’i’ ma’lim boldi’.
2. Bul da’wir poeziyani’n’ ideya - tematikali’q, janrli’q, formali’q jaqtan jetilisiwinde shi'g'i's poeziyasi' ha’m suwfiylik ta’limati’ ayri’qsha wori’n iyeleydi.
3. Klassik shayi’rlari’mi’z shi’g’i’s poeziyasi’nan kirip kelgen janrlarg’a da’stu’riy temalardan ti’sqari’ jan’asha mazmun, yag’ni’y sufiylik ideyalari’n da sin’dirdi.
4. Wolar Yassawiy da’stu’rlerin didaktikali’q ha’m ashi’qli’q mazmuni’ndag’i’ qosi’qlari’ mi’sali’nda xali’qqa jetkergen.
5. Ku’nxoja ha’m Berdaq shayi’rlar tasawwif ta’limati’ndag’i’ da’rwish a’dep - ikramli’li’g’i’, haqqa ashi’q boli’w ma’selesin didaktika janri’nda bergen bolsa, A’jiniyaz shayi’r yeki usi’lda: didaktika ha’m ashi’qli’q janri’nda ji’rladi’.
6. Ku’nxoja Yassawiy baslap bergen qit’a janri’n transformaciya-lag’an halda aruz sistemasi’na jaqi’nlati’p qit’ayiy, murabba formalari’nda shi’g’armalar jazi’p, woni’n’ da’stu’rin dawam yettirgen.

7. XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’nda wo’zbek a’debiyati’nda da’slepkilerden boli’p tiykar salg’an Yassawiydin’ murabba formasi’ jiyi qollani’lg’an.
8. Qaraqalpaq klassikali’q lirikasi’n mazmunli’q, formali’q jaqtan izertlep qarasaq, woni’n’ qa’liplesiwinde shi’g’i’s poeziyasi’ da’stu’rleri ta’siri ku’shli yekenligi ko’rinedi. Solardan ayi’ri’mlari’ Yassawiy do’retiwhiligi arqali’ da’stu’r si’pati’nda bir neshe shayi’rlar ta’repinen dawam yettirilgen.

# Paydalani’lg’an a’debiyatlar


1. Каримов И.А. Истиқлол ва маънавият. Тошкент. 1994.
2. Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йуқ. Тошкент. «Шарқ», 1998.
3. Karimov I.A. Joqari’ ma’nawiyat - jen’ilmes ku’sh. Tashkent. “Ma’nawiyat”, 2008.


## Ilimiy a’debiyatlar:


1. Абдулҳаким Шаръий Жўзжоний. Тасаввуф ва инсон. Тошкент. «Адолат»,2001.
2. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша – қарақалпақша тусиндирме сөзлиги. Нөкис. «Билим», 1994.
3. Атаниязова М, Ибрагимова Р. Тасаввуф ва мумтоз поэтика асослари. Нукус. «Қорақалпоқстон», 2013.
4. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988
5. Бертельс Е. Э. Сўфизм ва тасаввуф адабиёти. Тошкент. «Ўзбекистон Миллий энциклопедияси» Давлат илмий нашриёти, 2005.
6. Бертельс. Е.Э. Суфизм и суфийский литература. Москва.: 1965.
7. Бертельс. Е.Э. Сўфизм ва тасаввуф адабиёти. «Ўзбекистон миллий энциклопедияси » Давлат илмий нашриёти,2005.
8. Дәўлетова Г. Әжинияз поэзиясында дәстур ҳәм жаңашыллық. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2006.
9. Исмайлов Б. Кунхожаның өмири ҳәм творчествосы. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1961.
10. Жәримбетов Қ. Бердақ нәсиятлары – бизиң руўхый ғәзийнемиз. Нөкис. « Билим», 1998.
11. Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар. Нөкис. « Билим», 1998.

12. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасыны жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис. «Билим», 2004.

13. Комилов Н. Тасаввуф. Биринчи китоб. Тошкент. «Ёзувчи», 1996.

14. Комилов Н. Тасаввуф. Тошкент. «Movanounnahr»
- «O'zbekiston», 2009.

15. Мәмбетов К. Әжинияз. Нөкис. « Билим», 1994.

16. Муртазаев А. Шайырдың муҳаббаты. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1988.

17. Nazarov B. Tasavvuf adabiyoti janrlari. Toshkent . " Mumtoz so'z", 2009.

18. Носиров О., Жамолов С., Зиёвиддинов М. Ўзбек классик шеърияти жанрлари. Тошкент. "Ўқитувчи", 1979.

19. Өтеўлиев И. Бердақ поэзиясының миллий көркемлик сағалары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1998.

20. Umurov H. Adabiyotshunoslik nazariyasi. Toshkent. " A.Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti", 2004.

21. Ўзбекистон миллий энциклопедияси. 8 – жилд. «Ўзбекистон миллий энциклопедияси » Давлат илмий нашриёти,2004.

22. Пахратдинов Ә, Әбдиев А. Бердақ шайыр шығармалары бойынша библиографиялық көрсеткиш. Нөкис.1999.

23. Пахратдинов Ә.Бердақ шайыр творчествосының жыйналыў,басып шығарылыў ҳәм изертлениў тарийхынан. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1990.

24. Сагитов И. Саҳра булбули. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1974.

25. Sirojiddinov Sh. Islom falsafasiga kirish: Kalom ilmi. Toshkent. "Iqtisodiy - moliya", 2008.

26. Тўйчиев У. Адабий турлар ва жанрлар. 2 – жилд. Тошкент. «ФАН», 1992.

27. Ҳаққулов И. Аҳмад Яссавий.// Аҳмад Яссавий. Ҳикматлар. Тошкент. « Ғафур Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти», 1991.

28. Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсир қарақалпақ шайырлары . Нөкис. "Билим",1991.

29. Ҳомидий Ҳ.,Абдуллаева Ш., Иброҳимова С. Адабиётшунос-лик терминлар луғати. Тошкент. «Ўқитувчи», 1967.

30. Ҳомидий. Ҳ.Тасаввуф алломалари. Тошкент. «Шарқ» нашриёти – матбаа акциядорлик компанияси бош таҳририяти», 2009.

31. Фалсафа қомусий луғат. Тошкент. «Ўзбекистон файласуфлари миллий жамияти нашриёти», «Шарқ» нашриёти – матбаа акциядорлик компанияси бош таҳриряти», 2004.

## Ilimiy maqalalar:

1. Әлеўов Ө. Шылманова Г.Ж. Суфизм ҳәм Әжинияздың дуньяға көз – қарасы. // « Вестник», 1999. № 4- 5.

2. Ашыров Д. Бердақтың фана концепциясы.// «Вестник»,2004. № 3-4.

3. Нодирхон Ҳасан. Аҳмад Яссавий ҳикматларининг тили ҳақида. // «Ўзбек тили ва адабиёти», 2013. №4.

4. Султонмурод Олим. Тасаввуф ва ижтимоий - сиёсий фаоллик. // « Халқ сўзи», 2003. 25- декабрь.

5. Ўтаўлиев И. Хожа Аҳмад Яссавий ва Ҳожиниёз ахун дунёси. // « Жайҳун», 1999. № 1.

6. Ҳаққулов И. Аҳмад Яссавий.// Аҳмад Яссавий. Ҳикматлар. Тошкент. « Ғафур Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти», 1991.

7. Ҳаққул И. Навоий шеъриятида фано талхинлари. // «Ўзбек тили ва адабиёти», 2006. №1.

8. Ҳаққул И. Навоий шеъриятида ҳақ ва шахс муносабати // «Ўзбек тили ва адабиёти», 2013. №5.

9. Ҳамидов Ҳ. Қарақалпақ поэзиясындағы баслы дәстурлер ҳәм олардың дәреклери ҳаққында.// «Вестник», 1985. № 2.

10. Эшонбобоев А. Хорижлик Яссавийшунос.// «Ўзбекистон адабиёти ва санъати», 2004. 10 – сентябрь. № 36.

## Ko'rkem a'debiyatlar:

1. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. Нөкис. « Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы», 1973.

2. Әжинияз.Таңламалы шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1994.

3. Бердақ. Сайланды шығармалары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 1997.

4. Кунхожа . Ел менен. Нөкис. Қарақалпақстан. 1984

32. Яссавий Хўджа Аҳмад. Девони ҳикмат . Тошкент. « Ғафур Ғулом номидаги нашриёт – матбаа бирлашмаси», 1992

33. Яссавий Хўджа Аҳмад .Ҳикматлар. Тошкент. « Ғафур Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти», 1991

**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIM BERIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

Magistratura bo’limi Magistrant: Mamutova N

Kafedra: “ Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’ ha’m folklori’”

Ilimiy basshi’ : Ja’rimbetov Q

Woqi’w ji’li’: 2012-2013/ 2013-2014 Qa’nigeligi: “A’debiyattani’w”

# Nargiza Mamutovani’n’ “ XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’nda Ahmet Yassawiy da’stu’rleri” degen magistrlik dissertaciyasi’

## Annotaciyasi’

**Temani’n’ aktualli’g’i’:** XIX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’na islam du’nyasi’nda ken’ tarqalg’an sufizm ag’i’mi’ ta’sirin ha’m usi’ ag’i’mni’n’ iri wa’killerinin’ biri Yassawiy poeziyasi’ da’stu’rleri ko’rinislerin u’yreniw.

**Jumi’sti’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’:** Yassawiy hikmetleri menen XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ klassikleri shi’g’armalari’ni’n’ wo’z ara baylani’si’n , ideyali’q uqsasli’g’i’n sali’sti’rmali’ tu’rde analizlep shi’g’i’w. Usi’ maqsetti a’melge asi’ri’w ushi’n Yassawiy ta’limati’ menen tani’si’p shi’g’i’w, woni’n’ hikmetlerinin’ tili, obrazlar sistemasi’, motivlerdin’, ko’rkemlik usi’llardi’n’ XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’nda qollani’li’wi’n u’yreniw boli’p tabi’ladi’.

**Jumi’sti’n’ obiekti ha’m predmeti:** XIX a’sirdegi sufiylik lirikasi’ da’stu’rleri jumi’si’mi’zdi’n’ obiekti, al izertlew predmeti retinde XIX a’sir

qaraqalpaq shayi’rlari’ Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaqlardi’n’ lirikali’q shi’g’armalari’ ali’ndi’.

**Izertlew usi’llari’:** Dissertaciyada tiykari’nan tariyxi’y – filologiyali’q, sali’sti’rma – tipologiyali’q ha’m ko’rkem – a’debiy analiz usi’llari’nan paydalani’ldi’.

**Izertlew na’tiyjelerinin’ ilimiy jaqtan jan’ali’q da’rejesi:** XIX a’sirdegi qaraqalpaq lirikasi’nda Ahmet Yassawiy suwfiylik poeziyasi’ da’stu’rlerinin’ qollani’li’wi’ birinshi ma’rte sistemag’a tu’sirilgen halda ha’r ta’repleme u’yrenildi.

**Izertlew na’tiyjelerinin’ a’meliy a’hmiyeti ha’m usi’ni’li’wi’:** Izertlewdin’ teoriyali’q juwmaqlari’nan qaraqalpaq klassikali’q poeziyasi’n u’yreniw ushi’n arnawli’ kurslar, woqi’w qollanbalar du’ziwde paydalani’w mu’mkin.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’ ha’m qurami’:** Jumi’s kirisiw, 3 bap, bir neshe bo’limlerden, juwmaq ha’m a’debiyatlar diziminen ibarat. Jumi’sti’n’ uli’wma ko’lemi 80 betti quraydi’.

**Jumi’sti’n’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri:** XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’nda Yassawiy poeziyasi’ni’n’ ideya - tematikali’q da’stu’rleri ko’rinisleri, ko’rkemlew qurallari’ni’n’ qollani’li’wi’ ha’r ta’repleme u’yrenildi.

**Juwmaq ha’m usi’ni’slardi’n’ qi’sqasha uli’wmalasti’ri’lg’an si’patlamasi’:** XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’na Shi’g’i’s klassikali’q lirikasi’ni’n’ ta’sirin u’yreniw, soni’n’ ishinde Yassawiy suwfiylik ta’limati’ da’stu’rlerinin’ qollani’li’wi’n izertlep shi’g’i’w yen’ aktual ma’selelerdin’ biri sanaladi’.

**Ilimiy basshi’: Filologiya ilimleri doktori’,prof, Q.Ja’rimbetov**

**Magistratura studenti: Nargiza Mamutova**